MAX

7

2012



НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

Главный редактор

Ахсар КОДЗАТИ

Редакция

Ответств. секретарь, проза – Борис ГУСАЛОВ
Поэзия, драматургия – Казбек МАМУКАЕВ

Общественный совет

Руслан БЗАРОВ, Гриш БИЦОЕВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ,
Станислав КАДЗАЕВ, Елизавета КОЧИЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2012

МАХ ДУГ

7

2012

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

Сæйраг редактор

ХЪОДЗАТЫ Æхсар

Редакци

Бæрнон секретарь, прозæ – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи, драматурги – МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

Журналы æхсæны уынаффæдон

БЗАРТЫ Руслан, БИЦЪОТЫ Гриш, ДЗАНТИАТЫ Анатоли,
КОСТЫ Лизæ, КЪАДЗАТЫ Станислав, КЪУСРАТЫ Анатоли,
ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2012

НОМЫРЫ ИС:

АГЪНАТЫ Гæстæн. **Темыры кæстæр чызг.** Роман 5

БРЫТЪИАТЫ Аслæнбег. **Дæттæ фурдмæ тындзынц.** Æмдзæвгæтæ 76

ГУСАЛТЫ Барис. **Æви?** Радзырд 80

ЦХУЫРБАТЫ Сергей. **Ирон цагъдмæ хъуыстон.** Æмдзæвгæтæ 107

«МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ 109

ЛИТЕРАТУРÆЙЫ ФАРСТАТÆ

ЦОПАНТЫ Ритæ, ПЕКАТЫ Надеждæ. **Синонимтæ Джыккайты Шамилы æмдзæвгæты.** Уац 120

АИВАД, КУЛЬТУРÆ

Еленæ ТОЛОКОННИКОВА. **Актеры хъысмæт.** Уац 128

АРВИСТОН 134

Журналы авторты хъуыдытимæ редакци алкæд разы нæ вæйиы

АГЪНАТЫ Гæстæн

ТЕМЫРЫ КÆСТÆР ЧЫЗГ*

Роман

Что не излечивает лекарство, то излечивает железо; что не излечивает железо, то излечивает огонь; что не излечивает огонь, то излечивает смерть.

Гиппократ

Мы не желаем понять, что Россия переживает в первую очередь не политический и не экономический кризис, а кризис духовный.

Б. Миронов

31-æм августмæ ма баззад 33 боны.
29-æм июль. Æртыццæг. 2009 аз.

Жаннæ райхъал, фæлæ йæ йæ хуыссæнæй сыстын нæма фæнды. Æмæ æдде, фыруазалæй дæндæгтæ гæрцц-гæрцц куы фæкæнынц, кæрæдзи куы нæуал фæахсынц, уазал рудзгуыты æвгтыл æхсæвы цыдæр æнахуыр нывтæ куы скæны, ахæм зымæг куы уаид, фæлæ сæрд – йæ тæккæ тæмæны: йæ дыккаг мæй ацæуынæввонг къæсæргæрон лæууы. 29 июль. Чызгæн йæ цæстытыл цы уазал зымæг ауад, цыма Ирыстоны ахæм хъызтытæ никæд уыд, афтæ йæм кæсы.

Хæсты фæстæ, мад æмæ ма фыд æрыгæттæ куы уыдысты, уæд, сæ ныхасмæ гæсгæ, бирæ уазалдæр уыд. Цъиутæ-иу бæлæсты къалиутыл баргъæфстысты, сæ хъæуы астæу-иу цæугæдон афтæ ныссалд, æмæ йæ уæлæ ихыл сугæй дзаг галуæрдæттæ æмæ бæхты бричкæтæ, сæ уæззау хъыррыст хъуыст, афтæмæй цыдысты.

* Мыхуыр æй кæнæм цыбыртæгондæй.

Чызджы буары риз ацыд, ælхысчъытæ кæнгæ йыл уазал уылæн куыд æрбакалд, уый хорз æнкъары, йе ‘ппæт буары дæр ахъардта. Æвиппайды сæрдæй хъысхъысгæнаг зымæгмæ бахауд. Зымæджы... Цас уазал вæййы æдде? Райхъал дæ, фæлæ цасдæр рæстæг цъынддзастæй хуыссыс, хъæццулы бын дæхи бануæрстай. Хæдзар – хъарм, тæвдгæнæныл дæ къух авæрдтай, уæд æй фæстæмæ аскъæф. Уæддæр дæ хъарм, фæлмæн хуыссæн йæхимæ ‘лвасы, йæхицæй дæ ратонын нæ уадзы. Ныр та – сæрд, азы рæсугъддæр афон, уæддæр Жаннæйы йæ хуыссæнæй сыстын нæ фæнды. Уæдæмæ зивæггæнаг у. Афтæмæй йæ мад «мæ арт-чызг» хоны. Цæй арт у? Зивæггæнаг. Цас у рæстæг? Тумбæчкæйыл йæ сахат æмæ уый райсынмæ, кæнæ телевизоры пультмæ йæхи байвазынмæ зивæг чи кæны, уый дын арт, дымгæ... Кæнæ дæ телефонмæ æркæс. Авд сахаты нæма у. Авд сахаты цалдæр минуты хъуаг куы вæййы, уæд фыд кæнæ мадæй исчи, дуар нæ базыхъхъыр кæндзæн, афтæмæй къæсæргæронæй æрбадзурдзæн:

– Жаннæ, нæ дын æрæджы кæны?

Уыцы цалдæр ныхасы йыл ихдоны æртæхтау не ‘ргæр-гæр кæнынц, йæ буар сæ уазалæй нæ нырризы, йæхимидæг сæ не ‘рбанцъылдтæ вæййы. Уыцы цалдæр ныхасы семæ æрбахæссынц фæлмæн, æхцон хъарм, цыдæр æбæрæг æхсызгондзинад. Æмæ чызг йæ мидбылты бахуды, йæ зæрдæйыл æнахуыр рухс тынтæ амбæлы. Уыцы цалдæр ныхасы вæййынц, мæнæ ныртæккæ куы сыста, уæд рудзынг уæрæх байгом кæндзæн, æмæ сæууон сатæг уæлдæф æрбаулæфдзæн, æрбахъæбыс æй кæндзæн, цыма мæнæ адæймаг у, цыма мæнæ йæ мад у, цыма йыл йæ мады фæлмæн хъарм къухтæ аныдзæвынц, цыма йæ йæ мад æрбахъæбыс кæны, афтæ. Æмæ чызг, мад, науæд фыдæй исчи кæд æрбадзурдзæн, уымæ æнхъæлмæ фæкæсы.

– Жаннæ... – мады фæлмæн, æхсызгон хъæлæс.

– Мамæ, сыстадтæн.

Æмæ сыстад. Тагъд-тагъд нæ акодта йæ дзаумæттæ: фæдисы чи цæуы, ахæм салдат нæу, мыййаг, фæлæ æнæхъуаджы райваз-байваз, схæц-ныххæц кæн, уый дæр нæ уарзы. Рудзынг уæрæх байтыгъта, йæ урсбуар цæнгтæ фæйнæрдæм аппæрста, цыма сæууон сатæг уæлдæфы хъæбыс кæны, уæлдæф та – уый. Кæрæдзиуыл цин кæнынц. Йе ‘хсæвхуыссæн цыбыр, тæнæг хæдон... цыма йæ уæлæ нæй. Худинаг. Цымыдисæй йæ цæстытæ йæхиуыл æрхаста. Зоны йæ, йæ хæдон йæ уæлæ и, фæлæ йæм

афтæ фæкаст. Æмæ йæхæдæг йæхицæй фефсæрмы. Ноджы... цыма йæм чидæр кæсы, цыма йыл кæйдæр цæстытæ аныдзæвынц, æрæнцайынц ыл. Зоны йæ: дунейыл æй йæхи йеддæмæ ничи уыны, уæддæр... Æмæ чызг фестъæлфыд, цæхгæр фæзылд æмæ йæ халат акодта, йæ сæхтæджытæ йын тагъд-тагъд авæрдта. Уыцы цæстытæ... Уæддæр сæ уыны. Цыма сæнт сау не сты, фæлæ куыддæр морæхуыз, фæлæ æнахуыр сыгъдæг, ирд, æрттивынц, цæхæры стъæлфæнты хуызæн сæ рухс стъæлфæнтæ хауы. Цыма дыууæ чысыл хуры сты, æмæ сæ тынтæ Жаннæйы буарыл æмбæлынц, сæ фæлмæн æхсызгон хъарм сын хаты. Йæ цæстытæ тартæ кæнынц æви... æви йæ зонд фæцыд? Йæ армытъæпæнæй йæ цæсгом амбæрзта. Уæддæр... уæддæр уыцы цæстытæ уыны. Æхсары цæстытæ. Гом рудзынгæй йæм кæсынц. Æмæ рудзынг æрбахгæдта. Уæддæр æм кæсынц. Æнхъæлдта: Æхсар æфсæрмыгæнаг læппу у, уымæй æфсæрмыгæнагдæр læппу ацы зæххыл нæма райгуырд, фæлæ ныр... Йæ цæстытæ йæм комкоммæ кæсынц, судзынц ыл. Цыдæр æгæнон ракæнон каст нæ кæнынц; фæлмæн рухс тынтæ сæ хауы. Уый... Диссаг! Æнахуыр диссаг. Æхсар... Æхсар рудзынгæй æрбагæпп кодта, æмæ Жаннæ фæцудыдта, йæ зæнгты цыдæр риз ацыд, йæ цæсгом судзы: Æхсар искуы ахæм ныфсхаст, ахæм къæйных разындзæн, уый æнхъæл никæд уыд. Цы хæстæг æм æрбацыд, цы хæстæг æм læууы! Йæ цуры læууы бæрзонд, тæнтъихæг, бæзджынæрфыг læппу. Æмæ Жаннæ йæхимæ кæсы уымæй бирæ къаддæр. Уый – аргъæутты уæйыг, уый та... Æхсар ын йæ армытъæпæнтæ йæ уæхсчытыл æруагъта æмæ чызг... цæуыннæ фестъæлфы, йæхи иуварс цæуыннæ аппары?

Жаннæ æдзæмæй læууы. Læппуйы армытъæпæнты æхсызгон, фæлмæн хъарм йæ уæхсчытыл, йæ дæллагхъуыр тайы, æмæ уый дæр ныртæккæ атайдзæн, фæдонзоныг уыдзæн.

Сæ фембæлдты... Цал хатты сæмбæлдысты? Нымадæй цалдæр хатты. Æмæ-иу ын Æхсар, хистæр кълæсты скъоладзаутæ, стæй та, университеты ахуыр кæнгæйæ, студенттæ, læппутæ æмæ чызджытæ фембæлгæйæ кæрæдзийæн куыд аба кæнынц – йæ русыл ын дæ рус авæр – афтæ аба кодта. Нæ! Уый ахæм ба нæ уыд. Æддаг бакастæй – ахæм. Æхсары былтæ русыл кæм андзæвынц, уым ссудзы. Æмæ Жаннæмæ афтæ фæкæсы: læппуйы былты хъарм, сæхимæ хæдзармæ куы бацæуы, уæддæр нæ атайы, былты æхсызгон фæд бæрæг фæдары æмæ йæм, мыййаг, фыд

æмæ мадæй исчи куы фæкомкоммæ уа, уæд... цы зæгъдзæн? Уаты айдæнмæ бакæсы: нæ! Йæ рустыл ницы фæд и. Уæддæр зæрдæ сонт гуыпп-гуыпп фæкæны, кæддæр йе ‘рдзон гаччы сбады. Мад æмæ фыд, сæ чызг лæппуимæ æмбæлы, уый базыдтой, уæд сын æхсызгон уаид. Тынг æхсызгон. Уый та... Æхсаримæ сæмбæлынц, уый зæгъын йæхицæн дæр æфсæрмы кæны. Ныййарджытæ йын фæсномыгæй æмбарын кæнынц: афон у йæ амонд ссарынæн. Мад ын фæстаг рæстæджы комкоммæ дæр фæзæгъы:

– Мæ чызг, алцæмæн дæр афон и, амонд ссарынæн дæр.

– Хорз, хорз, мамæ, – æмæ Жаннæ ныхас æндæрырдæм аздахы, науæд та æргом дзуапп ратты: – Æмæ, мæнæн дæр мæ афон куы æрхæццæ уа, уæд ссардзынæн мæ амонд.

Æхсар ын йæ къух куы райсы, æнахуыр фæлмæн ист, уæд чызг цæмæндæр ныфсæрмы вæййы. Йæ къух не суæгъд кæны, зæгъгæ, уæд ыл лæппу афтæ хæцид æмæ хæцид, æвæццæгæн æй сахат – дыууæ сахаты дæр уæгъд не суадзид. Æхсары къухæй ахæм æнахуыр тых фæцæуы, æмæ зæрдæ йæ гаччы нал вæййы: йæхимидæг фезмæлы, чызгæн йæ улæфтыл дæр фæзыны; цыма ферхæцдзæн, тагъддæр фæулæфы. Мæнæ ныр дæр... йæ улæфт йæ хъуыры бады. Æхсар æм афтæ хæстæг никуыма лæууыд, чысыл ма, æмæ дыууæ буары кæрæдзиуыл аныдзæвдзысты. Йæ армытъæпæнтæ, йæ уырзтæ чызджы дæллагхъуыр сæ хъарм фæд уадзынц. Комкоммæ йæм кæсы. Сæ фембæлдты йæм æдзухдæр афтæ фæкæсы, йæ цæстытæ дзы нæ фæисы. Фæлæ ныр... Æгæр къæйных каст æм кæны, йæ цæстытæ дзы ныхсынц, цыма, Жаннæйæн йæ зæрдæйы цы и, цы хъуыды кæны, уый базонынмæ хъавы.

– Нæ-æ! Æхсар, ды дæр мæ нал хъæуыс! Ацы дунейыл мæ ничиуал хъæуы! Ацы дунейыл мæ ницыуал хъæуы! – Æмæ чызг лæппуйы ассыдта. Нæ! Асхуыста! Æнæхатырæй. Цыма йын уый, ныббарæн, ныххатыргæнæн кæмæн нæй, ахæм цыдæр зын, цыдæр чъизидзинад ракодта.

Жаннæ йæ къæхты бынæй ныуулæфыд. Цыдæр уысм йæ гом урс цæнгтæ ауыгъдæй аззадысты, стæй йæ фæйнæфарс æдзардæй æрхаудтой. Йæ буары æнахуыр уазал риз ацыд, ныддыз-дыз кодта. Йæ риуыдзаг сулæфыд. Æхсызгонæй. Цыма уæззау уаргъ хаста æмæ уый йæ рагъæй ахауд. Æдзæмæй лæууы. Йæ былтæ йæ армытъæнæй амбæрзта. Чысыл раздæр, уæд йæхи-

мидæг ныхъхъæр кодта æви... Æвæццæгæн, æндæр мад æмæ фыдæй исчи йæ сонт хъæрмæ æрбазгъордтаид, чидæр дзы йæ цуры удаистай алæууыдаид. Ма тыхсæнт. Ма тыхсæнт. Уый зонгæ-зонын йæ мад æмæ йæ фыдæн зын не скæндзæн. Йæхи йеддæмæ ничи ницы зоны, æмæ никæд ничи ницы базондзæн. Базыл нæ ныддæлгоммæ уыдзæн æмæ хæкъуырццæй нæ кæудзæн. Нырма æгас у, адæймаг у æмæ йæ рохтæ не суадздзæн, йе 'нкъарæнты азары нæ бахаудзæн.

Чызг йæ мидбылтыхудгæ йæ уатæй рахызт. Йæ мад Маринæ газы пецы цур лæууы æмæ йæ райсомы фыццаг куыст – аходæн кæны. Йæ мады хуызæн хæрзад, адджын хæринаг ацы дунейыл иу сылгоймаджы къухтæй дæр нæма рацыд. Сыхы исты хабар, уæд æфсины номыл фыццаг уымæ бадзурынц.

Йæ фыд Темыр телевизормæ райсомы хабæрттæм кæсы. Политикон æмæ цæрæгойты тыххæй равдыстытæм уæлдай зæрдиагдæрæй фæкæсы. Нырыккон кинотæ æмæ концерттæ æвдисынц, уæд пульт æваст фелхъивы, цыма, уыцы равдыстытæ æмæ кинотæм иучысыл куы бакæса, уæд цыдæр бæллæх æрцæудзæн. Йæ къух ауигъы, телевизор ахуыссын кæны æмæ диваныл йæхи фæстæмæ ауадзы, кæнæ кæртмæ æнæдзургæйæ рацæуы. Æмæ йæ уæд зон: телевизорæй цы 'вдисынц, уыдонимæ æппындæр разы нæу. Хатгай йæхи нал бауромы æмæ хъуырхъуыргæнгæ, цыма искæимæ фæхыл кæны, афтæ фæзæгъы:

– Ацы телевизор адæмы, уæлдайдæр æрыгон фæсивæды, фесæфта.

– Уæ райсомтæ хорз, мамæ æмæ папæ.

Жаннæ алы райсом дæр, йæ уатæй куы рахизы, уæд, фидауы æви нæ, аив у æви нæ – йæ ныййарджытæн салам ратты. Чи зоны, уый кæмæдæр цыдæр къæбæда ми фæкæса, цыма ирон бинонты царды нæ фидауы, фæлæ уымæ, Жаннæмæ, хорз кæсы. Афтæ сахуыр æмæ...

– Фестадтæ, мæ чызг, – мад æм разылд, бахудт æм.

– Не 'ппæтыл дæр хорз райсомтæ кæнæд, – йæ фыды фæлмæн хъæлæс ыл æрбаузæлыд.

Чызг йæ куыстмæ, редакцимæ нæма цæуы. Скъолайы директор æмæ, скъола ног ахуыры азмæ цалцæг чи кæны, хъуамæ уыдонимæ сæмбæла: скъола ахуыры азмæ куыд цæттæ у, уый тыххæй йæ газетмæ æрмæг бацæттæ хъæуы. Йæ мад æм... йæ мад æм цыдæр лæмбынæг кæсы, йæ цæстытæ йыл æгæр афæстиат

вæййынц, цыма йæ цæмæйдæр бафæрсынмæ хъавы. Суанг ма сæ ваннæйы дæр йæхиуыл æнкъардта. Мæнæ та ныр дæр... сæрæй къæхтæм ыл йæ цæстытæ æрхаста.

– Мамæ, – чызг мады уæхскыл йæхи бауагъта, цыма гыццыл сывæллон у, афтæ йæ дæллагхъуырмæ йæхи нылвæста. Цымæ, ацы зæххыл мады хъæбысæй адджындæр исты ис? Жаннæйæн – ницы. Кæмдæр каст: цот сæ ныййарджыты бирæ куыд нæ уарзынц, фæлæ уæддæр ныййарджытæ сæ цоты куыд уарзынц, уыдон сын сæхи куыд снывонд кæнынц, уымæн абарæн ницæимæ ис. Уый цот бамбарынц, сæхæдæг ныййарджытæ куы свæййынц, уæд. Нæ, Жаннæ йæ ныр дæр æмбары.

– Жаннæ, – мад чызджы йæхимæ æрбалвæста, – цыдæр æнкъард дæ, цыдæр мæ ‘мбæхсыс.

– Нæ, куыд вæййын, афтæ дæн, ницы дæ ‘мбæхсын, – бахудт чызг. Æмæ дзы ницы æмбæхсы. Нæ, æмбæхсы дзы, æмæ мады зæрдæ уый æнкъары. Мады зæрдæ, дам, алцыдæр раздæр базоны, мады зæрдæйыл, дам, цæстытæ и. Æмæ уыцы цæстытæ, Жаннæ йæхæдæг дæр цы нæма уыны, æвæццæгæн, уый уынынц.

Темыр, хабæрттæ куы фесты, уæд сыстад æмæ цæхæрадонмæ йæхи айста.

– Æз фæцæуын, – чызг йæ хызыны бостæ йæ уæхскмæ баппæрста.

– Ницы та бахордтай.

– Дæхæдæг нæ фæзæгъыс, чызгыл бирæ хæрын нæ фидауы.

– О, фæлæ къофи æмæ дыууæ-æртæ печенийæ дæр цæрæн нæй.

– Хъулон уарзт кæй кæныс, уыцы чызг йæхи æххормаг нæ ныууадздзæн, – чызг дæр æмæ мад дæр бахудтысты.

– Æз хъулон уарзт никæй кæнын, иууылдæр мын æмхуызон стут.

– Кæныс, кæныс. Мæнæ мæн.

– Ацу мæ цурæй, къулбадæг.

Æмæ Жаннæ фæцæуы, гомдуары къæсæрæй ахызт, фæстæмæ æхсгæ каст фæкодта, æмæ цыдæр уысм мады цæстытæ æмæ йæ цæстытæ фæиу сты. Йæ мад ма тыхсæд. Æппындæр мацæуыл тыхсæд. Алцы дæр хорз у.

31-æм августмæ ма баззад 32 боны.
30-æм июль. Цыппæрæм. 2009 аз.

Знон Жаннæ йæ уацхъуыд цыдæр æнцонæн ныффыста. Æмæ цас стыр æрмæг у, стæй дзы диссагæй дæр цы и, фæлæ йæм уæддæр йæ зæрдæ æхсайы. Æмæ редакцимæ куыддæр бацæуа, афтæ ма йæ иу хатт бакæсдзæн. Сæхицæй редакцимæ æмæ фæстæмæ цал æмæ цал хатты ацыд ацы къахвæндагыл? Йæ куыстмæ байрæджыйæ тæрсы, уæд автобусы абады, фæлæ уый вæййы стæм хатт. Цалдæр минуты раздæр рацу æмæ æдыхстæй дæ бынатыл сæмбæлдтæ. Йе 'мкусджытæй чидæртæ, мæнæ сæ бæрнон секретарь, цыма йæ фæсте исчи сургæ фæкæны, афтæ лæфлæфгæнгæ æрбахæццæ вæййы, зыгуымы голладжы хуызæн фæлмæн бандоныл ныххауы. Жаннæ йын цалдæр хатты уайдзæф дæр бакодта: цы 'рцыд, дæ сызгъæрин рæстæгæй цалдæр минуты ратон, чысыл раздæр рацу æмæ дæхи удхарæй ма марай. Фæлæ сахуыр æмæ, цалдæр минуты ма байрæджы кæна, уымæн гæнæн нæй.

Жаннæ æрæджы кæнын нæ уарзы. Æрæджы чи кæны, цыма уыдон сæ ныхасæн хицау не сты, адæймаджы кæдфæнды дæр асайдзысты, кæдфæнды дæр ыл гадзрахатæй рацæудзысты, афтæ йæм кæсы. Скъолайы дæр, студентæй дæр, нымадæй байрæджы кодта цалдæр хатты. Æгæр ахæм бæлвырд-биноныг кæй у, уый, æвæццæгæн, бынтон аив нæу, уæлдайдæр та уый кары чызгæн. Йæ хорз æмбæлттæй йæ уый тыххæй чидæртæ суанг немыцаг дæр схуыдтой. Хуыцау æй ахæмæй сфæлдыста, ахæм адæймаг у æмæ цы кæна. Стæй, дæ ныхасæн хицау дæ, æнæсайд дæ, уый æвзæр у? Уый адæймаджы аиппытæй иу кæдæй нырмæ ссис?..

Жаннæ университеты куы ахуыр кодта, уæд лекцитæм зонгæзонын иу хатт байрæджы кодта. Æмæ йыл ныр дæр нæ фæсмон кæны.

Уыцы æвддæсæм октябрь дзы никæд ферох уыдзæн. Уæд йæ царды цыдæр æрцыд. Ахæм стыр, вазыгджын æмæ ахсджиаг цыдæр, æмæ йæ абон дæр йæ бон зæгъын нæу.

Университеты цур райсомæй къах æрæвæрæн нæ вæййы, студенттæ тыннывæндæгау дуæрттæм ивылынц. Æз фæраздæрон, зæгъгæ, дæ фарсмæ чи цæуы, ууыл иуварс ахæц. Ахæстонмæ цæуæгау чи цæуы, ахæмтæ дæр дзы куыд нæ и. Æнæбары, зивæггæнгæ,

суанг сæ комивазгæ фæцæйцæуынц, сæ фынтæй сæхи нæма атыдтой æмæ сæ лекциты рæстæг дарддæр уындзысты.

Жаннæ-иу университеты цур не ‘рхызт, фæлæ дæлдæр. Æрлæууæны. Æмæ кæд йе ‘мбæлттæ, йæ зонгæтæй искæуыл сæмбæла, уæд уыимæ фæиу у, науæд дæхæдæг ацу. Гыццылæй фæстæмæ дæр фистæгæй цæуын бирæ уарзы. Иунæгæй фæцæуы, фæлæ иунæг нæ вæййы: йæ хъуыдытæ – йæ хорз æмбæлттæ, уыдон æй уæгъд никæд уадзынц. Уæд, æвддæсæм октябры, рахызт троллейбусы æрлæууæны. Чи йæ ныхмæ æрцæуы, чи йæ разæй фæвæййы. Адæмы æхсæн йæ цæстытæ æрхæцыдысты иу нæлгоймагыл. Уыцы лæг ныр дæр рæстæгæй-рæстæгмæ цæстыты цур февзæры, æвддæсæм октябрь сног вæййы.

Нæлгоймаг Жаннæйæ цæуы цалдæр къахдзæфы раздæр. Фæсте йæ бакастмæ гæсгæ фынддæс æмæ ссæдз, дыууиссæдзаздзыд. Йæ къахайст – æнæныфс, цыма фæкæлынæй тæрсы, цыма йæ быны ныртæккæ зæхх ныттондзæн. Фæцуды, йæ зæнгтæ фæдыдагъ вæййынц. Йæ гуыр ыл афтæ тынг уæз кæны, æмæ йæ йæ зæнгтæ нæ уромынц: куы йæ иуырдæм фæцæйхæссынц, куы иннæрдæм. Расыг уа æмæ... ацафон... райсомæй... Уæвгæ, ахæмтæ ис, æмæ сын арахъхъ уæд, æндæр кæдфæнды дæр баназдзысты, æвронг никæд вæййынц. Адæм арахъхъы бын фесты, йæ уацары бахаудтой. Нæ рæстæг – тыхст æмæ уырыд, райсом – æбæрæг, суйтæ, æмæ, дам, уый тыххæй фыднозт кæнынц. Æнæ аххос ницы и, фæлæ хъуамæ адæймаг йæ рохтыл хæцын ма зона? Алы аз дæр нæм арахъхъы азарæй цал адæймаджы мæлы? Астсæдæ минмæ æввахс. Æнæхъæн республикæйы адæм чысылæй, стырæй сау зæххы хай бавæййынц.

Æнæзонгæ лæг расыджы цыд нæ кæны, фæцуды, йæхи тыххæй бауромы. Кæд... кæд наркоман у. Кæд уымæн дæр дыууын фыццæгæм æнусы æвирхъау бæллæх йæ иувæрсты нæ ацыд. Ныртæккæ даргъ цъæхахуырст бандоныл бахаудзæн, йæ къух æм æххуысæнхъæл ивæзы: кæд æй ацахсид, кæд æм йæхи фæбыцæу кæнид æмæ æвзæр не ‘рхауид. Йæ цонг æй нæ баурæдта, бандоныл æрхауд. Тыхулæфт кæны, йæ дзыхæй уæлдæф ахсы, йæ рахиз къух йæ пиджаччы дзыппы нытътъыста æмæ дзы цыдæр агуры. Æмæ Жаннæ бамбæрста: ацы æнæзонгæ лæг расыггæнаг нæу, наркоман дæр нæу. Æмæ уый йæ дарæсæй дæр бæрæг у: ног итувæрд костюм, урс-урсид хæдон, сырх галстук, ногдаст. Чызджы сæры атахт: йæ зæрдæ... æвæццæгæн

æй йæ зæрдæ æрцахста æмæ... Æмæ йын цы кæна? Кæд йæ дзыппы бахъуаджы сахатмæ хостæ дары æмæ уыдон агуры.

– Хос дæм ницы и?

Йæ былтæ змæлынц, цыдæр зæгъын æй фæнды, фæлæ... Йæ цæстытæ цыдæр æнахуыр уæрæх байгом сты æмæ йæм кæсы. Кæсы йæм æххуысæнхъæл. Æмæ йын цы кæна? Æххуыс дзы агуры. Дохтыртæм, тагъд æххуысы дохтыртæм адзурын хъæуы. Æмæ адзырдта. Æмæ æнæзонгæ лæджы дзыпмæ куыд нывнала, дзыпкъахæг æй куы банхъæлой, уæд та. Цыфæнды дæр уæд. Адæмæй, сæ цурты чи цæуы, уыдонæй цалдæр æрлæууыд, чидæртæ сæ къахайст фæсабыр кæнынц, æмæ чи йæ сæр банкъусы, чи йæ къух ауигъы æмæ дарддæр йæ фæндаджы кой кæны. Фылдæр адæм ницы уынынц, кæсгæ дæр не ‘рбакæнынц.

Жаннæ рынчыны дзыппæй цыдæр хос систа, æвæццæгæн, йæхæдæг дæр уый агуырдта. Гыццыл авг, гыццыл таблеткæтæ дзы. Зæрдæйы хос. Уд ирвæзынгæнæг.

– Дæ хос. – Иу таблеткæ дзы уæддæр куы аныхъуырид. Йæхи бон йæ къух сисын нæу.

– Дон, дон никæмæ и? – Чызджы цæстытæ, сæ алыварс чи æрбамбырд, уыдоныл æрзылдысты. Нæй, никæмæ и дон. Чысыл фалдæр ларекмæ азгъордта. Хос баназын йæ бон нал у, дон уæд та куы ахуыпп кæнид. Чидæр, иу-дæс æмæ ссæдзаздзыд лæппу йын дон дары, фæлæ дзы йæ хъуырмæ ницы хæццæ кæны, йæ былтыл, йæ роцъойыл æркæлы. Дохтыртæ куыд æрæгмæ цæуынц. Æмæ та сæм ногæй адзырдта. Фæцæуынц. Лæджы цæстытæ уæрæх байгом вæййынц, цыма ацы дуне фæстаг хатт уыны æмæ йæ бахъуыды кæнынмæ хъавы, стæй сæ бахгæны. Æмæ Жаннæмæ афтæ кæсы: æвæццæгæн, æнæзонгæ рынчын лæджы хуыссæг ахсы, æви... æви йæ низимæ тох кæнын йæ хъару нал у æмæ, цыма фынæй аци, афтæ йæ цæстытæ бахгæндзæн æмæ нал ракæсдзæн. Чызгæн йæ уæнгтæ ауазал сты. Нæ, æнæзонгæ лæг нæ амæлдзæн. Ау, адæймаг афтæ æнцонæй мæлы. Нæ-æ!

Жаннæ лæджы ныхыл йæ армытъæпæн ахаста. Йæ цæсгом дон фестад, уазал хиды æртæхтæ йæ дæлагхъуырмæ лæсæнтæ кæнынц. Нырмæ дæр ын йæ галстук куыд не суæгъд кодта. Рынчынæн уæлдæф бынтондæр нал фаг кæны, йæ сæр нал бауромы – йæ уæхскыл æрæнцайы. Дæ цуры адæймаг мæлæд æмæ йын дæ бон баххуыс кæнын ма уæд, уæд та чысыл истæмæй. Мæнæ цы æнæхъару у Жаннæ.

Рæстæмбис кары къæбæлдзыгсæр сылгоймаг рынчынмæ афтæ хæстæг бацыд, цыма йæ ахъæбыс кæнынмæ хъавы. Æргуыбыр æм. Æмæ чызгæн фенцондæр: кæд йæ хæстæг у, кæд йæ зонгæ у. Чысыл ма, æмæ сылгоймаджы фындз лæджы былтыл аныдзæвдзæн. Цы йæм смыстытæ кæны, никæд ницы федта? Охх, адæм, цы ‘взæр цымыдис стæм.

Сылгоймаг фæстæмæ акъахдзæф кодта, æмраст слæууыд æмæ бахудт. Æмæ цæуыл худы, цæуыл цин кæны? Адæймаг мæлы, ацы дунейæ фæцæуы, уый нæ уыны!

– Ма йын тæрсут, дысон хорз ныххырхта æмæ ныр улæфы.

Жаннæ сагъдауæй баззад. Цытæ дзуры ацы хъахпай, цыбырзонд сылгоймаг? Бацу йæм, йæ уæхсчытыл ын ныххæц æмæ йæ ныууигъ, асхой йæ. Æмæ фезмæлыд.

– Нозт æм æппындæр нæ хæццæ кæны, йæ зæрдæ йæ æрцахста.

– Æмæ йын ды та чи дæ, йæ чызг? А-а, йæ хæзгул. – Сылгоймаг сæрыстырæй йæ алыварс акаст, йæ мидбылты æнæрвæссонæй бахудт æмæ фидар къахдзæфтæй фæцæуы: уынут, мæ кадджын хæс мæхи æмæ адæмы раз дæр сæххæст кодтон. Фæлæ йæм уый дæр фаг нæ фæкаст, Жаннæмæ фæзылд æмæ додойгæнæгау загъта. – Ды цы бинонтæй рацæуыс, уыдон дæр, æвæццæгæн, фенхъæлынц, нæ хæдзарæй чызг рахизы. Сæхи сайынц, мæгуыр, – æмæ цыма цæмæйдæр фæтарст, афтæ тагъдтагъд ацыд. Жаннæ йæ цæстытæ бахгæдта: ацы сæрхъæн сылгоймаджы куынæуал уынид.

Лæджы уазал хид урс цæппузыртæй уайы. Жаннæ сæ йæ къухмæрзæнæй бæргæ сæрфы, фæлæ уыдон уæддæр уайынц æмæ уайынц. Адæм фæфылдæр сты. Чидæр дзуры, нæлгоймаг:

– Æгæр ыл ма æмбырд кæнут, уæлдæф æм бауадзут.

Рынчын лæджы улæфт ноджы февзæрдæр, уæлдæф ын бынтондæр нал фаг кæны, йæ риуæй цыдæр æнахуыр хæр-хæр райхъуысы. Йæ цæстытæ... Цыма сыл мигъ ныббадт, цыма ницы уыны. Йæ цæстытæ... доны зилынц. Лæг кæуы. Æвæццæгæн, йæ фæстаг минуттæ æрхæццæ сты, уый зоны æмæ кæуы. Æмæ, ау, мæлын афтæ зын æмæ æнцон у?! Цалдæр минуты – æмæ нал дæ. Йæ цæстытæ... Йæ цæстытæ Жаннæйæ нал исы, цыма афтæ зæгъынц: мæлын... мæлын æмæ мын феххуыс кæн, аирвæзын мæ кæ... мæлын мæ ма бауадз. Æмæ цы кæна Жаннæ? Мæнæ йæ бон куыд ницы у! Дохтыртæ кæм сты: æрбацæуын афон сын нæма у?

Урссæр, къæсхуыртæ гуыбыр зæронд лæг сæ цурмæ æрбацыд, йæ лæдзæгыл æрæнцой кодта æмæ рынчыныл сæрæй къæхтæм цалдæр хатты йæ цæстытæ ахаста, цыма йæм джигул кæны. Йæ сæр цалдæр хатты банкъуыста, хъæрзæгау ныуулæфыд æмæ дзуры:

– О, уæ-уæй, гъе, бынтондæр бабын стæм, адæмы ахæмтæ сафынц, адæмы ахæмтæ худинаг кæнынц, – æмæ ату кодта, мæстджын, æлгъаг ту, йæ лæдзæгæй асфальт ныххоста æмæ, куыд гуыбыр-гуыбыр æрбацыд, афтæ гуыбыр-гуыбыр фæцæуы. Чызг йæ фæстæ кæсгæйæ баззад: адæм кæрæдзийæн афтæ æнæхатыр цæмæн сты, сæ адæймагдзинад кæм и? Æви никæд уыди, хъуыды йæ æркодтам, нæхи сайдтам æмæ сайæм?

Зæронд лæг адæмы æхсæн аныгъуылд, нал зыны. Жаннæйы сæры арвæрттывдау атахт: аргъæутты, адæмон сфæлдыстады мæлæт арæх æрбацæуы зæронд лæджы хуызы. Æмæ кæд уый зæронд лæг нæ уыд, фæлæ мæлæт уыд. Мæлæт?.. Мæлæт зæронд лæджы хуызы?..

Æнæзонгæ рынчын... йæ сæр йæ уæхскыл æруагъта æмæ йæм кæсы, йæ цæстытæ нал æхгæны. Дзагъырæй йæм кæсы. Йæ цæсгом, йæ цæстытæ... бынтондæр аивтой, цыма æндæр адæймаг фестад. Минуты размæ дæр ма Жаннæ уыдта, æнæнхъæлæджы, æвиппайды рацæуæн, ралидзæн кæцæй нал вæййы, уыцы цъысымы чи бахауы, ахæм адæймаджы. Йæ удхар, йæ хъизæмар, йæ æнæбон тох мæлæтимæ йæ цæсгомыл, йæ цæстытыл афтæ бæлвырдæй зынд, æмæ йæм чызг æргом кæсын æфсæрмы кодта. Йæ бон ын баххуыс ницæмæй уыд æмæ... Ныр ын и бынтон æндæр цæсгом, бынтон æндæр цæстытæ: рухс, хурдзаст, цыма бахудынмæ хъавы: цыма цыдæр уæззау уаргъ хаста æмæ дзы фервæзт. Æмæ фервæзт. Фервæзт мæлæтæй. Йемæ тохы бафæллад, сфæлмæцыд, бастад æмæ ныр æхсызгонæй сулæфыд, ныр дзы ницыуал риссы. Жаннæ... Адæмы 'хсæн Жаннæмæ цæмæн кæсы. Чызг иуварс азылд æмæ йæ хуылыдз къухмæрзæнæй йæ цæссыгтæ сæрфы. Лæджы алыварс цы цымыдис адæм æрæмбырд, уыдоны ныхас æм дард кæцæйдæр хъуысæгау хъуысы:

– Амард.

– Рухсаг уæд.

– Арахъхъ бирæ адæмы бабын кодта.

– Æмæ цы фæуыдзæн? Чи у, ницы гæххæттытæ йæм и?

– Амондджын мард акодта.

Иууылдæр куы ацæуой, уæддæр æй Жаннæ афтæ нæ ныууадздзæн. Йæ бинонтыл, йæ къабæзтыл æй сæмбæлын кæндзæн. Цыдæр гæххæтт æм ма разына, уымæн уæвæн нæй. Дохтыртæ дæр æрбахæццæ сты. Æмæ ма ныр цæмæн хъæуынц. Кæсынц æм, сгарынц æй. Цы хъуыддагхуыз сты... Сæ иу ын йæ цæстытæ, Жаннæмæ æдзынæг цы цæстытæ кастысты, уыдон æрæхгæдта, æмæ афтæ зыны: лæг бафæллад, тынг бафæллад æмæ афынæй, бады æмæ фынæй кæны.

Чызджы зæрдæ сцæлхъ-цæлхъ кодта: лæг кæй амард, уый йæм ныр ноджы тынгдæр бахъардта. Ау, адæймаг афтæ æнæнхъæлæджы, афтæ æвиппайды мæлы? Мæлын афтæ зын æмæ æнцон у? Лæг сæхицæй куы рацыд, уæд, йæ царды фæстаг фæндагыл кæй цæуы, уый зыдта? Ныр ма цардбарæг лæг, æмæ, æвæццæгæн, йæ рухс фидæн йæ цæстытыл уад, азты сæрты йæ фидæны фæндагмæ каст æмæ, æндахы хал куыд фескъуыны, афтæ фескъуыд. Æмæ уæд цы у адæймаджы цард? Цæмæн фæзыны ацы дунемæ? Амæлыны тыххæй?

Дохтыртæй хистæр сылгоймаг, цы цалдæр адæймаджы ма баззад лæугæ, уыдоныл йæ цæст ахаста:

– Феххуыс нын кæнут æмæ йæ машинæйы сæвæрæм.

Æмæ йæ сæвæрдтой. Тагъд æххуысы хæдтулгæ ацыд. Фæстагмæ ма цы цалдæр адæймаджы бафæстиат, уыдон дæр атагъд кодтой, чи йæ куыстмæ, чи ахуырмæ, чи базармæ, чи кæдæм. Æмæ Жаннæ иунæгæй баззад. Цыма цыдæр уæззау куыст фæкодта. Йæ къæхтæ фезмæлын нæ комынц. Æмæ, цалдæр минуты раздæр æнæзонгæ лæг кæм амард, уыцы даргъ цъæхахуырст бандоныл йæхи æруагъта.

Жаннæйы фезмæлын нæ фæндыд, цыма уадзыг баци. Адæмы уынын дæр æй нæ фæндыд. Ницы йæ хъуыд. Университет дæр. Фыццаг лекцимæ байрæджы кодта, фæлæ дыккаг, æртыккаг лекцимæ дæр нал ацыд. Афтæ æдзæмæй бадт, стæй иу рæстæг сыстад. Худинаг у: афтæ бадгæ йæ чи уыны, уыдон цы банхъæлдзысты, цы йæ схондзысты? Æмæ сæхимæ рацыд...

Университеты куы ахуыр кодта, уæд дæр, æмæ уый фæстæ дæр, æнæзонгæ лæг йæ мæлæтмæ цы къахвæндагыл цыд, уымæй йæхи иуварс ласта, цы даргъ цъæхахуырст бандоныл амард, уый цурты йæ ацæуын нæ фæндыд. Æнæ цæугæ нæй, уæд та – тагъд-тагъд, ма йæм фæкæс.

Лæджы цæстытæ... Мигъбадт, æгъуыз фæлм æвæрд сыл. Æддаг бакастæй афтæ зынд, цыма сæ ницы æндавы, ницæуыл дзурынц. Æцæгдзинадæй та фæдисы дзæнгæрæг цагътой: «Мæлын! Мæлын! – Æбæрæг кæмæдæр нæ дзырдтой, фæлæ Жаннæмæ. Комкоммæ. Комкоммæ дзырдта Жаннæмæ. – Мæлын æмæ мын феххуыс кæн. Аирвæзын мæ кæн».

Æмæ йын цы йæ бон уыд? Цалынмæ Жаннæ цæра, уæдмæ уыцы цæстытæ нæ ферох кæндзæн. Нæ! Уый йæ уыдон нæ рох кæнынц. Æвиппайды, æнхъæл кæм нæ вæйиы, уым дæр йæ размæ февзæрынц æмæ йæм, фæндзæм курсы куы ахуыр кодта, уæд æвддæсæм октябры куыд кастысты, афтæ фæкæсынц. Æмæ йæхицæн бынат нал фæары, цыма сæ цуры цыдæр ахосджын у.

Чи зоны, уыцы лæг нæ амардаид, фæлæ адæм... Æддаг бакастæй куыд хорз стæм, фæлæ нæ чысыл фæцагай, чысыл нæ ракъах, уæд... Къахгæ дæр цæмæн?.. Цымæ, уыцы лæг цардæй мæлæты арæныл куы лæууыд, дзагъыр цæстæй куы каст, уæд, йæ алыварс цы цалдæр цымыдис адæймаджы æрбатымбыл, уыдоны уыдта? Сылгоймаджы уазал æфсæйнаг хъæлæс æм хъуыст? Зæронд лæг цы æлгъаг ту акодта, уый федта? Æмæ йæ рыст, йæ хъæдгом зæрдæ ног хъæдгæмттæ нæ кодта? Афтæ æнцонæй кæрæдзи цæмæн æфхæрæм? Афтæ æнцонæй кæрæдзийæн зын цæмæн кæнæм? Афтæ æнцонæй кæрæдзийы цæмæн рæхойæм? Кæрæдзийæн афтæ æцæгæлон цæмæн стæм? Æви æдзухдæр афтæ уыд?

Чызджы къахайст бынтондæр ныссабыр. Йæ сæр банкъуыста: мин æмæ мин фарсты, ацу æмæ сын дзуапп агур. Цымæ, уыцы лæг, ацы дунейæ кæй хицæн кæны, уый æмбæрста, æнкъардта йæ? Цымæ, цардæй мæлæты арæныл зын ахизæн у? Уыцы лæгæн фæстагмæ йæ цæсгом цæмæн ныррухс, цæмæн бахъæлдзæгхуыз?..

Жаннæ ницы зоны, ницы æмбары. Мæнæ ныр нарæг асфальт къахвæндагыл цы чызг фæцæуы, уый ацы дунемæ цæмæн фæзынд? Куы нæ фæзындаид, уæд дуне къахыр уыдаид? Истæмæн хъуыд?

Жаннæ арф ныуулæфыд. Йæ æрмæг æй ногæй бакæсын хъæуы, йæ зæрдæ дзы хъуамæ иу дзырд, иу хъуыдыйадмæ дæр ма æхсайа.

31-æм августмæ ма баззад 31 боны.
31-æм июль. Майрæмбон. 2009 аз.

Дауыт, сæ газеты редактор, уаты гом дуарæй æрбахызт. Компьютерæй мыхуыр дыууæ сыфы йын йæ цуры æрæвæрдта.

– Хорз æрмæг у. Дыууæ хъуыдыйады арæзтмæ дзы мæ зæрдæ фехсайдта, фæбæрæг сæ кодтон, – æмæ редактор разылд, йæ кусæнуатмæ фæцæуы. Фæлæууыд. – Дæ очеркыл ма дæ бирæ кусын хъæуы?

– Иннæбон дæм æй ратдзынæн.

– Хорз. Æгæр æй ма ныддаргъ кæн.

Чызг бахудт:

– Мæ редакторæн газеты алы квадраты сантиметр дæр сызгъæрины килограммæй зынаргъдæр кæй у, уый хорз зонын.

Дауыт æмæ Жаннæ кæрæдзимæ бахудтысты. Дауыт уатæй ацыд, фæлæ ма Жаннæ уæддæр йæ фæстæ кæсы. Хорз редактор ын и. Сæйрагдæр та – хорз адæймаг. Ныфс дзы уый бауагъта, журналисты дæсныйад уый фæрцы равзæрста. Уыцы фæндагыл æй уый сарæзта.

Дзерассæ Алыксандры чызг – ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг – Жаннæ йæ никæд ферох кæндзæн. Йæ уроктæм ын уæлдай æхсызгондæрæй цыд. Уæлдайдæр литературæйы уроктæм. Æфсæрмы нæ кæны, уæд-иу ныр дæр бацæуид, къласы æппæты фæсте сбадид æмæ Дзерассæмæ хъусид æмæ хъусид, йæ алы ныхас дæр ын ахсид, йæ алы ныхас дæр ын уаид Дзæм-дзæмы суадон. Цы уацмысы тыххæй фæдзуры, уый афтæ хорз фæзоны, афтæ дзы аныгъуылы, æмæ-иу Жаннæмæ афтæ каст: кæд уыцы радзырд кæнæ роман сæ ахуыргæнæг йæхæдæг ныффыста æмæ йæ нæ хъæр кæны, кæйдæр номыл æй рауагъта. Чызг-иу афтæ дæр ахъуыды кодта: кæд сæ ахуыргæнæг уацмысы архайджытæй иу йæхæдæг у. Жаннæ урочы и, уый-иу дзы ферох, уацмысы дунемæ-иу бахауд, бадгæ къласы кодта, йæ хъуыдытæ та – кæмдæр. Дзерассæйы сыгъдæг, рæсугъд фæлмæн хъæлæс... Цыма-иу урочы нæ, фæлæ искуы хохы цæссыджы хуызæн урс-урсид æхсæрдзæны цур бадт, афтæ йæм каст.

Æмæ Жаннæ йæ зæрдæйы зæгъинæгтæ, йе 'нкъарæнтæ гæххæттыл ныффыста. Цалдæр хатты йæ бакаст, цалдæр хатты йæ ногæй рафыста. Чызг йæ сæр банкъуыста, йæ мидбылты

бахудт: о, стыр куыст бакодта уæд. Лев Толстой йæ роман «Война и мир» цал хатты рафыста? Жаннæйæн та йæ чысыл уацхъуыд уыд «Война и мир». Цалдæр боны йæ æмбæхстæй фæхаста йæ тетрæдтимæ. Бæззы æви нæ? Дзерассæйы аккаг фыст у? Зæгъæм, газеты рацыд, уæд скъоладзаутæ цы зæгъдзысты? Чидæртæ афтæ нæ банхъæлдзæн: йæ ахуыргæнæджы зæрдæ æлхæны, цæстмæ митæ йын кæны?..

Чызг йæхимидæг тыхст. Æппынфæстаг скарста: чи цы дзуры, уый дзурæд: чи цы хъуыды кæны, уый хъуыды кæнæд. Фæлæ равдисынæн бæззы? Куыд у? Кæмæн раргом кæна йæ зæрдæ? Ай-гъайдæр – йæ мадæн. Æмæ йын æй бакаст. Цæмæндæр йæ хъæлæс къæзыд. Цыма цыдæр стыр хъуыддаг сарæзта, йæхимæ цыдæр стыр бæрнон хæс райста, афтæ йæм каст.

Мад цасдæр рæстæг ницы сдзырдта, стæй загъта:

– Æз, дæ уацхъуыд литературон хуызы куыд фыст у, уый нæ зонын, фæлæ зæрдæ агайы. Дзерассæйы мын ноджы тынгдæр бауарзын кодтай. Дæ фæнд ма аив, газетмæ йæ ратт, мацæуыл хъуыды кæн.

Маринæйы ныхæстæй фæныфсджын, уыдон ыл базыртæ ныссагътой. Уый зæрдæмæ нæ фæцыд, уæд æй аскъуыдтæ кодтаид æмæ йæ цардвæндаг, æвæццæгæн, ацыдаид бынтон æндæр хуызы. Чи зоны, университеты журналистикæйы факультет нæ равзæрстаид, æмæ сæ районы газеты нæ кусид, республикæйы сæйраг газет «Рæстдзинад»-мæ йæ нæ хониккой. Æрæджы дæр та йæм телефонæй æрдзырдтой: сæйраг редакторы демæ сæмбæлын фæнды. Æвæццæгæн, районы газеты йын цы æрмæджытæ рацæуы, уыдон бакæсы. «Рæстдзинад»-мæ дæр рæстæгæй-рæстæгмæ ныффыссы æмæ, æвæццæгæн, редакторæн йæ зæрдæмæ фæцæуынц. Иурæстæджы республикæйы сæйраг газетмæ раивынвæнд акодта, фæлæ ныр...

Уæд Жаннæ йæ фыццаг уацхъуыдимæ сæ кæрты дуарæй рахызт ныфсджынæй. Фæлæ уыцы ныфс, районы газеты редакцийы агъуыстмæ куыд хæстæгдæр кодта, афтæ тад. Уыцы хæдзар иу æмæ дыууæ хатты нæ федта, йæ рæзты иу æмæ дыууæ хатты нæ ацыд. Фæлæ ныр... Йæ фарсмæ иннæ зæронд хæдзæрттæй ницæмæй хицæн кæны: сырх дурæй амад, йæ æхсæз рудзынджы уынгмæ кæсынц. Нæ! Тынг хицæн кæны. Мидæмæ бацæуæн дуары сæрмæ цы цалдæр дзырды фыст и, æрмæст уымæй нæ, фæлæ... Цыма кувæндон у. Æмæ чызг цæмæйдæр

тæрсы, цæмæйдæр æфсæрмы кæны. Цы йын зæгъдзысты? Цæй фыссыны мæт æй и? Фыццагдæр цы уатмæ бахæццæ уа, уырдæм бацæудзæн. Æмæ бахæццæ. Дуары сæрмæ æрмæстдæр иу дзырд фыст – «Редактор». Бахоста.

–Мидæмæ.

Жаннæ уатмæ бахызт. Йæ зæнгтæ ризынц, ма фæдонзоныг уæд. Уаты хицау йæ бандонæй сыстад, йæ размæ рахызт æмæ йын йæ къух райста, цыма йе ‘мгар адæймаг у, цыма уатмæ дæсæм къласы ахуырдзау нæ, фæлæ цыдæр кадджын, дзырддзæугæ адæймаг æрбацыд. Йæ бакомкоммæ йæ сбадын кодта æмæ йæ фæрсы: кæй чызг у, кæцы къласы ахуыр кæны? Цыдæр тых æмæ хынцфарст нæ, фæлæ сабыр, цыдæр æнахуыр фæлмæнхуыз хъæлæсæй. Æмæ та йыл ногæй йæ хионхуыз цæстытæ ахаста:

– Æвæццæгæн нæм хуынимæ æрбацыдтæ æмæ дын æй Хуыцау фæрæстмæ кæнæд.

Чызг йæ хуын – тетрады цыппар сыфы чысылхъуаг фыст редакторы цур стъолыл æрæвæрдта. Редактор, абондæргъы цыма уымæ æнхъæлмæ каст, афтæ йæ цымыдисæй кæсын райдыдта. Жаннæ йæ мидбынаты æдзæмæй бады. Фест æмæ ацу. Цæй фыссыны сагъæс æй и. Цы зæгъдзæн редактор?.. Йæ зæрдæмæ куы нæ фæцæуа, уæд æй уайдзæфты бын нæ фæкæндзæн? Редактор хъуыр-хъуыр кæндзæн: фыссын нæ зоныс æмæ æнцад бад, алчи та мын йæхицæй фыссæг аразы. Скъоладзау дæ æмæ дæ ахуыры кой кæн, æндæр дæ цы гуыбынниз хæры. Æмæ уæд... æнæуи дæр нал ныффысдзæн, фæлæ ахæм ныхас, уæд иу хахх дæр никуыуал акæндзæн.

Редактор тетрадь стъолыл æрæвæрдта. Цы бирæ рæстæг æй каст. Жаннæ цæмæндæр сыстад.

– Бад, бад. Ныхас нæма фестæм. – Дауыт бахудт. – Дæ уацхъуыд æвзæр нæ рауад. Къодах, дам, фыццаг æрцæфæй бæрæг вæйиы: дæ бон фыссын у.

Уæд, Жаннæ уацхъуыд цы у, уый нæма зыдта, бафæрсын та нæ бауæндыд.

– Раздæр ма искæд исты ныффыстай?

– Нæ.

– Æмдзæвгæтæ нæ фыссыс? Дæ кары læппутæ æмæ чызджытæ æмдзæвгæтæ арæх фæфыссынц.

– Æз никуы ныффыстон.

– Дæ уацхъуыд газеты рацæудзæн, фæлæ ма ноджыдæр исты

куы ныффыссис, уæд хорз уаид. Дæ бон фыссын у. Дæ хъуыды – бæлвырд, дæ хъуыдыйады арæзт – лæгъз, сыгъдæг.

Чызг редакцимæ бацыд æнæбары, тæрсгæ-ризгæ. Фæстæмæ рахызт æндæр адæймагæй: базыртимæ. Дауыт дзы ахæм стыр ныфс бауагъта, æмæ йæхимæ зæххон адæймаг нал каст, фæлæ уæларвон. Цыма гæлæбу у. Раздæр ын редакцийы хæдзар иннæ агъуыстытæй ницæмæй хицæн кодта: зæронд агуыридур хæдзар, йæ æхсæз рæстæмбис рудзынджы уынгмæ кæсынц. Дауытимæ фембæлды фæстæ редакцийы хæдзар раздæры хæдзар нал уыд: райдзаст, иннæ агъуыстыты æхсæн йæ хъулон рухсæй бæрæг дардта, цыдæр æбæрæг æхсызгондзинад æмæ цин дзы ивылд, чызг-иу редакцийы дуарæй мидæмæ æмæ фæстæмæ дæр хызти амонджынæй. Фæлæ... Фæлæ фæстаг цалдæр мæйы – цалдæр мæйы цæмæн? – бирæ фылдæр рæстæг, цас, уый Жаннæ бæлвырдæй нæ хъуыды кæны – йæ куыстæй раздæры æхсызгондзинад нал æнкъары, цингæнгæ не ’рбацæуы редакцимæ. Æрбацæуы æмæ ацæуы куыдфæндыйæ. Цы фыссы, уыдон æй нал æндавынц, цыма сæ уый нæ ныффыссы, цыма кæйдæр фыстытæ фæкæсы, цыдæртæ йæ фыссын фæхъæуы æмæ фæфыссы. Йæхимæ ауыоны хуызæн кæсы, йæхæдæг йæхицæн ауыон ссис. Йæ куыст ын æцæгæлон кæны, йæ кусæнуаты раздæр цин ивылд, фæззыгон мигъбон дæр дзы хур каст, ныр та цыма кæйдæр æцæгæлон уатмæ бацæуы. Ницыуал æй æндавы. Тынг чи базæронд, йæ цардæй тынг чи бафæллад, йæ цардæй чи сфæлмæцыд, хатт Жаннæ йæхимæ ахæм адæймаджы хуызæн фæкæсы. Чызг йæ мидбылты бахудт: Жаннæ дæр базæронд, тынг базæронд æмæ... æмæ йæ мидбылхудт атад. Æмæ сфæлмæцыд.

Чызг йæ уацхъуыд йæхимæ æрбахæстæг кодта, йæ цæстытæ йыл ахаста. Дыууæ раны дзы кърандасæй, зына-нæзына хæххытæ, тыххæй зынынц. Жаннæ йæ редакторы хорз æмбары: ома мемæ кæд разы дæ, уæд сæм æркæс, кæд нæ, уæд сæ, куыд сты, афтæ уадз. Дауытæн йæ хъуыды цæхгæр у, демæ разы нæу, уæд хъуыдыйады, науæд дзырды бын бæзджын хаххбакæны, йæ размæ йын дынджыр фарсты нысан сæвæры. Æмæ йæ уæд зон: аивын æй хъæуы, сраст æй хъæуы. Йæхæдæг æй не сраст кæны: уадз, автор ахъуыды кæна.

Чызг гæххæтты сыф иуварс æрæвæрдта: зивæг ыл бахæцыд. Йæ сæр банкъуыста: бынтондæр йæхи æруагъта. Худинаг. Æмæ афтæмæй кусæн и?.. Æнæбары змæл. Æнæбары дæ къухмæ

ручкæ райс æмæ æнæбары урс гæххæттыл цыдæртæ хъулæттæ кæн. Раздæрты æнæдзургæйæ кæуыл худт, ныр уыдонæй йæхæдæг иу фестад. Нæ! Уый йæ сæрмæ не ’рхæсдзæн. Худинаг.

Йæ чысыл телефоны дзæнгæрæг райхъуыст. Æмæ йæм чи дзуры? Æмæ кæй бахъуыд? Æмæ йæхæдæг йæхи куы нæ хъæуы, уæд... Нæ! Йæ мады хъæуы! Йæ фыды хъæуы! Ахуырбег... Йе ’фсымæр Ахуырбег æм дзуры.

Жаннæ сыстад æмæ кæртмæ рахызт.

– Салам, Ахуырбег.

– Куыд дæ, мæ чысыл хо?

– Иууылдæр хорз, дæ зæрдæ мацæмæ ’хсайæд.

– Аслан та куыд у?

– Куыд вæййы, афтæ.

– Папæйæн мын йæ райгуырды бонмæ ссæуыны фадат нæ фæуыдзæн, фæлæ иучысыл æхца фервитын æмæ-иу ын исты алхæн.

– Æмæ йын цы балхæнон, цы дæ фæнды?

– Дæхæдæг æркæс, æз дæуыл æууæндын. Дæхæдæг та куыд дæ?

– Мæныл ма тыхс, саг сырды хуызæн.

– Цæй уал уæдæ. Иууылдæр мын дзæбæх ут. – Æмæ дуне ныссабыр. Жаннæ ма уæддæр телефоныл хæцы. Ахуырбеджы хъæлæс та цыма ногæй райхъуысдзæн, афтæ йæм кæсы. Йæ ныхас уыцы дзæбæх, сыгъдæгæй хъуыст, цыма Мæскуйæ нæ, фæлæ ам, сæ хæдзарæй дзырдта. Йе ’фсымæр æй, Жаннæ, йæхи куы зоны, уæдæй фæстæмæ «мæ гыццыл», «мæ чысыл хо» хоны. Гыццыл кæддæр уыд, ныр та... Уæддæр æм хорз кæсы, цыдæр æхсызгон ын вæййы. Афтæ йæ æндæр ничи хоны, стæй уыцы дыууæ ныхасы афтæ рæсугъд никæй æвзаджы сбаддзысты.

Бинонты цард – суйтæ, быцæутæ. Ахуырбег дæр æмæ йæ къай дæр – æгуыст. Æмæ куыд цардæуа афтæмæй? Иу ран, иннæ ранмæ бацæуынц æмæ сæ кæм къæсæрæй рарвитынц, кæм сын зæрдæ бавæрынц, æмæ æнхъæлмæ кæс. Цас?.. Цас рæстæг и афтæ æнхъæлмæ кæсæн? Æмæ Ахуырбег скарста: йе ’мбæлттæй цалдæр Мæскуымæ сæхи айстой æмæ тынг дзæбæх кусынц, тынг хорз цæрынц. Ам, Ирыстон, цъымара у, æмæ дзы цас раздæр йæхи атона, уыйас хуыздæр, йе ’мбæлттæ йæ хонынц, куыст ын ссардзысты. Æмæ Ахуырбег йæ биной-

нагимæ Мæскуымæ ацыд. Ма йын тæрсæд: йæхи сæрсæфæнæй не ’ппары. Жаннæ цасдæр рæстæг йæхимæ не ’рцыд, йæхимæ ныхъхъуыста. Афтæ йæм каст: йе ’фсымæр сæхицæй алыгъд, йæ сæр бамбæхста. Мысыди йæ. Дыууæ хойы æмæ æртæ æфсымæры сты, æмæ йæм цыма Ахуырбег хæстæгдæр у, афтæ йæм кæсы. Хъуамæ се ’ппæты дæр æмхуызон уарза, йæ зæрдæмæ æмхуызон хæстæг уой, фæлæ... Æмæ-гъа, æмæ-гъа.

Жаннæ тыхст: йе ’фсымæр уыцы стыр горæты цы фæуыдзæн? Куыд цæрдзæн? Горæт, дам, цас, стырдæр у, афтæ æгъатырдæр у. Ныр та, Ахуырбег Мæскуымæ кæй ацыд, уый йын æхсызгон у: сæ бинонты цард ныссуйтæ, æмæ уый нæ уыны. Уæлдайдæр ацы Аслан, ацы Асик... Цымæ йæм уыцы æнамонд кæцæй каст? Бинонты дæр ма фенамонд кодта. Уæвгæ... Вадим æмæ Фæтимæ дæр... Æви уый Жаннæмæ афтæ кæсы.

Асик та дысон дæр нæ фæзынд. Кæм и? Кæм баззад? Стæй... Кæд та æрбацæудзæн? Цы хуызæнæй?.. Æнцъылдтæ æмæ лæбырдтытæй, йæ цæстытæй тыххæй кæсдзæн. Чи зоны, йæ дзаумæттæ дæр ма раласа, афтæмæй сынтæгыл ныххауа æмæ суткæйæ фылдæр хуысдзæн.

Мад æмæ фыд – Маринæ æмæ Темыр – сæхи хуызæн нал сты, сæхиуыл нал хæцынц, Аслан сæ афонæй раздæр базæронд кодта, сæхимæ хъусыныл фесты, æдæрсгæ адæмы æхсæнмæ рацæуын нал уæндынц. Æмæ Жаннæ та?.. Исчи йæ цуры – дыууын фыццæгæм æнусы æвирхъау бæллæх – наркотикты æмæ наркоманты тыххæй куы фæдзуры, уæд æм афтæ фæкæсы: цыма йæ ныхас йе ’фсымæр Асланы тыххæй вæйиы уыцы талæуы ахасты чи бахауд, сымахæн дæр уæ кæстæр лæппу уыдонæй у æмæ йæ адæмæй æмбæхсут, зæгъгæ, фæзæгъы. Æмæ чызг йæхицæн бынат нал фæары: ныхас исты хуызы æндæрырдæм аздах, цыдæр хуызы йæ фескъуын, фæцæуæг у. Кæнæ, тæхуды, зæххы скъуыды ныххау æмæ мацыуал зон, ды дæ дунейы тæккæ амондджындæр, уымæн æмæ цъысымæй фервæзтæ.

– Жаннæ, сихорыл уæхимæ нæ цæуыс? – Дард кæцæйдæр хъуысæгау æм хъуысы йе ’мкусæг сылгоймаджы хъæлæс. Цас хистæр дзы у, цыппар азы дæр нæ, æмæ йын æртæ сывæллоны, фырыхъулы хуызæн æртæ лæппуйы. Æртæ лæппуйы мад. Жаннæ... Жаннæ мад никуы суыдзæн, сывæллоны ад никуы базондзæн.

– Цæуын. Мæнæ ме ‘рмæг бæрнон секретарьмæ дæттын æмæ цæуын.

– Жаннæ, фæстаг рæстæг дæ хъуыдыты дæхи мидæг куыддæр аныгъуылыс, ам вæййыс, фæлæ ам нæ вæййыс. Æвæццæгæн, кæйдæр бауарзтай, æмæ зæрдæ ныссуйтæ, ныссаджилтæ.

– Æмæ мын афон нæма у? – кæрæдзимæ худынц.

– Уый æппæты æхсызгондæр кæмæн уаид, уыдонæй иу уаин æз. Жаннæ, ды æцæгæй дæр хорз амонды аккаг дæ, – æмæ сылгоймаг сыстад. – Фæссихор æрбацæудзынæ? Æз хæдзары афæстиат уыдзынæн æмæ цынæ вæййы, исчи мæ куы агура, уæд-иу сын исты зæгъ.

– Хорз. Хорз. Æртæ лæппуйы мадæн æфсон кæнын ницы хъæуы.

Сылгоймаг ацыд. Жаннæ дæр ныртæккæ ацæудзæн. Æмæ сыстад. Редакцийы кæртæй рахызт. Йæ алыварс акаст. Автобусы сбада æви фистæгæй ацæуа? Æмæ кæдæм тагъд кæны. Иуæй-иутæ, цалдæр минуты сæ цæуын хъæуы, æмæ автобусы фæзындмæ æнхъæлмæ кæсдзысты. Ныртæккæ чызджытæм, сылгоймæгтæй бирæтæм – машинæтæ. Машинæ модæйы хуызæн ссис. Дæ хæдтулгæйæ рахызтæ, уæлдайдæр фæсарæйнаг – машинæйæ, уæд ды кæуылты дæ. Фатимæ цалдæр мæйы размæ дзыхъхъынног «БМВ» балхæдта. Диссаг, нырмæ цæмæ æнхъæлмæ каст? Цы йæ урæдта?

Чызг цы автобусы фæбады, уый йæ цурты ацыд. Жаннæ дæр цалдæр минуты фæстæ сæхимæ уыдзæн. Йæ зонгæ чызджытæй цалдæрæн се стырдæр бæллиц у машинæ балхæнын, машинæйы рулыл æрхæцын. Цыма уæд æндæр адæймæгтæ фестдзысты. Уымæ ахæм бæллиц никæд уыд. Ныр та йæ машинæ дæр æмæ æппындæр ницыуал хъæуы. Чызджы къахайст фæсабыр. Æвæццæгæн, йæ бон машинæ балхæнын нæу æмæ уымæн афтæ хъуыды кæны? Гæды фиумæ куы не ’ххæсса, уæд æй мархо хоны. Нæ. Ахæм бæллиц æм никуы уыд. Стæй, цы дзы кодта? Цæмæ йæ хъуыд? Йæ бирæ хъуыддæгтæ уый тыххæй æнæкондæй баззадысты? Фатимæ йын цалдæр хатты бакой кодта:

– Жаннæ, хъуамæ дæумæ уаид машинæ, æмæ цыдæр уæрæсейаг, йæ хæр-хæр цалдæр километрмæ кæмæн хъуысы, ахæм нæ, фæлæ фæсарæйнаг, цæстытæ кæмæ нæ лæууынц, æхсæвыгон дæр цæхæр чи калы, ахæм. Уæдæ дæу хуызæн чызг хъуамæ фистæгæй цæуа?

– Æмæ æлхæнын, æлхæнын, – дзуапп ын ратты уый. – Фæлæ, мæн чи хъæуы, ахæмыл нæма хæст кæнын. – Йæ хо йæ барæй кæй фæфæрсы, уый хорз зоны.

– Æз дæр дæм истæмæй фæкæсдзынæн.

– Æмæ мæхæдæг ме ’хца цы фæкæнон, уый куы нæ зонын.

– Ха-ха-ха! – Йæ хъæлæсыдзаг ныххуды Фатимæ, цасдæр рæстæг йæ кæл-кæл нæ банцайы. Йæ цæстæнгас фæдзуры: кæсыс, куыд æнæбон дæ, афтæмæй дæ бынат нæ зоныс, афтæмæй мын уæлæрвты тæхыс, æмæ дæ дæ бынаты куыд æнцонæй аваæрын.

– Дæ мызд цас у, зæгъыс? – бафæрсы хо. Жаннæйы мызд цас у, уый Фатимæ тынг хорз зоны, Жаннæйæн йæхицæй дæр хуыздæр. Фæлæ уадз, йæ хойы мызд чысыл кæй у, уый ма иу æмæ иу хатт фехъуса. Æмæ кæмæй? Жаннæйæн йæхицæй.

– Уыцы æхца базармæ иу ацыды фаг дæр нæу. Ахорæнтæ балхæнынæн дын æххæссынц? – Йæ цæстытæ йыл æрæвæры Фатимæ. Æмæ Жаннæ ахъуыды кæны: цас гæнæн æмæ амал ын и, афтæ мæ куыд ныллæг кæны, цъыфы мæ куыд змæнты.

– Мæнæн алцæмæн дæр фаг кæнынц, – фæзæгъы сæрыстырæй Жаннæ. Æмæ цы хъуаг у? Бæгънæг у? Æххормаг у? Бæргæ, фылдæр æхца куы исид. Бриллианттæ æмæ сызгъæринæй куынæуал зынид, цыдæр фæсарæйнаг зынаргъ хæдтулгæйæ-иу куы рахизид. Æмæ уæд цы уаид? Гыццыл мызд кæй исы, уый йын Фатимæ йæ цæстмæ нал дарид. Æмæ дарæд. Фæфæнды йæ: дæ хъæлæсы дзаг ыл ныхъхъæр кæн:

– Ды исыс стыр æхцатæ, мæгуыр рынчынты стигъыс æмæ цы?! – Фæлæ ницы фæзæгъы. Йæ хъæлæсыдзаг нæ ныхъхъæр кæны. Зоны йæ, йæхимидæг цас тынгдæр тыхсы, афтæ йын у зындæр. Æмæ кæдмæ афтæ уыдзæн? Бирæ рæстæг – нал. Æмæ уæд Жаннæ сулæфдзæн. Стыр æхцатæ кæй нæ исы, уый тыххæй йæ ничиуал ныллæг кæндзæн.

Чызг сæ уынджы тигъмæ фæзылд, ныртæккæ сæхимæ бахæццæ уыдзæн.

31-æм августмæ ма баззад 30 боны.
1-æм август. Сабат. 2009 аз.

Темыр сарайы ныллæг даргъ хъæдын бандоныл бады, йæ сæр афтæ ныллæг æруагъта, æмæ йæ уæрджытыл аныдзæвы. Æвæццæгæн, афынæй. Йæ уæнгты хъару нал и, уæддæр æнцад бадын нæ зоны. Нæ. Фынæй нæу: Жаннæйы къæхты уынæрмæ йæ сæрыл æнæбары схæцыд æмæ йæ цæстытæ чызгыл æрæвæрдта, æдзæмæй йæм кæсы.

– Цæрын мæм нал цæуы, мæ чызг, – æмæ та йæ сæр æруагъта. Чызг йæ фыды фарсмæ сбадт, æрбахъæбыс æй кодта.

– Папæ, зындзæн та.

– Омæ, дæ фырт амард, уæд æй зоныс: амард æмæ нал и. Æмæ ацы æнамонд иу хатт куы амæлид, уæд йæхæдæг дæр æрæнцаид æмæ мах дæр, ныр та алы бон кæуинаг стæм. О, уæу-уæй, гъе. Ахæм лæппу, æмæ дæ цард фехал. Фæхудинаг нæ кодта, адæмы æхсæнмæ рацæуын нал уæндын.

Жаннæ Темыры сæрыл схæцыд: фыды цæстытæ доны зилынц, йæхимæ йæ æрбалхъывта. Уымæн дæр йæ цæстытæ доны разылдысты. Не скæудзæн. Йæхи ныффидар кæндзæн. Йæ фыд... Темыр ныр цы карз, æгъатыр ныхас загъта, ахæм ныхас дзы никæдма схауд. Йæ риу сау мастæй байдзаг æмæ йæ нал баурæдта, æндæр йæ цоты мæлæт кæй фæнды. Цыма фыд нæ, фæлæ æндæр чидæр дзырдта, цыма уый хъæлæс нæ, фæлæ æндæр кæйдæр хъæлæс хъуыст, Жаннæмæ афтæ кæсы. Уæдæ карк дæр чи не 'ргæвста, цæмæй мæлдзыгыл ма ныллæууа, уый тыххæй йæ иувæрсты чи ацæуы, уыцы фæлмæн фыд афтæ зæгъа, уый йæ нæ уырны. Темыр йæ бинонты, йæ кæстæрты цæрайæ куы цæры, уæд...

Фыд æмæ чызг æдзæмæй бадынц. Сæ иу дæр æмæ иннæ дæр ницы дзуры. Жаннæ йæ сæр фыды уæхскæй атыдта:

– Папæ, ахæм мæстджынæй дæ никуы федтон.

Уый ницы дзуры. Кулдуары хъæр фæцыд, æмæ æваст дыууæйæ дæр, фыд дæр æмæ чызг дæр, фестъæлфыдысты, æдзæмæй кулдуармæ кæсынц. Дуар æрбазыхъхъыр, Аслан кæртмæ æрбахызт. Фыд йæ сæр иуварс азылдта æмæ гуыбырæй бады. Жаннæ фестад, йе 'фсымæры размæ разгъордта:

– Дзæбæх дæ?

– Æз æдзухдæр дзæбæх дæн, мæныл мачи тыхсæд, – æмæ мидæмæ, хæдзармæ фæцæуы. Фæцуды, цыма ныртæккæ йæ къах бакъуырдзæн æмæ æрхаудзæн, йæ къæхтæ тыххæй исы. Уыцы æнамонд хъылмайæ чысыл дæр фæхъæстæ, уæд йæхи хуызæн нал вæйиы. Цыма цалдæр боны нæ бафынæй кодта, афтæ йæ цæстытæй нал фæкæсы, сæ хуыз аивынц, мигъ сыл ныббады. Рæдзæ-мæдзæ кæндзæн, йæ уæнгтæ сæхиуыл нал фæхæцынц. Ныр дæр ницы уыны. Ницы хъусы. Ницы йæ хъæуы. Æнæуи дæр æй царды ницы æндавы. Цыма ацы зæххыл нæ цæры.

– Исты бахæр æмæ схуысс. – Жаннæ Асланы фæстæ хæдзармæ бацыд.

– Исты кæндзынæн, – лæппу стъолы цур бандоныл, цыма хаугæ æркодта, афтæ сбадт. Нæ. Æрхауд. Æмæ чысыл ма, уæд пъолыл адæргъ уыдаид: стъолы тигъ æй баурæдта. – Æмæ кæм и уæ хæринаг?

– Ныртæккæ, ныртæккæ. – Жаннæ йын ныртæккæ хæринаг æрæвæрдзæн. Фæлæ лæппу нал банхъæлмæ каст.

– Мæн уæ хæринаг нæ хъæуы, – бандонæй йæхи атыдта æмæ цудтытæгæнгæ йæ уатмæ бацыд, йæ хуыссæны ныххауд.

Чызг сарамæ рахызт: йе ‘фсымæрмæ кæсын æй нæ фæнды. Темыр бандоныл нал бады. Йæ фырт фæзынд æмæ йын фенцондæр, сулæфыд. Карз ныхас загъта, зæрдæйæ та, Аслан кæй фæзынд, æгас кæй у, ууыл цин кæны. Уадз, цыфæнды хуызæн уæд, уæддæр йæ лæппу у, йæ хъæбул æмæ фæзынд, æгас у.

Темыр цæхæрадоны дынджыр кæрдо бæласы бын йæхи арæзт æртæкъахыг бандоныл бады, йæ къухтæ йæ уæрджытыл æруагъта æмæ æдзæмæй дард кæдæмдæр, арвгæронмæ кæсы. Жаннæ йæ фыды хорз, тынг хорз æмбары: мидæмæ, хæдзармæ йæ йæ къах нæ хæссы, Асланы ахæм уавæры уына, уый йæ нæ фæнды æмæ йæхиуыл бонасадæн кæны.

Лæппу схуыссыд. Æд дзаумæттæ. Йæ туфлитæ дæр нæ раласта. Цыма æхсæвы сменæйы куыста æмæ тынг бафæллад – уайминут афынæй. Жаннæ йын йæ туфлитæ куыд раппæрста, уый нæ базыдта.

Мад дуканийы цыдæр хæринæгтæ балхæдта æмæ æрбацыд. Чызг ын йæ хæссинаг райста:

– Аслан...

– Кæм и? – Мад дзыхълæуд фæкодта, йæ хъæлæс – тарст.

– Нæхимæ и. Чысыл раздæр фæзынд, фынæй кæны. Ма тæрс.

– Хуыцауæн табу. – Маринæ йæ чызджы разæй хæдзармæ бахызт. Чызг дзаг сау пакет цæлгæнæны стъолыл æрæвæрдта æмæ йæ уатмæ бацыд. Аслан фæзынд, фæлæ йын уæддæр цыдæр нæ фаг кæны, йæхимидæг куыддæр тыхсы, зæрдæ цыдæр æнтъыснæг у. Йæ фыссæн стъолы цур къæлæтджыны йæхи æруагъта. Нæ. Чысыл раздæр йе ‘фсымæр бандоныл куыд æрхауд, афтæ æрхауд, æрмæст Жаннæйæн ахауынæй тас нæу. Стъол – æнæфснайд: чингуытæ, газеттæ, æхæттытæ, йæ дæгъæлтæ. Йæ цæстытæ йæ дæгъæлтыл æрæнцадысты, цыма сæ фыццаг хатт федта, афтæ сæм ныджджих. Йæ сæр банкъуыста, йæ зонд ницыуал кæрды. Цы рæстæг цæрæм? Цавæр æхсæнады цæрæм?

Чи стæм? Ныртæккæ, æвæццæгæн, нæ бæстæйы дæгъæлтæ, гуыдыртæ æмæ æфсæн дуæрттæй фылдæр ницы ис. Уыдон дын тæккæ хъæугæдæр товартæ. Æмæ – гъа, искæй фæллойæ цæрын чи уарзы, уыдонæй дæхи хъахъхъæн, дæ дуæрттыл цалдæргай гуыдыртæ сæвæр, фæлæ... фæлæ дæхи бинойнаг... уый хæдзарæй исты куы адава, уый тæссæй дæ уаты дуæрттæ гуыдырæвæрдæй дар. Иу бинонтæ æмæ... Уый цавæр цард у? Дæ лæппуйæ, де 'фсымæрæй дæхи хъахъхъæн, хæдзарæй ахæссынæн бæзгæ цы ис, уыдон арф бафснай, гуыдыртæ сыл сæвæр. Уый куыд у?

Жаннæйæн фæстаг рæстæг критикон æрмæджытæ фыссын йæ цæсгом нал хъæцы. Ахæм æрмæг фыссын æй куы бахъæуы, уæд ручкæ райсы тынг æнæбары. Йæхицæн тыхми фæкæны, мæрдты бæстæйы зындонмæ бахауы. Уæд та йæ исчи æрурæдта æмæ бафарста: «Ахæм æмæ ахæм æрмæг ныффыстай æмæ уый хорз, фæлæ уал, искæмæн зонд амоныны бæсты, искæй хъæндзинæдтæ хурмæ ракалыны размæ уæхи бинонтæм æркæс. Чи у де 'фсымæр? Наркоман! Æмæ уал уый саразут раст фæндагыл».

Уыцы хъуыдытæм чызджы уæнгты уазал риз ацæуы. Уæд та газеты дæ куыст ныууадз æмæ хæдзары дуарæхгæдæй бад. Кæнæ ссар ахæм куыст, адæмæй иппæрд куыд уай, дæу дæр æмæ ды дæр куыд никæй уынай. Æмæ ахæм куыст и? Стæй, газет ныууадз, сывæллонæй фæстæмæ цæмæ бæллыд, уый – журналисты дæсныйад иуварс аппар, уый йæ бон бауыдзæн? Бауыдзæн! Уæдæ ма-иу кæсут: бауыдзæн! Иу бон куыстмæ нал рацæудзæн. Иубон алцæмæй дæр фервæздзæн.

Жаннæ дæгъæлтæ иуварс асхуыста, æмæ дзинг-дзинггæнгæ пъолмæ æрхаудысты. Нæ фæлæ цы æдылы у. Дæгъæлтæ та цы аххосджын сты. Систа сæ æмæ сæ хъавгæ йе стъолыл æрæвæрдта.

Уаты дуар æрбайгом æмæ мад æрбахызт, ницыма загъта, фæлæ йæ чызг бамбæрста: сихор цæттæ у æмæ йæм дзуры.

– Мамæ, фæцæуын.

– Цом уæдæ.

– Æмæ папæ нæ цæуы, кæм и?

– Нæ комы.

Жаннæмæ дæр хæрын нæ цæуы, фæлæ йæ мады зæрдæхудты нæ бацæудзæн. Темыры дæр æнæ сихор бахæргæ нæ ныууадздзæн. Фыд цæхæрадоны кæрдæджытæ тоны, æнæ кусгæ

нæ зоны. Сара, кæрт – æфснайд, сыгъдæг, цæхæрадон – куыстгонд, æмæ чызг фæхъуыды кæны: йæ фыд ацы бон баулæфдзæн, зæхмæ не ‘ргуыбыр кæндзæн. Нæ! Уæддæр йæхицæн исты куыст ссары. Æвæццææн сæ алыварс цæрджытæй Темыр йеддæмæ йæ белтæ ничи цыргъ кæны. Темыры къæпитæ æмæ белтыл згæ никæд фæхæцыд.

– Папæ, замманай фынг нæм æнхъæлмæ кæсы.

– Мæнæй ницы рауайдзæн, æз хæрдджын дæн, – æмæ фыд кæрдæг тонынмæ æргуыбыр. Цæй кæрдæг дзы ис, искуы иу хал, Темыр йæ цæхæрадоны кæрдæг зайын уадзы? Фыд йæ чызгмæ кæсгæ дæр нæ ракодта. Æмæ йæ æмбары: хæрдджын у, æфсæст у... мæстæй.

– Цом, папæ, ды куы нæ рацæуай, уæд... уæд æз дæр нæ хæрын.

– Мæ зæрдæ ницы зæгъы. Ацу. Æз фæстæдæр акомдзаг кæндзынæн.

Жаннæйы дæр, бæргæ, ницы хъæуы, фæлæ...

Чызг цæлгæнæн бафснайдта æмæ йæ мады цурмæ бацыд, йæ уæхскыл ын йæ армытъæпæн æруагъта:

– Мамæ, иннæбон папæйæн йæ райгуырæн бон у, æмæ æртæ чъирийы кæндзынæ?

– Уый та цы фарст у?

– Æмæ-гъа. Ахуырбег ын æхца сæрвитдзæн æмæ йын сæ афтæ раттæм æви йын исты балхæнæм?

Мад йæ уæхсчытæ æрбалхъывта:

– Нæ зонын, нæ зонын. Исты йын балæвар кæн, уæд æвзæр нæ уаид, иннæмæй та æхца хæдзары хуыздæр хъæуы, йæхиуыл сæ куы не схардз кæндзæн, мыййаг.

Жаннæ та цы ралæвар кæндзæн йæ фыдæн? Æдзухдæр ын, уадз, хæрз чысыл цыдæр уæд, уæддæр йæ ном ссары, исты æхсызгондзинад ын саразы. Чызг ницыма загъта, фæлæ йæ мад бамбæрста, æвæццæгæн, йæ цæстæнгасæй, æвæццæгæн, ныйарæгæй цоты ‘хсæн цы тæгтæ ис, уымæй. Диссаг у мады зæрдæ.

– Ды мацæуыл тыхс, дæу ницы æфсæрм и.

– Нæ, мамæ, – чызг йæ уатмæ бацыд. Айдæнмæ йæхимæ кæсы. Аслан сæхимæ кæй нæ уыд, уый ууыл дæр фæзынд: йæ цæстытыл, хуыссæгхъуаг кæй у, уый бæрæг дары.

Жаннæ бандоныл йæхи æруагъта. Йæ уæнгтæ цыдæр уæззау сты. Уый хорз, фæлæ цы ралæвар кæна Темырæн? Дзыппыдаргæ

телефон. Æмæ йæ зæрдæмæ фæцæудзæн? Бакомдзæн æй? Хъæуы йæ? Исты ‘фсæнттæ нæ кæндзæн: зæронды ма цæй телефон хъæуы? Кæдæм дзы дзурын?.. Æмæ цас зæронд у Темыр? Æвдай цыппар азы йыл сæххæст уыдзæн. Æмæ уый зæронд у?

Чызг йæхимидæг скарста: йæ фыдæн балæвар кæндзæн телефон. Мамæйæн дæр балæвар кодта, уый дæр æй нæ куымдта, стæй йыл фæцахуыр æмæ дзы тынг дзæбæх дзырдта. Темыры дæр сразы кæндзæн. Цæхæрадоны бæласы бын бадыс æмæ Мæскуыйы дæ фырт Ахуырбегимæ ныхас кæныс, йæ хъæлæс ын афтæ хорз хъусыс, цыма дæ цуры лæууы. Кæдæм дæ фæнды, зæххы иу кæронæй иннæ кæронмæ, уырдæм дæр адзур. Темыр цæрæнбонты техникæимæ баст у, дыууиссæдз азы бæрц гуыффæджын машинæйыл чи фæкуыста, хæдтулгæ йæ фондз æнгуылдзы хуызæн чи зоны, ныр дæр ма сæ машинæтæ исты куы фæкæнынц, уæд бафæрсынмæ кæмæ ‘рбацæуынц, машинæйы мотормæ исты лаз и æви нæй, уый йæ хъæрæй чи базоны, уый дзыппыдаргæ телефонæй дзурын нæ базондзæн? Фæлæ... масты хос ын куы фæуа. Бирæ йæм бафæстиат уыдзæн? Иу бон зæххы скъуыды нæ ныххаудзæн? Æмæ цы фæуыдзæн, уый бинонтæ иууылдæр зондзысты, фæлæ йæ æргом иу дæр нæ зæгъдзæн. Уый у, фæлæ ууыл басæттын сæ иуы дæр нæ фæнддзæн. Æмæ йæ агурдзысты. Кæд æй Темыр искæм авæрдта? Суанг ма сара æмæ кæрты къуымтæ дæр басгардзысты, фæлæ никæм ницы. Афтæмæй та, цы фæци, уый се ‘ппæт дæр тынг хорз зондзысты. Фæлæ, ау, уый... Аслан æй фæиуварс кодта, уый йæ адавта, ууыл сæ иу дæр гуырысхо нæ кæндзæн. Фæлæ ныййарæджы зæрдæ... Зоны йæ: йæ хъæбул ахæм æмæ ахæм адæймаг у, афтæ æмæ афтæ кæны, фæлæ йыл уæддæр йæ зæрдæ басæттын нæ комы, йæ ныфсы тæпп нæ мæлы. Уый... уый амæлдзæн æрмæстдæр йемæ.

Жаннæ йæ мадæн дæр балæвар кодта телефон. Фæлæ иу бон авд дæлзæхх ныххауд. Цы фæци, уый зыдтой, уæддæр æй агуырдтой. Ногæй та йæ мадæн телефон балхæнынмæ хъавыд, фæлæ уый цæхгæр ныллæууыд: нæ йæ хъæуы. Æмæ йæ чызг бамбæрста: фесæфдзæн та йын æмæ зонгæ-зонын йæхицæн маст цæмæн кæна... Кæд... кæд, Жаннæ Темыræн йæ райгуыræн бон телефон балæвар кæнынмæ кæй хъавы, уый рæдыд фæнд у? Уымæн дæр æрбайсæфдзæн?.. Ау, ацы зæххыл табуйаг ницыуал ис?..

Темыр æнæуи дæр дзыппыдаргæ телефонтæ нæ уарзы. Телеуынынад, цы ног техникæ æрбагуылф кодта, уый æмæ ацы чысыл телефонтæ цыма адæмы, фыццаджыдæр та фæсивæды, рæзгæ фæлтæры халджытæ сты, афтæ нымайы. Арæх йæхицæн дзурæгау фæдзуры: «Уæлдайдæр æрыгон læппутæ æмæ чызджытæн æнæ уыцы телефон сæ цард цард нал у. Автобусмæ хизой, фистæгæй цæуой – уыцы телефон сæ хъустæй нæ исынц. Хъусыл ын баныхасæн и, уæд æй баныхасиккой æмæ æхсæвæйбонæй дзуриккой æмæ дзуриккой. Акæс-ма, паддзахадон стыр фарстатæ лыг кæнынц æмæ...»

Цы уа, уый уæд, Жаннæ йæ фыдæн телефон балæвар кæндзæн.

Чызг йе стъолы цур сбадт, лагъзæй цалдæр сыгъдæг, æнæфыст сыфы систа, иу дзы йæхимæ хæстæг æрæвæрдта. Газетмæ йæ уацхъуыд ныффыссын хъæуы æмæ... Ручкæ райста æмæ æнцад бады. Йæ бон у, æмæ йæ райсом ныффысса, кæнæ иннæбон. Куы ницы ныффысса, уæддæр ын ничи ницы зæгъдзæн. Жаннæ æдзæмæй бады, фыссын æм нæ цæуы. Раздæрты... Æрмæстдæр фыссын фæраз: хъуыдыйæдтæ сæхæдæг урс гæххæтмæ калдысты, сæхæдæг ивылдысты.

Жаннæ гæххæтты сыфыл иуварс ахæцыд, ручкæ стъолыл æрæвæрдта. Цæуыл хъуыды кæны: ныййарджытæн сæ цот афтæ зынаргъ, афтæ адджын цæмæн сты? Цард сын уыдон кæй радтой, уый тыххæй? Дарддæр сæ цард уыдоны хуызы кæй цæудзæн, уый тыххæй? Ныййарæг афтæ хатыргæнаг цæмæн у? Уый хуызæн дын чи ныббардзæн? Уый хуызæн æнхъæлмæ кæсын чи зоны? Уыцы миниуджытæ йын, æвæццæгæн, æрдзæй лæвæрд сты. Цот сæ ныййарджыты, уыдон сæ куыд тынг уарзынц, афтæ цæуыннæ уарзынц? Жаннæ йæхи æфсымæртæ æмæ хойæ зæгъы. Гъа, мамæ сын фыдыус у, фæлæ Темыр та? Цыдæр, цыдæр уазал хуыз сын вæййы. Æви уый уымæ афтæ кæсы. Асланæн уæлдай нал у, фæлæ иннæтæ... Ахуырбег сæ хицæн кæны, цыма уый æндæр мад æмæ фыдæй райгуырд. Æфсымæртæ æмæ хоты æхсæн дæр ис хъулæттæ. Сæ бинонтæ æддаг бакастæй цыма кæрæдзийы хорз æмбарынц, кæрæдзиуыл æрхъæцмæ дæр нæ хъæцынц, цыма æнæ кæрæдзи нæ фæразынц, иу хæдон дæр сын уæрæх у, кæрæдзиимæ куыд тагъддæр сæмбæлой, цыма уымæ тырнынц, цыма сын алы фембæлд дæр стыр бæрæгбон у. Æцæгдзинадæй та?.. Охх, æддаг бакаст æмæ æцæгдзинад, куыд

дард стут кæрæдзимæ! Ахуырбег ам нæй, фæлæ Вадим дæр æмæ Фатимæ дæр, цыма дард кæмдæр цæрынц, авд хохы сæрты сæ цæуын хъæуы – кæд ма сæмбæлынц бинонтæ сæ райгуырæн хæдзары иумæ? Искуы иу хатт. Æмæ уый дæр – æхсгæуад: сæ бадæнтæ нæма ахъарм вæййынц, афтæмæй дуармæ фæкæсынц, фæстæмæ цæуыныл ныллæууынц. Темыры загъдау, дунейы адæмты æмæ паддзахæдты фарстатæ уыдон лыг кæнынц æмæ... Жаннæмæ афтæ фæкæсы, цыма Вадим дæр, Фатимæ дæр æмæ Аслан дæр сæ хæдзары æцæгæлæттæ сты. Зонгæ æцæгæлæттæ. Уыдон та уый хонынц æцæгæлон. Æви, æцæгдæр, уый йæхæдæг у сæ хæдзары æцæгæлон? Йæ хо æмæ йе ‘фсымæртæй алкæмæн дæр – йæхи цард, æмæ сæ кæд, мыййаг, Жаннæ не ‘мбары? Æмæ Ахуырбеджы куы æмбары. Уый... уый ницыуал зоны.

Стыр фысджытæй чидæр, æнхъæлдæн, Лев Толстой фыста, зæгъгæ, алы бинонтæ дæр амонджын æмæ æнамонд дæр сæхирдыгонау сты. Цымæ бинонты цардæй сусæгдæр æмæ æмбæхстдæр исты ис? Сусæгдзинæдты сусæгдзинад. Æви уый Жаннæ афтæ хъуыды кæны. Ницыуал зоны. Йæхимидæг ныссуйтæ.

Дысон та сæ бинонтæ æгъуыссæг фесты. Жаннæ ма уæддæр ацъынд кодта, фæлæ мад æмæ фыдыл рæдзæ-мæдзæгæнгæ æрбабон. Адæймаг, дам, алцæуыл дæр ахуыр кæны. Нæ! Нæ ахуыр кæны! Аслан нæ зыны, уæд мад æмæ фыдæй йæ сæр базмæ ничи æруадздзæн. Цалдæр æхсæвы дæр æнхъæлмæ кæсдзысты, цырæгътæ судздзысты, уынгæй цыдæр уынæр æрбайхъуыст, уæд æзфæраздæронæй згъорæгау æддæмæ рауайынц, фæстæмæ сæркъулæй æрбаздæхынц æмæ та... рæдзæ-мæдзæ кæн. Аслан иу æхсæв куы нæ фæзыны, уæд дæр – бæллæх. Фæлæ цалдæр æхсæвы, къуыригæйттæ дæр фесæфы, æмæ уæд мад æмæ фыд сæхи хуызæн нал вæййынц. Сæ цæстытæ бахауынц, цыдæр мынæг рухс ма сæ фæкæлы, цыма ахуыссынмæ фæхъавынц. Жаннæйы зæрдæ ницæуылуал фæхæцы. Ахæм рæстæг дæ хæдзарæй алидз, искæм бамбæхс æмæ мацы уын, мацы зон. Фæлæ... Нæ-æ! Куыд хъуамæ ныууадза йæ мад æмæ йæ фыды иунæгæй? Нæ-æ! Дæ мад æмæ дæ фыд – зындоны, ды та дæхи бамбæхс. Раздæрты сын-иу дзырдта: иучысыл рæстæг уæддæр афынæй кæнут, æппынфæстаг, æртæ стæм, æмæ уæд та радыгай æнхъæлмæ кæсæм. Нæ сæ басаста. Æмæ-иу æй скæуынмæ бирæ нал хъуыд. Уыдон та уымæн дзырдтой,уый ахуырмæ цæуын хъæуы, фæстæдæр та – кусынмæ æмæ йæхи æгъуыссæг ма

кæнæд. Уыдонæн ницы у, уыдоныл ма хъуыды кæнæд. Æмæ-иу æд дзаумæттæ диваныл йæхи æруагъта, цыдæр уынæр фæцыд, уæд фестъæлф æмæ сарамæ, кæртмæ дæхи аппар. Æмæ кæд Аслан фæзынд, уæд йæ фæстæ ауоны хуызæн æрбацу. Жаннæйы-иу иу ныхас зæгъын нæ, фæлæ улæфын дæр нæ фæндыд. Дæ цæстытæ доны зилынц, афтæмæй дæ хуыссæны ныххау. Фæлæ уæддæр де 'фсымæр æгас кæй у, хæдзар кæй ссардта, ууыл цин кæн.

Чызг фæстаг рæстæджыты мад æмæ фыдæн ницыуал фæзæгъы: уæддæр æм нæ байхъусдзысты æмæ ма сын сæ зæрдæтæ цы къаха.

Аслан сæ хæдзарæй фыццаг хатт куыд ацыд, уый дзы никæд ферох уыдзæн. Уыцы изæр цæстыты раз февзæры, æнæнхъæлæджы сног вæйиы.

Уæд уыцы хъылмайæ уколтæ нæма кодта, уæд уыцы талæу комкоммæ йæ тугмæ нæма цыд. Фæлæ дымдта... Дымдта уыцы емынæ. Фыццаг хатт дзы кæд æмæ куыд фæхъæстæ и? Уыцы цъымарамæ йæ фæндаг кæд фæсаджил? Æвæццæгæн ын йæхæдæг дæр ницы зоны. Хъæздгуыты, хицауады цот, дам, арæхдæр фæрæдийынц, наркотиктæн бирæ æхца хъæуы æмæ, дам, уыдонæн та сæ дзыппытæ хорз амонынц. Фæлæ æрмæст уыдоны цот рæдийынц? Темыр æмæ Маринæмæ заводтæ æмæ цехтæ и? Се 'хцатæ ракæл-ракæл кæнынц? Дыууæйæ дæр – хуымæтæджы кусджытæ, фæстаг азты та – хуымæтæджы пенсиисджытæ. Æвæццæгæн, æцæгдæр, уыцы цъымара ныккæндмæ адæймаг куыд фæбырдзæн, уый зын зæгъæн у. Уый... уый, æвæццæгæн, Жаннæ йæ бинонты раст кæны, йæхи раст кæны, æндæр...

Æмæ та йæ цæстыты раз сног, Аслан фыццаг хатт сæхицæй цы изæр ацыд, уый. Бадымдта та. Æмæ цыма æрдæгфынæй у: йæ цæстытæй тыххæй кæсы, фæцуды. Йе 'фсымæр у хъæдын адæймаджы, роботы хуызæн: ацы зæххыл æй ницы æндавы, алцыдæр ын – æцæгæлон.

Фыд йæ сæр банкъусы, цæхæрадонмæ ацæуы, куы иу бæласы бын алæууы, куы бадгæ акæны, куы белыл æрæнцой кæны æмæ æдзæмæй баззайы. Цы ма кæна йæ лæппуйæн? Нал æм хъусы. Сæфы, цæстыты раз сæфы йæ лæппу, æмæ цы кæна? Йемæ дзур æмæ дурмæ дæр дзур: дæ ныхас æй нæ хъæуы.

Темыр хæдзармæ æрбахызт æмæ стъолы фарсмæ сбадт, йæ

худ стъолыл æрæвæрдта. Аслан диваныл йæхи фæстæмæ ауагъта. Фыргуыстæй бафæллад. Æмæ цыма ныртæккæ афынæй уыдзæн, йæ цæстытæ афтæ – æрдæгцъынд.

– Йарæби, Аслан, дæхимæ-ма бакæс, цы хуызæн дæ, дæхи куыд æруагътай? Æппын дæхицæн аргъ нал кæныс? Æппын дæм дæхимæ уарзондзинады миниуджытæй ницыуал базад? Лæппу куы дæ! Æппындæр худинаг нал и?

– Æмæ цы кæнын? – Аслан æм йæхи разылдта, цыма аххосджын уый нæ, фæлæ Темыр у.

– Цы кæныс, уый кæй не ‘мбарыс, бæлæхх дæр уый у. Университетыл нæ фæстаг капеччытæ схардз кодтам æмæ уырдыгæй фæхауæццаг у!.. Алчи уым сахуыр кæнынмæ бæллы, ды та... Худинаг, худинаг. Цал æмæ цал хатты дзырдтам: кæд ахуыр нæ кæныс, уæд та исты куыстыл ныххæц, æмæ дын куыст дæр мамм у. Æмæ афтæмæй уый цард у? Дæхи дæр æмæ мах дæр худинаг кæныс.

– Æз никæй худинаг кæнын. Æз хорз цæрын. Æз мæ цардæй тынг разы дæн, – læппу йæ къух ауыгъта. – Цæй, лекцитæ та мын кæс. Куыст! Куыст! Æз абон цæрын æмæ мæ куыд фæнды, цæрын афтæ.

Мад æмæ чызг æнцад лæууынц, ничи сæ ницы дзуры. Сæ иу дæр æмæ иннæ дæр æмбары: арт судзы, ноджы тынгдæр куы ссудза, уымæй ахъаззаг тæссаг, æмæ дæ ныхас баппар, уый уаид уыцы артмæ хус æхсныфтæ, хус сугтæ æппарæгау. Жаннæ ахъавыд. Иуварс ацæуа æмæ мацы хъуса. Нæ! Нæ ацæудзæн. Æмæ диваны иннæ кæрон сбадт.

– Ды куыд цæрыс, Аслан, уый цард нæу. Бирæгъ дæр ма йæ райсомыл хъуыды кæны. Стæй, чи загъта æмæ, ды цы цардæй цæрыс, афтæ цæрын хъæуы, уый бæлиццаджы цард у?

– Мæныл мачи тыхсæд, мæ мæт мачи кæнæд.

– Æз дыл тыхсын, æз, уымæн æмæ мæ фырт дæ. Мæнæ дыл нæ бинонтæ тыхсынц, уымæн æмæ нæ бинонтæй дæ.

– Охх, папæ, сфæлмæцыдтæн уæ, искуы уæ фервæз.

– Мæнæ æз куы амæлон, уæд мæ фервæздзынæ. Акæса, сфæлмæцыд нæ. Уый дæ мах сфæлмæцыдыстæм. Бамбæрстай?

– Æз уæ ныр дæр фервæздзынæн. Æз ардыгæй цæугæ кæнын, мæ бон уæ нал у.

Темыр йæ сæрыл схæцыд, йæ цæстытæ læппуйыл æрæнцадысты, уæрæх байгом сты æмæ мæсты æрттывд кæнынц. Æмæ

æвиппайды, цыма сонт фæци, афтæ йæ хъæлæсыдзаг ныхъхъæр кодта:

– Æмæ ацу! Ацу!!!

– Цæуын!

– Ацу!

Жаннæ йæ фыды уæхскыл йæхи баппæрста. Фыццаг хатт æй уыны ахæм мæстджынæй. Йæ фыд ризы, йе ‘взаг къæзы. Йæ уæздан, йæ фæлмæн фыд йæхи нал баурæдта, йæ маст срæмыгъта. Аслан сабыр ныхас нал æмбары æмæ...

– Цæуын! Цæуын! – Аслан йæ паспорт раскъæфта. Шифанерæй йæ дзаумæттæ калы, йæ дарæсæй йæ цы хъæуы, уыдон чысыл спортивон хызыны тагъд-тагъд тъыссы. Бинонтæ иууылдæр ныссабыр сты, æрмæст хъуысы Темыр æмæ Асланы тыхулæфт. Хъуысы Темыры риуы хæр-хæр, зæрдæйыл æмбæлы. Æмæ Жаннæйы зæрдæ тынгæй-тынгдæр гуыпп-гуыпп кæны. Афтæ тынг ын гуыпп-гуыпп кæны, æмæ йæм йæ фыд æмæ йе ’фсымæры тыхулæфт дæр нал хъуысы. Тæрсы, цæмæйдæр тынг тæрсы, цыма ныртæккæ арт ныггуыпп кæндзæн, цыдæр срæмудздзæн, цыдæр æбуалгъ хъуыддаг æрцæудзæн...

Маринæ Асланы цурмæ бацыд, хъуамæ йын йæ уæхскыл йæ армытъæпæн фæлмæн æрæвæра. Лæппу фестъæлфыд, иуварс алæууыд.

– Аслан, масты фæндаг адæймаджы хорзмæ никуыма ‘ркодта.

– Алчи та мæнæн амоны зонд. Мачи мын мацы дзурæд.

– Аслан...

Уый ницы хъусы. Йæ дзаумæттæ хызыны тыхтъыст кæны.

Жаннæ сыстад. Сыстад, фæлæ дарддæр йæ бон акъахдзæф кæнын нæу. Цыма йæ пъæззы æрцахста, цыма уадзыг баци, æмæ æнцад лæууыд. Аслан... Асик, æцæгдæр сæ хæдзарæй ацæудзæн? Æмæ цы фæуыдзæн? Æмæ йæм цы ‘нхъæлмæ кæсы уæд? Уынг. Вагзал... Талынг, уымæл пъадвал... Æххормаг æмæ бæгънæг... Ахæстон... Стæй, æппынфæстаг... Цы? Æгады мард. Уый та цавæр хъуыды у?

Чызджы зæрдæ тынгдæр гуыпп-гуыпп кæны. Нæ-æ. Уый та куыд? Йе ‘фсымæрмæ ахæм хъысмæт æнхъæлмæ кæсы?

– Асик, уый цытæ кæныс? Уый...

Лæппу йын йæ ныхас фескъуыдта:

– Ды... ды та цы сцырын дæ? – æмæ йыл йæ къух ауыгъта. Æрбакаст æм. Æрбакаст æм ахæм цæстæнгасæй, цыма йæ цуры йæ хо нæ, фæлæ знаг лæууы. Уæддæр ын загъта:

– Аслан, Асик, дæхи æрæмбар.

– Асик! Асик! Цы Асик, Асик кæныс? Ды... ды... Нæ бинонты нын ды фенамонд кодтай. Бамбæрстай? – Æмæ та йæм æрбадзагъул кодта.

Жаннæйы фæнды ныххудын. Йæ хъæлæсыдзаг. Афтæ хъæрæй, æмæ рудзгуыты æвгтæ куыд ныддыз-дыз кæной, куыд æрызгъæлой. Фæлæ нæ ныххудт. Йæ армытъæпæнтæй йæ цæсгом амбæрзта. Нæ! Йæ армытъæпæнтæй йæ цæсгом нылхъывта. Йе 'нгуылдзтæй йæ йæ цæсгом афтæ тынг нылхъивын фæнды, æмæ куыд рисса. Фæлæ дзы ницы риссы.

– Цы дзурыс, уый æмбарыс? – Йе 'фсымæр цы зæгъы, Жаннæ уый хорз зоны. Фыццаг хатт нæ хъусы уыцы ныхас, фыццаг хатт æй нæ азымджын кæны.

– Æмæ раст нæ зæгъын? – разылд æм Аслан. – Нæ мад дæу аххосæй нæ амард? Æнæ мад дæу тыххæй нæ баззадыстæм?

– О, мæн тыххæй, мæн тыххæй, æмæ мæ амарут! – Дæ уатмæ азгъор, базыл ныддæлгоммæ у æмæ дæ хъæлæсыдзаг ныббогъ кæн. Фæлæ уый не скæудзæн! Уæд мад æмæ фыд... Нæ! Не скæудзæн. Йæ зæнгтæ зыр-зыр кæнынц: ма фæдонзоныг уæд.

– Æмæ мамæ дæ мамæ нæу?

– Нæу! Уый æрмæстдæр дæ мад у.

Жаннæ Асланæй фыццаг хатт нæ хъусы ацы ныхас. Вадим æмæ йын Фатимæ дæр иу æмæ дыууæ хатты нæ загътой, иу æмæ йын дыууæ хатты нæ бадардтой йæ цæстмæ, кæм хъазгæйæ, кæм та комкоммæ: акæса, æнæ мад уый аххосæй фесты, сидзæрæй уый тыххæй баззадысты, мады ад уый аххосæй нæ базыдтой, фыдыусы азар сæ уый тыххæй басыгъта.

Мад æдзæмæй лæууы. Чызг æм бацыд æмæ йæ æрбахъæбыс кодта. Ничи сæ ницы дзуры, фæлæ... фæлæ Жаннæйы буар йæ алы стъæлфтæй дæр дзуры: Маринæ Асланы ныхæстыл æппындæр ма хъуыды кæнæд, уыдон, йæ зонд кæмæн ныггалиутæ æмæ ныссуйтæ, цы дзуры, ууыл чи нæ хъуыды кæны, ахæм рынчын лæппуйы ныхæстæ сты.

Чызг йæ сæрыл схæцыд, йе 'фсымæрмæ кæсы:

– Аслан, рæдийыс, тынг рæдийыс.

– Æз, цы дзурын, уый хорз зонын, – æмæ лæппу йе спортивон хызын йæ уæхскмæ баппæрста. Бинонтæ ныссабыр сты, иу сым нæ хъуысы. Цыдæр рæстæг сæ цæстытæ кæрæдзимæ фемдзаст сты æмæ æнæ иу ныхасæй сæ алчидæр бамбæрста: Асланы

куы нæ бауромой, уæд æрцæудзæн, срастгæнæн кæмæн нал и, ахæм рæдыд, æвирхъау рæдыд. Æмæ... æмæ чызг йе ‘фсымæры раз йе ‘мбæрц слæууыд, йæхи йыл баппæрста:

– Никæдæм цæуыс. Нæ дæ ауадздзынæн.

Аслан йæ хойы иуварс асхуыста, мæстджын, æнæхатырæй. Акъахдзæф кодта. Мад йæ размæ дуары цур æрлæууыд. Æмæ йæ уый бауромдзæн?.. Ау, Аслан уымæ йæ къух сисдзæн? Асхойдзæн æй? Йæ ныййарæг мад нæу, фыдыус, фæлæ йæ чи схъомыл кодта? Йæ дзаумæттæ йын чи æхсадта? Скъоламæ йæ сыгъдæг æмæ итувæрд дарæсы чи æрвыста? Кæй конд хъарм хæринаг хордта æмæ хæры абон дæр? Вадимæн дæр, Ахуырбег æмæ Фатимæйæн дæр сæ мад нæу, фæлæ сыл хи мадау чи узæлыд æмæ чи рæвдыдта? Жаннæ куы райгуырд, уæд Асланыл цыди цыппар азы. Æмæ, дам, Маринæ мæ мад нæу. Уæдæ чи у йæ мад? Æмæ уый асхойдзæн? Æмæ уæд уый бинонты сæфт нæу? Бинонтæ... Бинонтæ... Цы ‘рцыд сæ бинонтыл? Ныссуйтæ сты. Æмæ уый кæд, æцæгдæр, Жаннæйы аххос у. Æви... Æви ис æндæр аххосæгтæ, стырдæр аххосæгтæ... Бинонтæ кæрæдзи куынæуал æмбарой, уæд уый куыд у? Хистæр дзы хистæр куынæуал уа, сылгоймаг – сылгоймаг, кæстæр та – кæстæр. Æппындæр нæ ницыуал хъæуы? Хъæуы! Æхца æмæ исбон! Æппындæр ницыуал зонæм? Зонæм! Æхца æмæ исбон! Ау, нæ удварн бынтондæр фесæфт? Æвæццæгæн, æвæццæгæн... Асланы къух Маринæйыл куы аныдзæва, уæд... Жаннæ... Жаннæ арт фестдзæн. Æмæ чызг йæ мады цонгыл иуварс рахæцыд:

– Ауадз æй.

Темыр æдзæмæй бады, йæ тыхулæфт хъуысы. Мацы кæнæд. Йæ туджы ‘лхъывдад та хæрзаг сгæпп кодта. Исты хос... æмæ нæ бакомдзæн. Йæхимидæг базмæлыд, йæ сæрыл схæцыд æмæ къæзгæ дзуры:

– Аслан, æз дæр æмæ ды дæр нæхиуыл нæ фæхæцыдыстæм, æгæр карз ныхас рауад не ‘хсæн æмæ дарддæр рæдийын нал хъæуы.

– Ды раджы фæрæдыдтæ.

Фыд йæхиуыл схæцыд, йе ‘мбæрц сраст, Асланмæ разылд æмæ йæм нымдзаст:

– Уый, æз фæрæдыдтæн?

– Ды, – Аслан дæр æм комкоммæ кæсы.

– Æмæ, дæ хорзæхæй, цæмæй фæрæдыдтæн, уый ма мын

бамбарын кæн? Мæ комы-комдзæгтæй уæ кæй фæхастон, уымæй? Мæхиуыл дарæсы хуызæн дарæс кæй никуы скодтон, уымæй? Сымахæн уæ цард хуыздæр ацæуа æмæ ахуыры фæндагыл æрлæууат, уый тыххæй мæхи кæй хъардтон, уый тыххæй мæ фæстаг капеччытæ кæй хардз кодтон, уымæй фæрæдыдтæн? Цæмæй царды уæхи ссарат, адæмы рæнхъы цæуат, ууыл мæ быцъынæг кæй тыдтон, уымæй фæрæдыдтæн? Зæгъ-ма мын, дæ хорзæхæй, дæ иууыл бæрзонддзинад, цæмæй фæрæдыдтæн? Зæгъ-ма мын æй!

Жаннæ минуты размæ цы Темыры уыдта – сабыр, фæлмæндзаст, – уый фæцыдæр. Уыны æндæр Темыры: карз, æнæхатыр. Лæг фæбæрзонддæр, ноджы тынгдæр сраст, фæуæнгджындæр, йæ хъæлæс ризы.

Аслан ныххудт. Хъæрæй. Йæ армытъæпæнтæ цалдæр хатты кæрæдзиуыл æрцавта:

– О, ды нын бирæ цыдæртæ сарæзтай: заводтæ, цехтæ, æддæгуæлæ галуантæ, нæ кæрты – цалдæр фæсарæйнаг машинæйы. О, ды нын олигарх дæ, олигарх! – Æмæ та йæ хъæлæсыдзаг ныххудт. Рог, æнæмæт кæл-кæл. Æдзæлгъæд худт! – Цы нын сарæзтай? Ницы!

– Мæнæн мæ уавæр æмæ мæ фадæттæ куыд амыдтой, афтæ сарæзтон, цалынмæ мæ хъару уыд, уæдмæ иу бон дæр мæхицæн улæфты бар нæ радтон. Ды та, дæс æмæ дыл ссæдз азы цæуы æмæ иу бон бакуыстай? Иу сом дæ фæллойæ искæд нæ хæдзармæ æрбафтыд? –Темыр афтæ мæстджынæй дзуры, æмæ йæ къухы лæдзæг и, уæд æй, æвæццæгæн, пъолыл хоид. Æмæ лæдзæг тæгæлтæ хауид.

– Фондз-æхсæз мины тыххæй хъуамæ мæйы дæргъы мæ удæй арт цæгъдон? Цæуыннæ. Ныр ахæм æдылытæ нал и, – Аслан дуарыл рахæцыд. Къæсæрæй ахызт. Жаннæ йæ фæстæ уынгмæ рацыд, æнхъæлдта, йе 'фсымæр æм ракæсдзæн, æрлæудзæн, йæ цурмæ бацæудзæн æмæ зæгъдзæн: «Никæдæмуал цæуын». Уый фæстæмæ дæр нæ ракаст, автобусты æрлæууæнмæ йæ ных сарæзта.

Хæдзар – æгуыппæг сабыр. Æртæ адæймаджы дзы, фæлæ дзы цыма цъиуызмæлæг дæр нæй, цыма уыдон адæймæгтæ нæ, фæлæ аууæттæ сты. Æмæ Жаннæ телевизор скусын кодта: уадз, уый хъæр уæддæр хъуыса. Мад дæр æмæ йæм фыд дæр бакастысты, æмæ йæ ахуыссын кодта.

– Фæйнæ цайы уын акæнон?

– Акæн.

Мад ауоны хуызæн базмæлыд. Фыд, цыма йæ цайæн фæуынæй тæрсы, афтæ дзы чысылгай ахуыпп кæны. Ахуыпп кæны æмæ та агуывзæ стъолыл æрæвæры, ныуулæфы, аджих вæйиы. Æнцад бады, фæлæ мидæгæй, зæрдæйы цы цæуы? Æвæццæгæн, ивылд дон фестад. Хъуыдытæ... Хъуыдытæ, уаддымгæ мигъты дыууæрдæм куыд хæсса, мигътæ æддæг-мидæг куыд ауайынц, æвæццæгæн, афтæ кæрæдзи сурынц, иу хъуыды иннæйы йæ быны нуæрды.

Темыр диваны къуымы бады. Чызг бафиппайдта: чысыл раздæр йæ фыртимæ цы æлвæст, ныфсджын лæг ныхас кодта, уый атад, бампылд.

Темыр йæ цайы агуывзæ æрдæгцымдæй стъолыл иуварс æрæвæрдта æмæ Жаннæмæ бакаст:

– Иу агуывзæ мын арахъхъ рахæсс. Стыр, тигъджын агуывзæйы дзаг. Водкæ.

Чызг цыдæр уысм сагъдауæй аззад, йæ цæстытæ йæ фыдыл æрхаста: хынджылæг кæны, æви йæ æцæгæй фæнды иу арахъхъ баназын?

– Рахæсс, рахæсс, – дзуры та йæм ногæй. Жаннæ водкæйы авг стъолыл æрæвæрдта, агуывзæйы дзаг дзы рауагъта. Мад æнцад бады, цыма ницы хъусы. Йæ хъуыдыты аныгъуылд æмæ, чи зоны, ницы хъусы. Темырмæ кæсы, фæлæ йæ, æвæццæгæн, нæ уыны.

Фыд агуывзæ райста. Йæ къухтæ... Жаннæ йæ фыццаг хатт уыны афтæмæй: йæ къухтæ ризынц. Мацы кæнæд, мацы йыл æрцæуæд.

– Папæ.

– Ма тыхс, – дыууæ къухæй агуывзæйыл æрхæцыд æмæ йæ йæ былыл сдардта. Цыма дон нуазы, цыма йын тынг дойны у, афтæ йæ æнæсулæфгæйæ баныз та. Мад ницы дзуры, фæлæ йæхимидæг, хæрзаг, дис кæны: цы 'рцыд йæ уæздан цардæмбалыл? Йæхи дзыхæй арахъхъ никæд бацагуырдта, иунæгæй иу хуыпп никæд скодта, уæд ныр... Цы сыл æрцыд? Цы сыл æрцыд, уый сæ алчидæр хорз зоны.

– Папæ, исты акомдзаг кæн.

– Ницы мæ хъæуы. – Фыд йæ чызгмæ разылд. – Ацу, баулæф. Æгъгъæд удхъизæмар у дæуæн дæр æмæ не 'ппæтæн дæр. Ацу, дæхи æруадз.

Жаннæ йæ уатмæ бацыд. Цыма æцæгæлон, æнæзонгæ уаты астæу лæууы. Йæ цæстытæ къуымтыл æрзылдысты. Сбадт. Фæлæ йæм бадын нæ цæуы. Диваныл йæхи æруагъта æмæ цармæ кæсы. Цар лæбыры, ныртæккæ æрхаудзæн, фæлæ дзы уый нæ тæрсы. Сæ бинонтæ... Æмæ чи у аххосджын?.. Чызг рабадт. Уый... Уый у аххосджын. Æмæ цы кæна?.. Йæ уатæй рацыд. Фыд диваны къуымы куыд бадт, афтæ бады, æрмæст йæ сæр фæстæмæ ауагъта æмæ цыма фынæй кæны: йæ цæстытæ – цъынд. Æмæ, чи зоны, афынæй.

Мад стъолы фарсмæ бады, йæ цæнгтæ стъолыл – дзуарæвæрд, йæ сæр сыл æруагъта. Йæ уæхсчытæ стъæлфынц. Кæуы. Кæуы сусæгæй. Кæуы йæхицæн Жаннæйы мад. Æмæ чызг æдзæмæй лæууы, нал улæфы. Бацу йæм, æрбахъæбыс æй кæн, дæхи йыл ныттух æмæ йын зæгъ: «Мамæ, ма ку. Ма ку, мамæ». Фæлæ уый æнцад лæууы, нæ йæм бацæудзæн. Уæд... уæд ын йæ зæрдæ бынтондæр скъахдзæн, уæд йæ зæрдæйы рис бынтондæр фегом уыдзæн. Уадз фæкæуæд, уадз йæ кæуыны мондæгтæ суадзæд. Жаннæ кæмдæр чиныджы каст: адæймаг куы фæкæуы, уæд ын фенцондæр вæййы.

Жаннæ йæ цæстытæ йæ фыдыл ахаста: бæргæ, куы афынæй уаид; бæргæ, исты хуызы йæ уд йæхимæ куы ‘рцæуид. Фæлæ йæ рыст зæрдæ, цыфæнды тарффынæй куы бауа, уæддæр не ‘рсабыр уыдзæн.

Темыр йæ сæрыл схæцыд, йæ цæстытæ байгом кодта æмæ сæ Жаннæйыл æрæвæрдта. Чызг ын фынæй æнхъæл уыд, уый та...

– Афтæ, гъе, мæ чызг, цард æгъатыр у, тынг æгъатыр, – йæ хъæлæс къæзы. Йæ цæсгом, цыма цалдæр боны æгъуыссæг у, ахæм хуыз ын, йæ цæсгомы æнцъылдтæ сау фæд дарынц.

– Папæ...

– Мæ чызг, ма тыхс.

Мад ауоны хуызæн сыстад æмæ йæ куыд ничи бафиппайа, афтæ ваннæмæ, йæ цæссыгты фæдтæ, йæ цæсгом æхсынмæ бацыд. Рахызт æмæ Темырмæ кæсы, йæ цуры сбадт, Жаннæмæ разылд:

– Дæ фыд цыдæр кæны, йæ хуыз йæ бынаты нæй. Йæ туджы ‘лхъывдад-ма йын абар, зæрдæйы хостæ-ма йын фен.

– Ницы мæ хъæуы, æз дзæбæх дæн.

Чызг ын йе ‘лхъывдад сбарста. Уый у, иннæ хæттыты йын цас вæййы – 160–170, уымæй бирæ фылдæр – 220. Фæлæ йæ не

схъæр кæндзæн: мад бынтондæр фæтæрсдзæн æмæ... Жаннæ йын йæхæдæг укол скæндзæн.

Дыууæ уколы йын фæд-фæдыл скодта, æмæ йæ туджы цæф æрхауд, йæ цæсгом йе ‘рдзон хуыз райста, æмæ уымæн дæр æмæ мадæн дæр фенцондæр и.

31-æм августмæ ма баззад 29 боны.
2-æм август. Хуыцаубон. 2009 аз.

Жаннæ æнхъæлдта, сабаты кæнæ хуыцаубоны газетæн исты æрмæг ныффысдзæн. Нæ, йæ къух нæ тасы. Уæвгæ та, иу æмæ дыууæ уацхъуыды, иу æмæ дыууæ æрмæджы ныффыста йæ улæфты бонты. Дауыт, сæ газеты редактор, дзæгъæлы фæзæгъы: «Журналистæн сабат дæр æмæ хуыцаубон дæр нæй». Улæфты бонты, хæдзары йын ныффыссыны фадат нæй, уæд редакцимæ ацæуы. Исты йын бахæс кодтой æмæ йæ афоныл нæ сæххæст кодта, уый нæ хъуыды кæны. Уадз, хæрз чысыл уацхъуыд – цалдæр рæнхъы дæр уæд – фыст æй куы фæвæййы æмæ йæ редакторы стъолыл куы æрæвæры, уæд æхсызгонæй сулæфы. Чидæртæ ма йæ æрыгон кусæг хонынц, æмæ, фондз æмæ ссæдз, дæс æмæ ссæдз азы чи кусы, уыдонимæ абаргæйæ, ай-гъайдæр, æрыгон кусæг у. Фæлæ йæхимæ æрыгон кусæг нал кæсы. Фондз азы чысыл рæстæг у?

Жаннæ, цæуыл ныффысса, ууыл никæд батыхст. Фыссинæгтæ – бирæ, æрмæст фыссын фæраз. Алы адæймаг дæр, уадз хæрз хуымæтæг адæймаг, хæрз хуымæтæг кусæг – уый дæр стыр дуне у, æндæр дуне. Алы адæймагæн дæр йæхи хъысмæт и, ахæм хъысмæт, æмæ дунейы никæимæ фæивддзаг уыдзæн.

Сæ газеты раздæры корректор – Хадизæт. Хъуамæ йыл Жаннæ очерк ныффысса. Очерк? Дисы бацыдысты йе ‘мкусджытæ. Корректор æмæ корректор. Цы сарæзта уадиссагæй? Куы йæ ныффысса, уæд æй базондзысты. Фæлæ... Фыссын æм нæ цæуы. Чызг æдзæмæй бады. Абон æй уæлмæрдмæ ацæуын хъæуы. Знон, æндæрæбон дæр хъавыд, фæлæ йын нæ бантыст. Ныр цæуы. Куы ‘рбаздæха, уæд йæ мадимæ дуканитыл разилдзысты æмæ, Темыры райгуырæн бонмæ цы хъæуы, уыдон балхæндзысты. Уæлмæрдмæ кæй ацыд, уый хъуамæ мачи зона. Æрмæстдæр йæхæдæг æмæ ма иу адæймаг – йæ ныййарæг мад.

Жаннæ, хæдзары цы дзаумæттæ фæдары, уыдон раивта æмæ йæ уатæй рахызт. Мад æмæ йыл фыдæй чи амбæла, уымæн зæгъдзæн: «Куысты фæдыл мæ ауайын хъæуы, иу сахаты фæстæ фездæхдзынæн». Мад йæ размæ фæци.

– Хорз, хорз. Ауай.

Йæ чызг уæлмæрдмæ цæуы, уый куы зонид, уæд ын хъыг нæ уаид. Нæ фæлæ зæгъид: «Раст кæныс, раст, мæ чызг, чи нал и, уыдоны рох кæнын нæ хъæуы. Уыдоны хорзæхæй Хуыцауы хорзæхæй уæлдай нæй æмæ сын æдзухдæр сæ ном арын хъæуы, сæ фæстæ чи баззад, уыдоны сыл фæдзæхсын хъæуы».

Сæ зæронд мæрдтæн фынджыдзаг скæнынц. Æмæ фыццаджыдæр йæ рухс ном ссарынц Лизæйæн. Мад, цыма зæдмæ табу кæны, афтæ фæдзуры, цæмæй Лизæ, йæ фæстæ цы кæстæрты ныууагъта, уыдоныл хорзырдæм ауда, сæ цардвæндæгтæ, уый куыд фæндыд, афтæ куыд ацæуой. Уыдон та – йæ цот, йæ бинонтæ – циндзинæдты йæ куыд мысой.

Жаннæ фæстаг рæстæг уæлмæрдмæ арæхдæр цæуы, æмæ йæ мадæн никæд ницы загъта. Никæд дзы ницы басусæг кодта, фæлæ... Лизæйы ингæн бабæрæг кæны, уый зæгъын æй цæмæндæр нæ фæнды, цæмæндæр дзы уый сусæг кæны. Темыræн дæр никæд ницы загъта. Фыд, чи зоны, бахъуыр-хъуыр кæнид:

– Чызгæн уæлмæрдмæ иунæгæй цæуын хорз нæу. Фæтæрсын дæр зоны.

Жаннæ ницæмæй тæрсы. Цæмæй фæтæрсы – адæмæй. Исчи йæ куы фена, уæд... Цыма йæ бинонты сусæгæй цыдæр чъизи ми кæны, гадзрахатæй сыл цæуы, афтæ йæм кæсы. Æмæ цыдæр сусæг ми кæныс, уæд уый чъизидзинад нæу?

Уæлмæрдмæ дæр æмæ фæстæмæ дæр фæцæуы тагъд-тагъд, мæнæ ныр куыд згъорæгау цæуы, афтæ: адæмы цымыдис цæстытæй йæхи фæхъахъхъæны. Чи йæ фæрсы, фæлæ цы нæ вæййы, æмæ йын дзуапп – цæттæ: уæлмæрды цурты цы къахвæндаг цæуы, ууылты йын хæстæгдæр у æмæ...

Гыццылæй уæлмæрды рæзты цæуын нæ уæндыд. Чысыл хъæр дæр искуыцæй фæцыд, уæд-иу зæрдæ сгуыпп-гуыпп кодта, риуы къултыл йæхи хоста. Афтæ йæм каст: мæрдтæ райгас уыдзысты, сæ иу – се ‘ппæтæй тыхджындæр, аргъæутты цы уæйгуытæ вæййы, уыйас, уый хуызæн – æрбацæудзæн æм, йæ хъæбысмæ йæ, цыма хъазæн кукла у, афтæ фелвасдзæн, Жаннæ ма, бæргæ, йæ хъæлæсыдзаг цъæхахст кæндзæн, фæлæ йæ уый йемæ ахæсдзæн...

мæрдты бæстæм. Ныр ницæмæйуал тæрсы, уæлдайдæр, фæстаг азты. Цæмæй хъуамæ тæрса? Никуы ничи амард? Иу адæймаг дæр ацы зæххыл уæлæуыл нæ баззайдзæн, алы адæймаджы дæр иу бон уырдæм хъæуы.

Фæстаг азты сæ бинонтæ уæлмæрдмæ фæндаг ферох кодтой, уæлмæрдмæ фæндаг нал зонынц.

Адæймаг афтæ рохгæнаг цæмæн у? Æви уыдоны бинонтæ сты ахæм? Хæстæгдæр дæм цы адæймаг и, æппынфæстаг, цард дын чи радта, дунейы рухс дын чи фенын кодта, уый – дæ мад, æмæ йын йæ ингæн ферох кæн. Уæд та, цард дын кæй радта, уый тыххæй йæ æрымыс. Жаннæмæ, уæлдайдæр фæстаг рæстæг, йæ мад хæстæгæй-хæстæгдæр кæны, йæ хо æмæ йæ дыууæ æфсымæрмæ та дардæй-дарддæр. Аслан ын йæ ингæн, уæлмæрды бон-изæрмæ куы фæзила, уæд дæр не ссардзæн, Вадим æмæ йæм Фатимæ дæр æмраст нæ бацæудзысты.

Жаннæ, бæргæ, тагъд уайы, фæлæ йын размæ ницы æнтысы, цыма сæм уæлмæрд мæлæты дард у. Фæстаг хатт ма æнæхъæн бинонтæй Лизæйы цур кæд æрлæууыдысты? Авд æви аст азы размæ. Асланы уæлмæрдмæ ацæуын нæ фæндыд, æмæ йæ Темыр тыххæй акодта. Жаннæмæ йæ дыууæ ‘фсымæры æмæ йæ хо туристты хуызæн фæкастысты, цыма уæлмæрдмæ экскурсийы ацыдысты. О, сæ хæс сæххæст кодтой. Хъæлдзæг ныхас. Æнæмæт ракæс-бакæс. Аслан Лизæйы ингæнмæ дыууæ-æртæ метрæй æввахсдæр нæ бацыд, афтæмæй зонд амонынылсхæцыд:

– Адæймаг æгас куы вæййы, уæд æй хъуыды дæр ничи фæкæны, фæлæ куы амæлы, уæд ыл иууылдæр сæхи тыхсæг скæнынц. Ныр ацы дынджыр, зынаргъ цыртытæ цæмæн хъæуынц?

Дзуапмæ йæ бирæ æнхъæлмæ кæсын нæ бахъуыд, Вадим æм разылд:

– Ацы хатт демæ разы дæн. Адæймаг куы амæла, уæд ницыуал у, сыджыт, æмæ йыл дзæгъæлы хæрдзтæ кæн, уый æдылыдзинад у.

– Асик, ды куы амæлай, уæд дын чырын дæр не скæндзыстæм, цырт дæр дын нæ сæвæрдзыстæм. Исты пысулты дæ атухдзыстæм æмæ дыл зæхх бакалдзыстæм, – загъта Фатимæ æмæ бахудт, ома кæсут, цы цыргъзонд дæн. Темыр æмæ йæм Маринæ бакастысты: уый уæлмæрды цавæр æдзæлгъæд кæл-кæл у. Æмæ сæ нæ бамбæрста æви сын сæ цæстæнгас ницæмæ æрдардта – йæ худын нæ банцад.

– Æмæ тынг раст бакæндзыстут. Мæн чырын дæр æмæ цырт дæр ницæмæн хъæуы. Уыдоныл цы схардз кæндзыстут, уыцы æхца мын ныр раттут, æз ныр цæрын. – Фатимæйы цур æрлæууыд Аслан.

– Цы зонджын дæ, – йæ уæхск ын æртъæпп ласта Фатимæ. Фыд йæ сæр банкъуыста, фезмæлыд:

– Цомут, – æмæ сæ разæй акъахдзæф кодта. Аслан Вадимы машинæйы бадын нæ бакуымдта: æхсæзæй æгæр бирæ сты. Йæхи асайынæн ын хорз æфсон фæцис.

Уый фæстæ бинонтæ иумæ Лизæйы ингæн никуыуал бабæрæг кодтой. Чи зоны, фыды зæрдæ йæ цотыл фæхудт, цыма уæлмæрдмæ атезгъо кæнынмæ ацыдысты. Чи зоны, йæ кæстæрты йемæ кæй рахуыдта, ууыл фæфæсмон кодта. Чи зоны... Суанг дæ удæн тынг зынаргъ адæймаг – дæ фыд, æмæ уый зæрдæмæ дæр ныккæсæн нæй.

Жаннæ уæлмæрдмæ ацæуы, æрмæст иунæгæй. Мæрдтæ сæ ингæнты рабаддзысты, сæ иу ыл ныххæцдзæн æмæ йæ мæрдты бæстæм йемæ акæндзæн, уымæй нал тæрсы. Ницæмæйуал тæрсы. Æмæ цæмæй хъуамæ тæрса? Диссаг, адæм мæлæтæй афтæ тынг цæмæн тæрсынц? Уый... Уый мæлæтæй нæ тæрсынц. Уый... Дунейы цардæй зынаргъдæр ницы и, æмæ адæймаг, йæ цард куы фескъуына, уымæй тæрсы. Æмæ йæ цард зынаргъ, адджын кæмæн нæу, уый та? Йæ цард царды ад кæмæн нал кæны, уый та хъуамæ цæмæй тæрса? Мæлæт... Жаннæ дзы æппындæр нæ тæрсы. Адæймаг иу бон райгуыры, иннæ бон амæлы. Уæлæуыл искуы исчи баззади? Мæлæтæй искуы исчи аирвæзт? Искуы дзы исчи бамбæхст? Иу бон æй уæддæр сæххæст хъæуы! Уæдæ уæд цы?

Уæлмæрд æрбазынд æмæ чызджы къахайст фæсабырдæр. Цыртытæй иутæ бæрзонд, хæрдмæ фæцыдысты, цыма арвы хъæбысы сныхсынмæ хъавынц. Чи хъæздыгдæр, чи бонджындæр у, афтæ йæ цырт, йæ ингæн дæр – хуыздæр арæзт: иутæ урсурсид, иннæтæ сæнт сау кæнæ морæхуыз мраморæй конд. Хуры тынтæм цæхæр калынц, фæйнæрдæм сæ æвзист стъæлфæнтæ хауы. Цард куыд хъулон у, уæлмæрд дæр афтæ. Хъæздгуытæ, бонджынтæ, æвæццæгæн, тагъд рæстæджы сæхицæн ног уæлмæрдтæ аразын райдайдзысты. Уæдæ уый куыд раст у, æмæ уыдонæн сæ мæрдтæ цыдæр мæгуыр, сæмпæрчъи мæрдтимæ иу уæлмæрды ныгæд уой?

Цыртытæ æмæ ингæнтæ, йæ бинонтæ кæмæн куыд цæрынц, сæ фадæттæ куыд амонынц, уымæ гæсгæ арæзт, сæ фылдæр – хуымæтæг. Иуæй-иу цыртытæ зæххæй тыххæй зынынц, баргъæфстысты, цыма, арвмæ чи фæцыд, уыцы цыртытæй æфсæрмы кæнынц, тæрсгæ сæ кæнынц. Иуæй-иутæ та хъæдын цыртыты æвджид баззадысты, чи дзы бамбыд æмæ ингæныл æрхауд, чи та фæкъул æмæ, кæд æрхаудзæн, уымæ æнхъæлмæ кæсы. Жаннæ арæх фæхъуыды кæны: «Цард куыд æгъатыр у, куыд мæнгард æмæ хъулон у, уый уæлдай хорз зыны уæлмæрды. Ноджы йæ уыныс æнæ фæлывд, æнæ ‘мбæхстæй, комкоммæ. Уæлмæрд у царды айдæн. Æмæ уый, Жаннæ, уæлмæрдмæ цас арæхдæр цæуы, афтæ цард хуыздæрæй хуыздæр æмбары.

Чызгмæ йæ мады цырт æмæ ингæн нæма зынынц. Нæ, уæддæр сæ уыны. Цырт, æстайæм азты райдайæны цы цыртытæ арæзтой, ахæм, сау мраморæй конд, цыппæрдигъон. Темыр ыл æхца нæ бавгъау кодта: рæстæмбисæй чысыл стырдæр цырт, ингæн – плиткæтæй конд. Уæдæй нырмæ цæйбæрц рæстæг рацыд, æмæ дзы иу дæр нæма афаз, иу дур дзы нæма фезмæлыд. Уæд ма арæзтой æндæр цыртытæ: цемент æмæ змисæй, астæуæй дзы – къам. Мраморæй конд цыртæй бирæ асламдæр, йæ цæрæнбон та – бирæ къаддæр: афæстытæ сты, къамтæ рахаудысты.

Лизæйы цырт ранæй рæтты фæурсхъулон, цыдæр стъæлфытæ дзы фæзынд. Æвæццæгæн, хæрзхъæд мрамор нæ разынд, æмæ Вадим цалдæр хатты ской кодта:

– Уæд та Лизæйы цырт хуыздæр мраморæй раивиккам?..

Темыр, цыма-иу æй нæ фехъуыста, йæхи афтæ скодта. Æппынфæстаг, иу рæстæг йæхи нал баурæдта æмæ загъта:

– Раивæм. Тынг хорз фæнд дæм и. Мах дæр дæм фæкæсдзыстæм, цыдæр капеччытæ нæм ис, æмæ йæ раивæм.

Уæдæй фæстæмæ Вадимæй цырты кой никæдуал схауд. Йæ ныхас кæдæм арæзт уыд, уый фыд хорз æмбæрста.

Жаннæ дæр æй æмбæрста: кæсут, цæмæй йæ мады рухс ном цæрæнбонтæм баззайа, ууыл куыд тыхсы, йæ зæрдæ йыл куыд риссы.

Ацафон уæлмæрд хæмпæлгæрдæг æмæ хъамылы бын фæвæййы. Пысыратæ хæрдмæ фæцыдысты, ичъи дæм алырдыгæй йæхи ивазы, йæхи дыл æппары, æмæ хъавгæ цу, дæ къах кæм æрæвæрдзынæ, уый уырзæй сгарæгау сгар. Уæлмæрдæй куы рацæуай, уæд ауон ран ссар æмæ цасдæр дæхи фæсыгъдæг

кæн. Æмæ дзурæм, нæ риутæ хойæм: махæн нæ мæрдтæ зынаргъ сты! Æнæ уыдон мах ницы стæм! Сæ рухс ном сын кæддæриддæр мысæм. – Рæсугъд æмæ стыр ныхæстæ.

Фарон сентябры кæрон уæлмæрды хæмпæлгæрдæг æмæ хъамылтыл бандзæрстæуыд. Чи зоны, исты расыггæнджытæ, чи зоны, цыдæр наркомантæ... Чи зоны, чидæр хæмпæлгæрдæг æмæ хъамылтæй афтæ стыхст, æмæ сыл спичкæ баппæрста. Чъизи, æбуалгъ хъуыддаг. Жаннæ йæ цæстытыл не ‘ууæндыд: кæд ын тартæ кæнынц, кæд... Уæлмæрд сау тæлмытæ дардта. Йæ бон акъахдзæф кæнын нæ уыд. Уый та куыд? Цы ‘рцыд? Афтæ куы зæгъæм, нæ уæлмæрдтæй нын зынаргъдæр ницы ис. Нæ ивгъуыд, нæ абоны æмæ нæ фидæны цард дæр, чи нал ис, уыдонимæ баст сты, зæгъгæ, куы дзурæм. Уæд уый цы хабар у? Нæ фыдæлтæ уæлмæрдмæ кувæндоны бынмæ цæуæгау куы цыдысты, уæд махыл цы ‘рцыд? Сæ фарн ацы суйтæ рæстæгимæ доны хуызæн акалд? Афтæ куы дзурæм: махæй рæсугъддæр æгъдæуттæ иу адæммæ дæр нæй, нæ уæздандзинад æппæт дунейы дæр – хъуыстгонд. Æгъдауджын æмæ уæздан адæймаг ахæм æвирхъау ми бакæндзæн? Уæлмæрдыл чи бандзæрста, уый адæймаг уыд æви дыкъахыг сырд? Чи уыд уый?..

Жаннæ æнцад лæууыд, йæ къæхтæ сау сыгъд зæххæй атонын нæ фæрæзта, йæ цæстытæ саусыгъд гæппæлтыл зылдысты. Йæ бон акъахдзæф кæнын нæ уыд. Йæ уæнгтæ йæ зæхмæ æлвæстой. Æмæ... æмæ йæ мады ингæнмæ нал бахæццæ. Фæстæмæ разылд. Сæхимæ рацыд æмæ йæ хъуыдытæ, йе ‘нкъарæнтæ урс гæххæтмæ раивылдысты. Йæ зæрдæбын ныхас адæмы зæрдæтæм фæхæццæ: цалдæр фыстæджы редакцимæ æрбацыд, телефонæй дæр дзырдтой. Дауыт дзы уæды хуызæн никæд фæбузныг. Жаннæйы, чи йæ нæ зыдта, ахæмтæ дæр-иу æй фæндагыл баурæдтой, хæдзармæ дæр телефонæй дзырдтой. Æмæ-иу Жаннæ ныссырх, йæхи цы фæкодтаид, уый-иу нал зыдта. Цыма цыдæр хъæбатырдзинад равдыста. Ницы сарæзта, æрмæстдæр йæ зæрдæйы зæгъинаг загъта. Æмæ уæдæ уый куыд раст у? Кæд нæхицæй, æгæстæй нал æфсæрмы кæнæм, уæд та мæрдтæй, æнусмæ сау зæххы чи хуыссы, уыдонæй фефсæрмы уæм.

Чызг йæ мады ингæны цур æрлæууыд. Æдзæмæй. Ныуулæфыд. Йæ сæр банкъуыста. Æдзухдæр ын йæ мадæн рухсаг зæгъын зын вæйиы. Тынг зын. Йæ цæстытæ сабыргай цырт æмæ ингæныл æрзылдысты æмæ йæхимидæг йæхицæн дзуры:

– Рухсаг у, Лизæ. – Хъæрæй загъта æви йæхимидæг? Цыртыл йæ армытъæпæнтæ æрхаста. Хъавгæ. Фæлмæн. Цыма сæ сау хъæбæр дурыл нæ хæссы, фæлæ удæгас, йæ зæрдæмæ хæстæг адæймаджы рустыл. Цыртыл йæхи бауагъта, йæхи йæм нылхъывта. Уый цырт нæу, фæлæ... Нæ. Ницы зæгъы... Ингæны тигъыл æрбадт. Лизæйы цур æй абадын фæнды.

Цыртæй йæм кæсы æрыгон сылгоймаг, кæсы йæм комкоммæ, цыма йын цыдæр зæгъынмæ хъавы, фæлæ уал ыл ахъуыды кæна. Сау цъындабыд жакет ыл. Цы рæсугъд ыл фидауы. Йе ‘фцæггот – урс-урсид хъуымацæй. Цымæ йæ хъуырыл фæрдгуытæ, йе рæхыс нæ дардта? Йæ хъустыл – хъусцæджытæ. Йæ дæллагхъуыр – гом, лæгъз буар. Йæ дзыккутæ... Æвæццæгæн, дæргъæйдæргъмæ уыдысты. Сау-сауид, фыр сауæй, æвæццæгæн, цæхæр калдтой. Хæрдмæ сæ сфас, стæй сæ хъæбæр æрбатух. Уæд уый модæ уыд. Уыцы дзыккутæ цæмæй рæсугъд, аив фаст уой, ууыл цæйбæрц фыдæбон хъуыд? Цæйбæрц рæстæг сыл хардз кодтой? Лизæйæн йæ дзыккутæ æндæр хуызы фаст сты, зæгъгæ, уæд ыл не сфидауиккой. Ныр афтæ фаст дзыккутæ ничиуал дары. Цыма ахæм прическæтæ кæддæр раджы, тынг раджы дардтой. Афтæмæй уæдæй нырмæ цас бирæ рæстæг рацыд? Фондз æмæ ссæдз, дæс æмæ ссæдз азы. Цымæ, цыртыл цы ныв и, уый цы къаммæ гæсгæ скодтой, уый кæды ист у? Æрыгон ма уыд, цардбæллон. Жаннæ нывы бынмæ уыцы фыстытæ цал æмæ цал хатты бакаст:

Бæтæты Дæккойы чызг Лизæ
12.05.1942–31.08.1983 аз
Рухсаг у

Жаннæйы цæстытæ та цырты фыстытыл æрзылдысты. Цыма сæ нæ зоны, цыма сæ нæ хъуыды кæны. Уæд... уæд райгуырд уый, Жаннæ. Фæлæ йæ райгуырдимæ æрцыд... Æрцыд æвирхъау стыр бæллæх. Йæ мад уымæн цард бæргæ радта, фæлæ йæхæдæг... Уый райгуырдимæ йæхицæн йæ цард аскъуыд, фондз сывæллоны æвиппайды сидзæрæй аззадысты, цардбарæг лæг æвиппайды йæ цардæмбалæй æнæ æмбалæй аззад.

Чызг цыртыл уыцы фыстыты алы дамгъæ дæр зоны, йæ цæстыты раз цал æмæ цал хатты февзæрдысты! Æваст. Æнæнхъæлæджы. Нæ сыл фæхъуыды кæны, афтæмæй йæ цуры фегуырынц. Мигъвæлмæй æрбагуылф кæнынц æмæ йыл æртыхсынц.

Фæндагыл цæуа, йæ куысты стъолы уæлхъус бада, хæдзары змæла... Мæнæ сæм ныр куыд нымдзаст и, афтæ сæм нымдзаст вæййы, йæ цæстытæ сæ ратонын нал фæкомынц, дуне сæ ауон бакæнынц. Куы йæ суадзынц, мигъвæлмы куы атайынц, уæд сулæфы. Фæлæ уæддæр вæййы цыдæр æнахуыр уавæры: цыма сафтид, мидæгæй дзы ницыуал и.

Жаннæ æдзæмæй бады, йæ уæнгтæ æрызгъæлдысты. Цыртыл йæ мады къаммæ нымдзаст. Цы цыди Лизæйыл? Иу æмæ дыууиссæдз азы, цардвæндаджы æмбис, уый дæр нæ. Æмæ йæ цард фескъуыд. Жаннæйæн дунейы рухс фенын кодта, фæлæ йæхæдæг... Йæ ныв...

Вадим раздæрты цалдæр хатты Темыræн уайдзæфгæнæгау загъта:

– Нæ мады къамтæй æндæр равзарын хъуыд йæ цыртыл сныв кæнынæн. Æгæр хъæлдзæг хуыз ын и. Йæ цæсгом æгæр рухсдзаст у, цыма йæ мидбылты бахудынмæ хъавы, цыма, ацы дунейæ кæй цæуы, ууыл цин кæны. Æндæр къам равзарын хъуыд.

– Хорз. Хорз. Ныр ма йыл цы дзурæм, – дзуапп-иу радта фыд. Вадим-иу сæрæй къæхтæм Жаннæйы сбарста, хин худт-иу æм бакодта æмæ ма-иу йæ ныхасмæ бафтыдта:

– Чи зоны, мæнæ Жаннæйæн йæ цард кæй ратдзæн, уый æмбæрста æмæ æгæрон цин йæ риуæй ивылд.

Цыма-иу къамы кой дæр уый тыххæй райдыдта, Жаннæмæ афтæ кæсы. Æмæ-иу, æвæццæгæн, уый тыххæй райдыдта. Фæлæ йæм уый никæд ницы сдзырдта, иуварс-иу йæхи айста.

Жаннæ та бынтон æндæр хуызы хъуыды кæны: цыртæй йæм, мæнæ ныр куыд кæсы, афтæ фæкæсы æнкъард, йæ хъоппæг цæстытæ сагъæсæй се 'мыдзаг кæмæн сты, ахæм сылгоймаг. Цæй хъæлдзæг, цæй рухсдзаст у? Сау хъоппæг дыууæ цæсты кæдæмдæр ныджджих сты. Кæдæмдæр?.. Нæ! Уый кæсы йæ чызгмæ. Жаннæмæ. Кæсы йæм æдзæмæй, цыма йын йæ буары алы нуар, алы стъæлф дæр базонынмæ хъавы; кæсынæй йæм нæ бафсæст æмæ йæм ныр цымыдисæй кæсы.

Мад æмæ чызг кæрæдзимæ нымдзаст сты. Æмæ æрмæст ныр? Сæ алы фембæлды дæр сæ цæстытæ кæрæдзийæ нал фæисынц. Стæй... стæй иуафон Лизæйы цæсгом базмæлы, удæгас адæймаджы цæсгом куыд у, афтæ. Йæ цæстытæ æдзæм нал вæййынц, фæлæ æгас. Æмæ Жаннæ фæхъуыды кæны: йæ мад йæ тарффынæйæ райхъал, йæ мад æрыгас. Жаннæ йæ цæстытæ йæ

армытъæпæнтæй амбæрзы: уый цы хабар у? Уый цы уыны? Мад ныртæккæ сау мрамор цыртæй рахиздзæн æмæ йын цыдæр зæгъдзæн. Чызджы буар æмхуызонæй нырризы. Уæлмæрд фæсте аззайы, уæддæр йæ зыр-зыр нæма банцайы. Хатт æм афтæ дæр фæкæсы: йæ мад гурæй-гурмæ цæуы йæ фæстæ, ныртæккæ йæ æрбаййафдзæн, йæ къух ын йæ уæхскыл æруадздзæн æмæ йын йæ зæрдæйы зæгъинæгтæ зæгъдзæн. Цы, уый Жаннæ зоны. Зæгъдзæн ын: уымæн – йæ чызгæн, цард дæтгæйæ йæхицæн йæ цард фескъуыд. Æмæ йын уый йæ цæстмæ бадардзæн, уайдзæфтæ йын кæндзæн. Æви?..

Чызг цыртмæ ныджджих. Мадимæ кæрæдзимæ дзагъыр цæстытæй кæсынц, кæрæдзийæ та сæ цæстытæ нал исынц. Сау мрамор тайы, Лизæйы цæсгом æгас кæны. Мард адæймаджы цæсгом нал у, йæ цæстытæ змæлынц, йæ рустæ – удæгас адæймаджы рустæ.

Жаннæ сыстад, йæ бон бадын нал у. Йæ мад æм ныртæккæ æрбакъахдзæф кæндзæн æмæ... æмæ уый та хъуамæ бадгæ кæна? Цырт згъæлы, тайы, Лизæ бæлвырдæй-бæлвырддæр зыны. Æмæ æрмæст йæ гуыр нæ – иууылдæр, сæрæй къæхтæм. Цырт нал и, йæ бынаты – Лизæ. Удæгас Лизæ. Фезмæлыд, Жаннæмæ æрбацæуы. Йæ уæлæ, цырты йыл цы жакет и, уый. Йæ къæхтыл, хæдзары сæ альбомы, азтæй цы къам сбур, уым ыл цы сау туфлитæ æмæ сау ибкæ и, уыдон.

Чызг хъуамæ фæтæрсид. Уый цы уыны?.. Йæ хъæлæсыдзаг ныцъцъæхахст кæнид. Хъуамæ йæхи иуварс аппарид, фæлæ æнцад лæууы. Ницæмæйуал тæрсы... Лизæ йæм æрбацæуы. Ныртæккæ йæ ахъæбыс кæндзæн, ныттыхсдзæн ыл, йæхицæй йæ уæгъд нал уадздзæн. Цы?.. Хъæбыс?.. Нæ! Йæ мад æй иуварс ассондзæн. Æмæ мад куы у. Мад? Æмæ мад адæймаг нæу? Уый дæр цæрын фæндыд. Лизæ йæм цы цæстытæй кæсы: тызмæг, æнæхатыр. Æрбахæстæг æм. Жаннæ цæуыннæ алидзы?..

– Мæнæй дын нæ алидзæн и, нæ – бамбæхсæн, – йæ хъæлæс – тызмæг, уазал хъæлæс. Цыма хæстон хицау у æмæ бардзырд дæтты. Жаннæмæ алидзынвæнд и, уый цæмæй базыдта, йæ хъуыдытæ йын кæсы? Нæ, Жаннæ никæдæм лидзы, ницæмæй тæрсы. Нæ фæлæ цæуыл хъуыды кæны: йæ мадыл цы дарæс и, уыдон, цымæ, йæ мæрдон дарæс сты? Æмæ йын хуыздæр дзаумæттæ ницы уыд? Æгæр мæгуырхуыз нæу?

Лизæ йæ цæстытæ йæхиуыл æрхаста æмæ дзуры:

– Æз уæлзæххон дунейæ куы фæхицæн дæн, уæдæй нырмæ бирæ рæстæг рацыд, æмæ цард цæхгæр аивта, – йæ хъæлæс фæсаст, фæфæлмæн. Жаннæмæ бынтондæр æрбахæстæг, мæнæ йын йæ къух райста æмæ дзуры: – Абад уал, арæх куы не ‘мбæлæм.

Жаннæ, раздæр ингæны тигъыл куыд бадт, афтæ сбадт. Лизæ – йæ фарсмæ. Афтæ хæстæг æм бады, æмæ йын йæ улæфт, йæ зæрдæйы гуыпп-гуыпп хъусы. Тыхсы, тыхсы йæ мад, артæй доны ‘хсæн бахауд æмæ... Ныртæккæ йæ тызмæг хъæлæс райхъуысдзæн:

– Мæлинаг, цы цæсгомæй æрбацыдтæ мæ цурмæ?! Ды чи дæ, уый зоныс? Æнамондхæссæг. Мæн мæрдтæм ды батардтай. Мæ хъæбултæ дæу аххосæй æнæ мадæй баззадысты. Дæу аххосæй дæ фыд йæ уарзон цардæмбалæй фенæхай. Дæу аххосæй бинонты цард ныссуйтæ, æддæг-мидæг ауад. Дæу аххосæй – ...

Нæ! Уый Лизæйы хъæлæс нæу, уый йæхи мидхъæлæс у. Æмæ чызг йæхимидæг фæкуыддæр. Уый, Жаннæ, ноджы карздæр ныхæстæ фехъусынмæ дæр цæттæ у. Уый... уый йæ аххос зоны.

– Мæ хъæбул, – Лизæйы цæнгтæ йыл æрбатыхстысты, ныхъхъæбыс æй кодта. Йæ буарæй цы ‘хсызгон хъарм цæуы! Маринæ йæ куы æрбахъæбыс кæны, уæд уымæй дæр ахæм фæлмæн, æхсызгон хъарм фæцæуы, Жаннæйæн йæ уæнгты ахъары.

– Мамæ!

– Цы загъта уый? Нырмæ йæ мард мадмæ, мамæ, зæгъгæ, никуыма сдзырдта. Йæ кой рауад, уæд ын фæзæгъы йæ ном. Уымæн æмæ ныронг зыдта иунæг мад – Маринæйы.

– Мæ хъæбул, о, æз дæ мад дæн, – æмæ йæ ноджы зæрдиагдæрæй æрбахъæбыс кодта, йæ риумæ йæ нылхъывта, йæ зæрдæйы тæлфт ыл æмбæлы, цыма йæ чызджы зæрдæйы дуар хойы. – Мæ хъæбул, макæмæ хъус, ды ницы аххосджын дæ, дæ зæрдæмæ мацы хæсс.

Жаннæ мады риумæ йæхи ноджы тынгдæр нылвæста, баныхæст ыл, цыма æртæ-цыппараздзыд сывæллон у. Ох-х, куыд рагæй бæллыд ацы ныхæстæ фехъусынмæ. Ныр ын фенцондæр, ныр æхсызгонæй сулæфдзæн. Уый Лизæйæ тæрсгæ кодта: цы хъуыды кæны? Цы йын зæгъдзæн? Уæддæр та мад. Уый... уый алцыдæр зоны, уый алцыдæр æмбары, алцыдæр æнкъары. Ныræй фæстæмæ йын дыууæ мады и. Чи йæ ныййардта, царды рухс ын чи фенын кодта, уый – Лизæ. Мæнæ йæ фарсмæ бады, йæ

хъарм, фæлмæн цæнгтæ йыл æрбатыхта. Æмæ Маринæ – йе схъомылгæнæг, йæ комы-комдзæгтæй йæ чи схаста, йæ зæрдæйы хъарм ын æнæвгъауæй чи радта, уый.

– Ды ницы аххосджын дæ, мæ хъæбул. Ды...

– Дæн! Дæн! – йæ мады ныхас фескъуыдта чызг. Фестад æмæ йæ къæхтыл сонтæй алæууыд. Йæ цæстытæ цыртыл цалдæр хатты æрзылдысты. Лизæ... йæ мад йæ цуры нал бады. Æмæ цы фæци? Кæм и? Цыртæй йæм, раздæр куыд æдзæмæй каст, афтæ кæсы. Чызг йæ цæстытæ бацъынд кодта. Йæ сæр зилы, фæлæ нал сбаддзæн. Хур уæлмæрды сæрмæ æрцауындзæг, фæлæ Жаннæйæн уазал у, йæ буар ихæнриз кæны. Уазал хиды æртæхтæ йæ ных æмæ дæллагхъуырæй урс гагатæй уайынц. Урс чысыл къухмæрзæнæй сæ асæрфы, фæлæ уæддæр згъорынц.

Чызг фезмæлыд. Сæ хæдзармæ ма исты хуызы куы бахæццæ уаид. Фæнды йæ тагъд ацæуын, азгъорын, фæлæ цæуы сабыргай, хъавгæ, цыма зæххæн ныттонынæй тæрсы. Æрлæууыд. У! У! Уый аххосджын у! Уый куы нæ уыдаид, уæд ма Лизæ абон дæр цæрид. Уый... Фæстæмæ ракаст. Ныххатыр.., ныххатыр ын кæнæд йæ мад. Ныххатыр ын кæнæнт, зын кæмæн ракодта, уыдон. Ныххатыр ын кæнæнт, уый аххосæй йæ цард, йæ фæндаг æндæрырдæм кæмæн фæзылд, уыдон. Мад мад у. Æмæ йæ Лизæ рæстытæ кæны, фæлæ, бæгуыдæр, уый аххосджын у. Фæлтау куы нæ райгуырдаид. Æмæ цæмæн райгуырд? Цæй тыххæй фæзынд ацы дунемæ? Раст зæгъынц йæ дыууæ 'фсымæры. Раст зæгъы йæ хо.

Цалдæр халоны æвиппайды кæцæйдæр фæзындысты æмæ уæлмæрды сæрмæ зилдух кæнынц, цыма уырдæм сæрмагондæй æрбатахтысты. Бынмæ, зæхмæ сæхи афтæ хæстæг æруадзынц, æмæ сæ сæ базыртæ цыртытыл ахафынмæ бирæ нал фæхъæуы. Сæ тæссаг, фæдисы, маройгæнæгау хъуахъхъ-хъуахъхъ зæрдæ сау ностæ кæны. Халæттæ – фыдуацхæсджытæ – зæрдæхалæн цъæхахст кæнынц, фæдисы дзæнгæрæг цæгъдынц. Æмæ та цы бæллæх æрцыд? Кæй хæдзар та бабын? Кæй кæрты дуæрттæ та байгом уыдзысты? Райсом та уæлмæрдты ингæн кæмæн къахдзысты? Жаннæйæн... Жаннæ амард æмæ... Чызг бахудт. Мæстджын худт. Жаннæ амард... Æмæ уым диссагæй цы и? Æппындæр ницы. Фыццаг уый амард? Фæстаг чи амард, уый Жаннæ у?

Чызг акъахдзæф кодта. Фæцæуы. Аххосджын у. Тынг аххосджын. Æмæ цы кæна? Цы йæ бон у? Ноджы Вадим æмæ Аслан

– хъæуа-нæ хъæуа, ныхас уымæ аздахынц. Фатимæ ма йыл бафтауы, фæцæхджындæр æй кæны. Арт судзы æмæ ма йæм хус сугтæ бакал. Жаннæ йæхи цы фæкæна, уый нал фæзоны. Жаннæ, цыма ницы хъусы, ницы уыны, йæхи афтæ скæны, йæ мидбылты сæм фæхуды. Куы ацæуынц, уæд дæ хуыссæны ныххау, базмæ дæ цæсгом нылхъив æмæ дæхицæн хорз фæку. Æнамонд у æмæ...

Сау халæттæ сæ хъæлæсты дзаг хъуахъхъ-хъуахъгæнгæ хъæуырдæм фæтæхынц.

Жаннæ æгæр бирæ рæстæг фæстиат кæны, Маринæимæ сæ дуканитæм ауайын хъæуы. Чызг æрлæууыд, фæстæмæ та Лизæйы ингæнмæ кæсы. Йæ мады фарсмæ ма – хорз гæппæл. Æмæ уал æмæ уал азы дæргъы афтæ куыд баззад? Уый... уый Темыр бацахста, æфсæн быру йыл скодта. Æмæ бынат тагъд бахъæудзæн. Æрмæст кæмæн?.. Жаннæйы цæсгом фæхъæлдзæг, фæрухсдзаст. Тагъд къахдзæфтæй фæцæуы. Темыры райгуыræн бонмæ истытæ балхæнын хъæуы, мамæ йæм æнхъæлмæ кæсы.

31-æм августмæ ма баззад 28 боны.
3-ам август. Къуырисæр. 2009 аз.

Темыр йæ райгуыræн бон бæрæг кæнын нæ фæуадзы. Мæлæты лæг у, арвæй мын стъалытæ куы нæ скъæфы, стыр хæстон кæнæ ахуыргонд лæг куы нæ у, зынгæ фыссæг кæнæ артист мын куы нæ басгуыхт, мыййаг. Маринæ йемæ схыл вæйиы: адæм хъуамæ се ’ппæт зынгæ нывгæнджытæ æмæ ахуыргæндтæ, министртæ æмæ банчы хицæуттæ уой? Æмæ ма уæд кусгæ та чи кæндзæн? Машинæтæ сæхæдæг цæудзысты æнæ шофыртæй?

– Мæн хуызæттæ, мæн хуызæттæ, не ’фсин, кусдзысты. Мæнæ фæстагмæ кæй ранымадтай, уыцы куыстытæ никæмæн ратдзыстæм, – фæзæгъы фыд.

Жаннæ æмæ Маринæ дуканийæ чысыл раздæр æрбацыдысты. Хъуамæ знон ауадаиккой, фæлæ, Жаннæ уæлмæрдтæй куы ‘рбацыд, уæд ахæм фæллад уыд, цыма тыхкуыст фæкодта, æмæ сынтæгыл йæхи æруагъта. Уайтагъд афынæй. Афынæй, æмæ йæ мады зæрдæ райхъал кæнын нал бакуымдта: дуканимæ ауайынæн райсом дæр æрæджы нæ уыдзæн.

Чызг, цы балхæдтой, уыдонмæ кæсы æмæ дзы уазалгæнæны

æвæрын цы хъæуы, уыдон уым æвæры. Мад æмæ фыды ныхасмæ хъусы.

– Уæдæ æз та куыд хъуыды кæнын, – дзуры Маринæ, – цард фæллойгæнæг адæймаджы уæхсчытыл лæууы, царды сæмæн уый у.

– Уæдæ ма банчы хицауы бафæрс, уый дæр афтæ зæгъы? Кусæг лæг никæйуал хъæуы, бындзы кад дзы нал и. Æмæ уый кæцæй цæуы? Уæле. Уæле. Мæскуыйæ. Кремылæй. Паддзахады ницыуал хъæуы, паддзахады адæймаг нал хъæуы. Рæсугъд ныхæстæй цард аразæн нæй. Дзургæ иу кæнынц, хъуыддагæй та бынтон æндæр цыдæр. Рæсугъд, кæркæ-мæркæ ныхæсты бын фестæм. Телевизормæ бакæсын мæ цæсгом нал хъæцы, сайынц æмæ сайынц, цыма адæмæн сæхиуыл цæстытæ æмæ хъустæ нæй, куыд цæрæм æмæ цæмæй цæрæм, уый нæ зонæм. Хатгай мæм афтæ фæкæсы, цыма хицауадæн сæ сæйраг куыст, сæ сæйраг хæс уый у, адæмы куыд рæсугъддæр, куыд æдзæсгомдæрæй асайой. Ахæм цард, дам, никæм и. Нæй! Нæй! Адæмæй цыдæр къорд дынджыр паддзахады исбон сæхи бакодтой, æмæ уыдон, ай-гъай, хорз цæрынц, фæлæ иннæтæ та?..

Жаннæ йæ фыдмæ бацыд æмæ йæ ахъæбыс кодта:

– Папæ, дæ сæр дзæгъæлы ма риссын кæн. – Ныхас æндæрырдæм куы аздахид. Фыд алы хъуыддаг дæр йæ зæрдæмæ хæстæг исы, æмæ та йæ туджы ‘лхъывдад хæрдмæ сгæпп кæндзæн, йæ зæрдæ та рисдзæн. – Цæй, паддзахадон фарстатæ паддзахады разамонджытæн уадзæм.

– Адæймагæн сау суарийы аргъ дæр нал и. Цы стæм? Ницытæ æмæ мацытæ!

– Папæ æмæ мамæ, цæйут, фæйнæ цайы бацымæм. Хорз?

– Хорз, хорз, мæ чызг. – Маринæ Темыры ныхыл йæ арм авæрдта. – Мæнæ лæг, райсом дæ райгуырæн бон у æмæ дæхи мæстджын ма кæн.

– Цæй райгуырæн бон æмæ цæй цыдæр. Адæймагæн йæ цардæй йæ зæрдæ рухс куы нæ кæна, уæд уый цæй цард у? Мадæн, фыдæн сæ цард сæ бинонтæ сты, æмæ уыдон зæрдæйы фæндон куы нæ фæуой, уæд... Ноджы ма рæстæг дæр æлгъыст куы уа, уæд...

– Нæ лæг, ахæм бинонтæ нæй, æмæ алцæмæй дæр æххæст чи у. Алцæмæй дæр амонджын уай, уымæн уæвæн нæй, – ус сабыр кæны лæджы. – Адæймаг йæ бинонты иумæ куы фены, уæд ма уымæй хуыздæр цы и. Райсом кæд нæ бинонтæй исчи

фæзынид, Аслан дæр кæд ам уаид. Не ‘ртæ чъирийы скувдзыстæм, табу Хуыцауæн æрбауæд.

– Мæн бæргæ ницы хъæуы.

– Хъæуы, хъæуы, папæ.

Темыр йæ цайы агуывзæ стъолыл æрæвæрдта. Диваныл уал йæхи куы ‘руадзид.

Чызг йæ мадæн æххуыс кæны: цы продукттæ балхæдтой, уыдон æвзарынц. Райсом кæд сæ бинонтæ æрбамбырд уой, уæд та сæ хæдзар хæдзары хуызæн уыдзæн. Жаннæйæн æппæты æхсызгондæр цы вæйиы – сывæллæтты æнæмæт ратæх-батæх, сæ хъæлæба. Цыма йæхæдæг уыдон кары никæд уыд, уыдоны хуызæн амонджын никæд уыд, афтæ йæм фæкæсы. Вадим... Вадим куы не ‘рцæуид. Уый та куыд? Йе ‘фсымæр нæу? Йе ‘фсымæры фенд ын хъыг у? Уыдон цавæр хъуыдытæ сты? Жаннæ цыдæр уысм йæ мидбынат лæугæйæ аззад. Омæ... омæ та æлхыскъныхас кæндзæн, йæ цыргъзонд ныхæстæ фæйнæрдæм хаудзысты. Аслан куы никæдæм ацæуид. Аслан, зæгъгæ, Вадимæн ахæм æфсымæр нæй. Цалдæр азы размæ йыл йæ къух систа, æмæ æгас у, мард у – хъуыды дæр æй нæ кæны. Куы ‘рцæуы, æмæ Аслан хæдзары куы разыны, уæд йæ иувæрсты бахизы, нæ йæм сдзуры. Уымæн уый раджы амард. Темыр ын цалдæр хатты бауайдзæф кодта:

– Гормон фæуинаг, уый де ‘фсымæр у, æмæ-иу ын йæ къух райс, йемæ аныхас кæн. Уый тыххæй дæ æхца фидын куы нæ хъæуы, мыййаг.

– Уый аккаг нæу. – Æмæ ныхас ахицæн.

– Аслан уыцы хъылмайы ахæсты бахауд æмæ... Уымæн феххуыс хъæуы, уыцы цъымарайæ йæ раласын хъæуы. Уый рынчын у, æмæ йын тæригъæд кæнын хъæуы.

– Æмæ йæ уыцы цъымарайы æз ныппæрстон? Сæр ыл нæ уыд? Рынчынæн тæригъæд хъæуы, фæлæ уый рынчын нæу. Мæнæн йæ кой дæр мачи кæнæд! – фæстагмæ цæхгæр загъта Вадим. Фыд æдзæмæй бадт, йæ сæр-иу банкъуыста. Лæппу ма йæ ныхасмæ бафтыдта. – Ахæмтæ хъуамæ зæххыл ма цæриккой, бæргæ, фæлæ акæса, нæ паддзахад гуманон паддзахад у.

Темыр йæ сæрыл схæцыд æмæ йæ цæстытæ Вадимыл æрæвæрдта:

– Цы рæстæг цæрæм, цы! Æфсымæр æфсымæры нал хъæуы, бинонтæ бинонтæ нал сты. Ацы зæххыл нын табуйаг ницыуал и.

– Папæ, демæ разы нæ дæн. Уый, цавæр æфсымæр у, цавæр бинонтæ сты, уымæй аразгæ у.

– Вадим, хатгай мæм афтæ фæкæсы, цыма ды мæ лæппу нæ дæ.

– Æмæ уый хорз у. Дæ лæппу куы уыдаин, уæд къæпи мæ къухæй никæд фæхицæн уыдаид, кæнæ шофырæй кусин. – Вадим Темыры цур æрлæууыд, йæ уæхскыл ын йæ цонг æруагъта. – Папæ, ма тыхс, ма тыхс, æз дæ лæппу дæн.

Темыр æнцад бадти, иу нуар дзы не змæлыд. Вадимы цонг йæ уæхскæй æрбырыд, æмæ уый дæр базмæлыд, йæхиуыл схæцыд, йæ къæхты бынмæ кæсгæ хæдзарæй сарамæ рацыд.

Райсоммæ фынг саразынæн цы хъæуы, уыдон цæттæ сты. Сæ бинонтæ иууылдæр куы ‘рцæуиккой. Вадим дæр. Исты къахæн ныхас куы кæна, уæд Жаннæ йæхи иуварс айсдзæн. Фæстаг рæстæг фыд æмæ фырты æхсæн быцæу ныхас арæх æрцæуы, сæ ныхас кæрæдзиуыл нал бады, хатгай карз ныхасмæ рахизы. Цæст æй нæ уыны, фæлæ се ‘хсæн цы арæн и, уый уæрæхæй-уæрæхдæр кæны. Фатимæ дæр... Цыма æцæгæлон бинонтæм æрбацæуы уазæгуаты. Чызг смой кодта, цот ын фæзынд, уæд йæ мад æмæ йæ фыды бинонтæй нал у? Уæд йæ фыды хæдзар йæ хæдзар нал у? Уый та... Иу тæбæгъ нæ ахсдзæн, иу вилкæ йæ бынаты нæ сæвæрдзæн. Цыма ахст у, зæгæлтыл лæууы – хæдзары къæсæрæй нæма бахизы æмæ, фæстæмæ куыд тагъддæр ацæуа, ууыл свæйиы. Æрцыд. Йæ хæс сæххæст кодта æмæ ацыд. Жаннæ ныуулæфыд. Сæ бинонтæ... Сæ бинонтæ цыдæр кæнынц, фæлæ цы, уый йæ сæр нæ ахсы.

Темыр арæх фæзæгъы:

– Ацы рæстæг æрмæст адæмы цард нæ фехæлдта, фæлæ бинонты цард дæр.

Бинонты цард дæр... Æмæ, цымæ, уый æцæгдæр афтæ у, æви... Æви йæхи, йæ бинонты раст кæны? Кæд сæ бинонтæ сæхæдæг сты аххосджын? Кæд кæмдæр фæрæдыдысты æмæ... Æви, æцæгдæр, цард у аххосджын? Сæ бинонтæ цæмæн ныссуйтæ сты? Жаннæ ницыуал зоны, ницыуал æмбары.

Фыд æхсæнады хъуыддæгты фæдыл Вадимы цур дзуры, уæд æм уый йæ ныхас ма баппара, уымæн гæнæн нæй:

– Папæ, дæ большевикон, дæ коммунистон ныхæстæ та райдыдтай.

– Райдыдтон, æмæ цы? – фæзæгъы фыд. – Цы нын æрхаста ацы цард хорзæй? Чъизи æмæ æнæфсармдзинад, фæливын æмæ

стигъын, хистæр-кæстæр нал и, æфсымæр æфсымæрмæ топпы кæсæнæй кæсы. Ды диссаджы хорз цард кæй хоныс, уый тагъд адæмæй бирæгътæ сараздзæн. Бамбæрстай? Кæд сæ нæма сарæзта, уæд.

– Ничи никæмæй ницы аразы. Æхсæнады æфсон мачи мацы кæнæд.

– Æз дæ фæрсын; уыцы хъылмайæн раздæр исчи исты зыдта? Ныр та? Ссады хуызæн æй алыран уæй кæнынц.

– Папæ, ды схъомыл дæ æмæ дæ царды фылдæр хай арвыстай советон дуджы рæстæг æмæ дын, ай-гъайдæр, зынаргъ у. Æндæр... Æз та дæу фæрсын: мæнæ пластикæйæ конд бутылкæтæй æнцондæр скæнæн ницы и æмæ уыдон саразын нæ бон куы нæ уыд, уæд цæуыл дзурæм?..

– О, Гагарины уæлæрвтæм чи ауагъта, уыдонæн сæ бон пластикæйæ конд мигæнæнтæ саразын нæ уыд. Стæй цæмæн хъæуынц? Æнæ уыдон дæр тынг хорз цардыстæм. Ныр сæ бæстæ байдзаг æмæ зæхх сафынц.

– Эколог дæр та дæ куы рауад, папæ, æмæ æз уый куы нæ зыдтон.

– Æз экологтæ-йедтæн ницы зонын, фæлæ... – Вадим Темыры ныхас фескъуыдта:

– Дæ Советон бæстæ цы уыд, уый зоныс? Стыр ахæстон. Æмæ ног цард уыцы ахæстоны дуæрттæ байгом кодта, адæм ссæрибар сты. Дунейы та сæрибардзинадæй зынаргъдæр ницы ис, царды уæлдæф æрбакалд. Цы куыст дæ фæнды, цы куыстмæ арæхсыс, уый кæн. Кæд дæ бон у, уæд иу нæ, фæлæ цалдæр заводы дæр сараз. Ныртæккæ алкæмæн дæр йæ цард йæхицæй кæнгæ у. Æрмæст хъæуы сæр.

– Нæ, Вадим. Ныртæккæ сæйраг у давын, адæмы стигъын, нæ паддзахад у давджыты паддзахад.

– Уæдæ æз та цы зæгъын: бирæтæ кусын нæ уарзынц. Уæлдайдæр та махмæ. Махмæ йеддæмæ искæм афтæ кувынц: «Нæ чысыл бакуысты стыр бæркад куыд уа»?! Æмæ, куы ницы бакусай, уæд стыр бæркад кæцæй æрцæудзæн? Хурмæ бадгæйæ? Адæм, уæлдайдæр та мах адæм, диссаг сты, фырхæлæгæй сæ цæстытæ рацæйхауынц, ныцъцъæхтæ æмæ ныббуртæ вæййынц: уымæ ахæм зынаргъ фæсарæйнаг машинæ кæцæй и? Уый дыууæуæладзыгон хæдзар цæмæй сарæзта? Уый Куырттаты комы æвзаргæ дурæй уыцы дачæ куыдæй аскъæрдта? Уый...

– Ды йæ дæхæдæг тынг хорз зоныс: сыгъдæг фæллойæ уæладзыг хæдзæрттæ аразæн нæй. Мæнæ цы дынджыр æрттиваг хæдтулгæты ратæх-батæх кæнут, уыдон сыгъдæг мыздæй æлхæд не сты.

Жаннæмæ хатгай афтæ фæкæсы: фыд æмæ фырт, кæд бадгæ фæкæнынц, уæд ныртæккæ сæ бадæнтæй сыстдзысты, кæрæдзи ныхмæ æрлæудзысты æмæ кæрæдзимæ додойгæнгæ дзурдзысты, сæ хъæр ныхас кæртмæ айхъуысдзæн. Фæлæ табу Хуыцауæн. Сæ иу дæр æмæ иннæ дæр быцæу ныхас уымæ не ‘руадзы. Хо йе ‘фсымæрмæ бакæсы, йæ цæстæнгасæй йын фæамоны: фыдимæ æгæр карз ныхас кæны, æгæр хъæддыхæй йæм дзуры. Хатт та йæм йæхи нал бауромы æмæ йын фæзæгъы:

– Вадим, æгæр хъæрæй нæ дзурыс? Ныффæсус уыдзынæ.

Фæзоны йæ, йе ‘фсымæр æй æнæдзуапп нæ ныууадздзæн æмæ цы зæгъдзæн, уымæ æнхъæлмæ фæкæсы.

– Ды та ницы зоныс æмæ мацы дзур. – Вадимы хъæлæс вæййы афтæ, цыма дыууæаздзыд сывæллонимæ дзуры. Жаннæ ахъавы: мæ уатмæ ацæуон, æмæ ацæуы, фæлæ фылдæр хатт барæй, фыдæнæн сæ цуры баззайы æмæ йæ бафæрсы:

– Вадим, цыма партийы уæнг уыдтæ?

– Уыдтæн æмæ ныр дæр дæн. Иугонд Уæрæсейы уæнг.

– Райсом хицауад æндæр парти куы сараза, уæд та уыцы партийы уæнг уыдзынæ?

– Æнæмæнгæй. Ды дæр, папæйы хуызæн, цардæй дард дæ, йæ апп ын нæ уыныс. Цыма мæйæ æрхаудтат, дыууын фыццæгæм æнусы нæ цæрут, афтæ мæм кæсы. Æз та дæу фæрсын: советон дуджы æмæ ныр дæр адæм цæмæн цыдысты æмæ цæуынц партимæ? Æмæ дын мæхæдæг дзуапп дæттын: цæмæй хуыздæр цæрой, цæмæй сын хуыздæр куыстытæм, хуыздæр бынæттæм дуæрттæ байгом кæнын æнцондæр уа. Партийы уæнг нæ дæ, уæд цыфæнды зонджын у, цыфæнды дæсны разамонæг у, уæддæр бæрнон, хорз куыстмæ ма æнхъæлмæ кæс. Афтæ уыд раздæр, афтæ у ныр дæр. Мæ хо, газеты кусæг дæ æмæ хъуамæ ахæм хæрз хуымæтæг хъуыддæгтæ зонай, хъуамæ дæ хъуыдыкæнынад уæрæхдæр æмæ арфдæр уа, фæлæ, – бахудт Вадим.

Фыды былтæ базмæлыдысты, мæстджын, тыхст змæлд. Цыдæр зæгъын æй фæнды, фæлæ тыххæй йæхи уромы. Нæ, йæхи нал баурæдта:

– Ныры адæм диссаг сты, кæцырдыгæй дымы, уый уайтагъд базонынц.

– Æмæ та уый дæр æвзæр у? – разылд æм лæппу. – Алы адæймаг дæр, цы йын пайдадæр у, хъуамæ ууыл архайа. Дæхæдæг куы фæзæгъыс, арвæй цæттæйæ ницы хауы, зæгъгæ.

Жаннæ йе ‘фсымæры карз, цæхгæр ныхасмæ нал фæлæууы. Вадим æм æрбадзагъул кæны, фæлæ йæ уый дæр нæ бауромы:

– О, ды ног царды тырысахæссæг дæ. Дæ партион билет дæр фыццæгтимæ уымæн радтай.

– О, о, мæ хорз хо.

– Уæд дыл нæ районы газет дзæгъæлы фыста: Вадим у ног царды раздзæуджытæй иу, Коммунистон парти уыди къуылымпыйы, мидцоппайы хос æмæ йыл йæ къух систа.

– Æмæ ног царды раздзæуджытæй иу нæ дæн? Иу капекк макæмæй райс, иу капекк ма адав, æрмæстдæр дæхи зонд, дæхи хъару, æмæ нырыккон хорз дукани сараз, уый æнцон у, уый алкæй бон у? Папæ, искуы дæ исты райстон, искуы мын истæмæй феххуыс кодтай?

Хо бахудт: йæ ныхас Вадимæн хъыг уыдзæн, фæлæ...

– Дуканийы куыстай, йæ директор сдæ, стæй, æхсæнад æддæгмидæг куы ауад, уыцы змæстытæ куы райдыдтой – змæст доны та кæсаг æнцондæр ахсæн у, уæд æй дæхи бакодтай.

– Бакодтон. Уæрæсейы закъонтæ куыд амонынц, уыдонмæ гæсгæ. Æмæ цы? Иу капекк дæр никæмæй адавтон, никæй асайдтон, никæмæй ницы байстон. Алцыдæр – закъонмæ гæсгæ. Оргæнтæ мæ цалдæр сасирæй балуæрстой, фæлæ цы? Кæд исчи раст æмæ сыгъдæг адæймаг у, уæд æз. Бамбæрстай? Æмæ мын зын цы у: мæ хо мыл кæй не ‘ууæнды, хæлæг мæм чи кæны, уыдоны хуызæн кæй хъуыды кæны, уый. Мæсыг, дам, йæхи дурæй хæлы. Ды, цæмæй размæ иу къахдзæф акæнай, уый тыххæй мæныл – де ‘фсымæрыл дæр нæ бацауæрдис. Æвæццæгæн, уæ ницæйаг газеты мæ ныхмæ истытæ ныххæхытæ кæнис. Æмæ дын уый та – хо. Нæ рæстæджы дæр ис Павлик Морозовтæ.

– Бæгуыдæр ис. Дуне бынтон нæма фесæфт.

– Папæ, – йæ фыдмæ разылд лæппу æмæ цыма Темыр нæ, фæлæ уый у йæ фыд, уыцы каст æм кæны. – Жаннæ ахæм хъуыдытыл хæст кæй у, уым ды дæр аххосджын дæ: кæстæрты раст фæндагыл аразын хъæуы. Уæвгæ, дæуæй дæр лæг цы ба-

дома. Ды хъуамæ дæ хистæр фыртæй сæрыстыр уаис, дæ сæр дзы бæрзæндты хæссис, ды та мæм, цыма дæ цуры исты аххосджын дæн, уыцы цæстæй кæсыс. Æмæ цæмæн, уый дын зæгъон: ды дæр цæрын нæ базыдтай, цард саразын дæ къухы нæ бафтыд, цард дæ иувæрсты ацыд æмæ уымæн.

– Ау? Æмæ æз уый куы нæ зыдтон, – скаст æм фыд.

– Папæ, бæллæх дæр уый у, æмæ йæ кæй нæ зыдтай. Коммунистон парти йæ тыхы куы уыд, адæм дзы сæ цард, сæ хъуыддæгтæ куы арæзтой, сæ кæстæртæн дзы фæндæгтæ куы кодтой, уæд æм нæ бацыдтæ, фæлæ куынæуал хъуыд, бумбулийы уæз дзы куынæуал и, уæд йæ зæрдиаг архайджытæй иу сдæ. Цæуыл дзуры уый? Дæрдтыл кæй хъуыды кæныс, ууыл æви... дарддæр æй нал зæгъын.

– Дæу цы фæнды, уый дзур, фæлæ партимæ уымæн бацыдтæн, æмæ дзы ныр хъæуын. Раздæр дзы æнæ мæн дæр бирæ адæм уыд, сафгæ дæр æй уыдон фæкодтой. Йæ разамонджытæ, кæсаг сæрæй æмбийы.

– Дæу фæрцы парти стыхджын, тагъд та хицаудзинад байсдзæн, æмæ дæ Генералон секретарь скæндзысты, – худы Вадим.

– Лæппу, мæнæн мæ фыд дæр коммунист уыд, æцæг коммунист, æз дæр...

– Æмæ дын бирæ бынтæ ныууагъта: кæлддзаг, самандурæй арæзт хæдзар. Æмæ, дам, цæрæнбонты колхозы сæрдарæй, парторгæй фæкуыста. Зондджын лæг, дам, уыд, адæмимæ цæрæг. Папæ, Америчы хорз, зондджын лæг кæй хонынц, уый зоныс?

– Нæ зонын, стæй мæ хъæугæ дæр нæ кæны. Дæ Америкæ дæхицæн уадз. Фæлæ иу хъуыддаг хорз зонын: адæймаг хъуамæ кæддæриддæр æмæ кæмфæнды дæр адæймаг уа. Ахсæн гарна у, бын ын нæй, æфсис нæ зоны. Ныры адæмы Хуыцау æхца æмæ исбоныл скодта, дунейыл сæ æндæр ницыуал æндавы. Æвæццæгæн, сæ фынты дæр æхца уынынц. Раздæры адæм, æцæг коммунисттæ, уыдон адæмы тыххæй цардысты, уыдоны фæндыд адæмæн исты хорздзинад саразын, уыдон паддзахадыл хъуыды кодтой. Ныры хицауадæн та сæ хъуыды æрмæстдæр ууыл у: куыд фылдæр адавой, куыд фылдæр аскъæфой, сæ дзыппытæ куыд тагъддæр байдзаг кæной. Чи кæны адæмы мæт? Кæй хъæуынц адæм? Адæм ныртæккæ кæмæндæрты кусæг фос сты, æндæр ницы.

– Папæ, ахæцыдтæ та, дæ большевикон, коммунистон ныхæстæм та фæхæццæ дæ. Нал и советон бæстæ, стæй советон æхсæнад никæдуал уыдзæн. Æмæ æгайтма. Зæгъыс, дæ фыд хорз ном ныууагъта. Фæлæ уый бæсты йæ фырты, мæнæ дæу ахуыры фæндагыл куы сарæзтаид æмæ шофыр нæ, фæлæ исты бæрнон кусæг кæнæ хицау куы уыдаис, уæд хуыздæр нæ уыдаид? Дæ фыд хорз ном ныууагъта, фæлæ уый бæсты хорз хæдзар куы сарæзтаид, уæд хуыздæр нæ уыдаид? Фæсарæнты дæсны, арæхстджын разамонæг, курдиатджын адæймаг цæмæй бæрæг у, уый зоныс? Æхца цас исы, куыд цæры, цы исбон æм ис, уымæй. Уым алцæмæн дæр аргъ кæнынц æхца æмæ хъæздыгдзинадæй. Æмæ раст кæнынц.

– Хорз. Хорз.

Темыр дæр æмæ йæ Вадим дæр зонынц: йæ цæстæнгас, йæ зондахаст, йæ хъуыдыкæнынад дзы ничи аивдзæн. Уæддæр та сæ ныхас райдайынц, скарз æй кæнынц. Æмæ Жаннæ сæ цуры куы фæвæййы, уæд артæй доны æхсæн бахауы. Уæвгæ, цæмæн? Кæд хатгай ницы фæзæгъы, уæддæр йæ фыды фарс вæййы. Темыр иуварс куы ацæуы, уæд йе ‘фсымæрæн бауайдзæф кæны:

– Вадим, йæ фыды чи ныллæг кæны, уый хорз адæймаг нæу.

– Æз никæй ныллæг кæнын, уæлдайдæр та мæ фыды. Уый та куыд? Ды дæр бирæ цыдæртæ раст не ‘мбарыс, йе та – нæма ‘мбарыс æмæ дæ цард куыд ацæудзæн – Хуыцау йæ зонæг. Куыд уыдзæн дæ фидæн? Цы дæм æнхъæлмæ кæсы разæй? Цавæр хъысмæт дын саккаг кодта Хуыцау? Уæвгæ, алкæмæн дæр йæ цард, йæ хъысмæт йæхицæй аразгæ сты.

Жаннæ æмбæрста: йе ‘фсымæр йемæ ахæм зондджын ныхас кæны, уæд та йæ æнæфелхыскъгæнгæ нæ ныууадздзæн. Уый йын цыдæр æхсызгондзинад хæссы. Æмæ сарамæ, йе æндæр искуыдæм цæуæг йæхи акæны. Ныр ын нал бантыст, иу къахдзæф дæр нæма акодта, афтæ йæ Вадимы хъæлæс æрурæдта:

– Мæ чысыл хо, тæригъæд дын кæнын, тынг тæригъæд: нæ мад дæу тыххæй кæй амард, алы минут уый æнкъар, уый дæ зæрдæйы хæсс, уый кæуылты цæф у? Де ‘фсымæртæ æмæ дæ хо дæу аххосæй сидзæртæй аззайæнт? Цæйбæрц æнамонддзинæдтæ расайдта дæ райгуырд? Æмæ уыцы уаргъ демæ хæсс, уый зын у, тынг зын, уый æлгъыст у. Ноджы, цы зондахаст æмæ дын цы удыхъæд и, афтæмæй дæ цард, дæ хъысмæт хорз ацæуа, уый стыр дызæрдыггаг у. Тæригъæдджын дæ, тæригъæдджын æмæ...

– Вадим, мæныл ма тыхс, мæнæн мачи тæригъæд кæнæд, – загъта Жаннæ, йе ‘фсымæры ныхас цыма æппындæр ницæмæ дары, афтæ. Уый – æддаг бакастæй. Æцæгдзинадæй та, йæ уатмæ куы бацыд, уæд сынтæгыл ныххауд. Æфсæрмы нæ кодта, уæд йæ хъæлæсыдзаг ныккуыдтаид, йæ богъ-богъæй рудзгуытæ рызтаиккой. Æмæ куыдта, æрмæст йæхимидæг.

Охх, охх, бафæллад Жаннæ. Бафæллад йæхицæй, йæ ивгъуыдæй, ацы зæххыл кæй цæры, уымæй. Бафæллад. Æцæгдæр, цæмæн фæзынд ацы дунемæ? Цæмæн хъуыд? Ни-и-цæмæн.

31-æм августмæ ма баззад 27 боны.
4-æм август. Дыццæг. 2009 аз.

Абон у Темыры райгуырæн бон. Сыхæгтæй, хионтæй никæмæ адзырдтой, кæд йæхигъдауæй исчи ‘рбацæуа – æхсызгонæй йыл сæмбæлдзысты. Бинонтæ сæхæдæг æрбамбырд вæййынц. Вадим, йæ къай Ларисæ, сæ дыууæ læппуйы, хо Фатимæ, йæ læг Чермен æмæ сæ чызг æмæ сæ læппу. Аслан дæр кæд фæзынид, æппындæр æй мацы æндавæд, фæлæ æххормаг уæддæр не суыдзæн? Ахуырбег, йæ цардæмбал æмæ сæ дыууæ фаззон чызджы дæр ам куы уаиккой, уæд бæргæ. Сæ бинонтæ иууылдæр сæ хæдзары куы сæмбырд вæййынц, уæд фыд æмæ мады цæстытæй рухс стъæлфæнтæ фæхауы, сæ цин фæивылы. Дæ бинонтæ иууылдæр дæ хæдзары – уымæй ма хуыздæр цы уа. Темыræн йæ райгуырæн бон уый уаид æппæты хуыздæр лæвар. Уæвгæ, сæ горæтаг бинонтæй чи æрцæудзæн – Хуыцау йæ зонæг. Кæд сæмбæликкой. Ау? Сæ сывæллæттæ ам куы вæййынц, уæд сæ хæдзар фæрухсдæр, фæрайдзастдæр, фестырдæр, фæцардхуыздæр вæййы сывæллæтты хъæлдзæг худын æмæ ныхасæй, се ‘нæмæт ратæх-батæх æмæ гæппытæй. Жаннæмæ сæ хæдзар фæкæсы мыды чыргъæды хуызæн. Темыр æмæ Маринæ вæййынц ацы зæххыл тæккæ амондджындæр дыууæ адæймаджы. Цоты цот, дам, астæуы магъз сты, æмæ уый сæ цæсгæмттыл ирдæй фæзыны, ног райгуырынц, уыцы цыбыр рæстæг сæ азтæй цалдæр ахауы. Фæлæ та иу рæстæг цыппарæй баззайынц, растдæр зæгъгæйæ та – æртæйæ, æмæ Жаннæмæ афтæ фæкæсы: сæ хæдзар та сафтид, æртæйæ дæр – сидзæрхуыз.

Жаннæ Темыræй бирæ хæттыты фехъуыста: цалынмæ йæ мад æмæ йæ фыд æгас уыдысты, уæдмæ сæ хæдзар æмызмæлд

кодта, мыды чыргъæды хуызæн уыд, цыма дзы магнит и, афтæ бинонты йæхимæ ‘лвæста. Хатгай-иу фынддæс – æвддæс баисты: æртæ ‘фсымæры, сæ бинонтæ, дыууæ хойы, сиæхстæ, сæ цот. Мад æмæ фыд ацы дунейæ ацыдысты, сæ уæлзæххон цард фæци. Æмæ бинонтæ фыццаджы бинонтæ нал уыдысты: сæ фыды хæдзармæ фæндæгтæ рох кæнын райдыдтой, кæд ма-иу цыдæр хъуыддæгты фæдыл сæмбæлдысты. Бинонты хæдзармæ цы тых æлвæста, уыдон уыдысты мад æмæ фыд. Уыдон сæ кæрæдзиуыл бастой, уыдоны фæрцы кæрæдзиуыл хæцыдысты, кæрæдзиуыл аудыдтой. Уыдон уыдысты бинонты кæрæдзиуыл бæттæг тых.

Фыд ныуулæфы, йæ сæр банкъусы æмæ фæзæгъы:

– Æз дæр æмæ уæ мад дæр куынæуал уæм, уæд цыма мæ горæтаг бинонтæй ацы хæдзармæ ничиуал цæудзæн, афтæ мæм кæсы. Ныр дæр, цыма уазæгуаты æрцæуынц, æцæгæлæттæ сты, ахæм хуыз сын вæйиы.

– Папæ, цæуылтыл тыхсыс, – йæхи йыл бакъул кæны Жаннæ.

– Мæ чызджы хуызæн æмбаргæ чызг никæмæн и, – чызджы цонгыл йæ уырзтæ æрхæссы фыд.

Вадим дæр æмæ Фатимæ дæр æд бинонтæ æрцыдысты. Хæдзар æмызмæлд кæны. Сывæллæтты кæй æркодтой, Темыræн уæлдай æхсызгон та уый у. Цыппарæй дæр йæ цуры æрбакъорд вæйиынц, чи йын йæ уæхскмæ быры, чи йын йæ уæрагыл абады, чи йæм ахъæбыс кæнынмæ йæхи ивазы æмæ Темыр – Жаннæйы фæллад фыд, цины æхсызгон æртæхты йæхи найы.

Сылгоймæгтæ фынджы кой кæнынц. Цас диссаг у цалдæр адæймагæн фынг æрæвæрын, цалдæр фондзыссæдз адæймаджы сæм, мыйиаг, не ‘рбацæудзæн уазджытæ. Чи куыд арæхсы, афтæ архайы. Суанг Фатимæ дæр. Йæ иу къах иннæуыл нæ сæвæрдта æмæ иуварс зондджын ныхæстæ нæ кæны. Сæхимæ куы ‘рцæуы, уæд фылдæр хатт йæхи афтæ фæдары, цыма уазæгуаты и, цыма æцæгæлон у, ацы хæдзары нæ райгуырд. Диваныл сбаддзæн æмæ телевизоры программæтæ ракъæпп-бакъæпп кæндзæн. Афтæмæй сæхимæ – къулыйас телевизор. Суанг фынгмæ дæр зивæггæнгæ æвналдзæн, цыма не ‘ввæрсы, былысчъил кæны. Ахæм рæстæг æм Жаннæ мæстæй фæцæйтоны. Уый циу? Дæ фыды хæдзары нæ дæ? Цыма мæйæ æрхаудтæ, дæхи афтæ цы дарыс? Æмæ йын зæгъгæ дæр фæкæны. Уый йыл йæ къух ауигъы. Йæ сау дынджыр хъоппæг цæстытæ йæм сзилы.

Йæ цæстытæ мæстджынæй дæр цыдæр æнахуыр рæсугъд вæййынц. Хатгай йæхи нал бауромы æмæ йæ кæстæр хойæн бауайдзæф кæны:

– Æгæр къæбæда ныхас нæ кæныс? Хъуыддаг дæ кæм нæ уа, уым дæхи ма тъысс. Хорз?

– Рæстдзинад цæстытæ къахы, нæ? – дзуапп ын ратты Жаннæ.

Цалдæр хатты сæм быцæу ныхас мады цур рауад, фæлæ уымæй иу сыбыртт никæд схауд, цыма ницы фехъусы. Фæлæ дыууæйæ куы аззайынц, уæд ын фæзæгъы:

– Жаннæ, мæ къона, уый дæуæй хистæр у æмæ йын барын хъæуы.

– Раст куы нæ уа, уæддæр?

– Уæддæр. Раст фæзæгъыс, фæлæ кæрæдзи хъахъхъæнын хъæуы. Бинонтæ дæр, хотæ æмæ æфсымæртæ кæрæдзиуыл куы нæ хæцой, кæрæдзиуыл куы нæ аудой, кæрæдзийæн хатыр куы нæ кæной, уæд æцæгæлон кæнынц.

– Æз сын ныр дæр æцæгæлон дæн.

– Дзæгъæл дзырд ма кæн. Иуæн дæр нæ дæ æцæгæлон.

– Мамæ, хорз, ницыуал сдзурдзынæн, – фæзæгъы Жаннæ.

Чызджы цæстытæ йæ хистæр хойыл æрæнцадысты: Фатимæйыл абон, Темыры райгуырæн бон, цыдæр зæд атахт: уазæджы хуызæн нæу, архайы, змæлы, æххуыс кæны.

Жаннæ чъиритæ фынгыл æрæвæрдта. Сæ адджын тæф фындзыл æмбæлы. Уый мады хуызæн уæлибæхтæ, æвæццæгæн, Ирыстоны ничи кæны: хæрзад, рæсугъд, уыцы æмхуызон бурфых. Фынгыл мин чъирийы дæр æрæвæр, æмæ чызг се ‘хсæн йæ мады конд уæлибæхтæ сæ тæф æмæ сæ уындæй базондзæн. Хæрын дæм куы нæ цæуа, уæддæр сæм нæ фæлæудзынæ.

Фатимæйы змæлд уæддæр цыдæр æнæбары у, цыма искæй къухтæй æвналы. Æмæ Жаннæйæ иу ныхас дæр не схаудзæн: Темыры райгуырæн бон хъуамæ рæсугъд ацæуа, иу дæрзæг, иу æнæууылд ныхас макæмæй райхъуыса. Фатимæ сæхимæ, сæ хæдзары бынтон æндæр адæймаг у: ам – уæнгмард æмæ зивæггæнаг, уым та – рæвдз, йæ февнæлдыл цæст нæ фæхæцы – арт. Фатер – æдзухдæр æфснайд, сыгъдæг, алы дзаумæ дæр, судзины онг – йæ бынаты.

Фатимæ йæхæдæг дæр æмæ йæ лæг Чермен дæр ницыма дзурынц. Афтидæй не ‘рцыдаиккой. Æмæ, диссаг, цы йæ сусæг кæнынц? Куы ‘рцыдысты, уæд Жаннæмæ сæ чызг фæдзырдта,

уатмæ йæ ахуыдта, цалдæр хатты йæ алыварс акаст, йæ былтæ йын йæ хъусыл авæрдта æмæ, йæ хъæлæс йæхимæ дæр тыххæй хъуыст, афтæмæй загъта:

– Хæдзар æлхæнæм, хи хæдзар, дыууæуæладзыгон хæдзар. Æз дæр æй федтон, тынг хорз, тынг рæсугъд у. Фæлæ йæ ничима зоны, Мамæ æмæ папæ афтæ зæгъынц, цалынмæ йæм балидзæм, уæдмæ, дам, æй хъуамæ мачи зона. Фæлæ йæ æз дæуæн зæгъын, уымæн æмæ дæ бирæ уарзын. Бассейн дæр дзы ис. Æрмæст макæмæн мацы зæгъ, науæд мæм папæ æмæ мамæ фæхыл кæндзысты.

– Хорз. Хорз.

Чызг гæлæбуйау йæ цурæй атахт. Йæ зæрдæйы цы цин сæмбырд, уымæй йæ мады хойы фæхайджын кодта æмæ йын æхсызгон у.

Жаннæ... Йæ хо Фатимæ æмæ йæ сиахс Чермены не ‘мбары. Хи хæдзар æлхæнынц?.. Уый хорз, тынг хорз у. Фæлæ йæ цы сусæг кæнынц? Хæдзар кæй æлхæнынц, уым æвзæрæй цы и? Газетты, хæдзар чи уæй кæны æмæ æлхæны, уыцы хъусынгæнинæгтæй фылдæр куы ницы ис. Хойæ дæр æмæ сиахсæй дæр, сæ зæрдæ хи хæдзар балхæнынмæ кæй æхсайы, уый никæд фехъуыста. Æмæ сæ фатер – замманай фатер, Сталины рæстæджы арæзт, цыппар уæрæх уаты дзы, горæтæн йæ тæккæ астæу. Сæхи квартирæ ауæй кодтой æмæ цалдæр азы размæ уый балхæдтой. Æмæ сын уый нал бæззы? Æвæццæгæн, Темыræн æмæ хæстæг хионтæн дæр æнæнхъæлæджы циндзинад саразынмæ хъавынц. Сæ галуанмæ куы балидзой, уæд сæ æрхондзысты. Фæлæ йæ ныр нæма хъæр кæнынц. Æмæ искæмæй исты адавтой?.. Искæмæй исты байстой?.. Искæйы афæлывтой?.. Цы йæ сусæг кæнынц?..

Æмæ та Жаннæ, йæхæдæг дæр æй нæ бамбæрста, афтæмæй йæ цæстытæ Фатимæйыл ахаста. Йæ хо змæлы, архайы, фæлæ куыддæр æнæбары, зивæггæнгæ, цыма йæхицæн тыхми кæны.

– Вадим, æртæ фæрсчы сис, цæхх сыл айзæр æмæ сæ æрæвæр, – дзуры Темыр.

Мад стъолыл йæ цæстытæ ахаста, Жаннæмæ разылд:

– Исты ма нæ рох кæны?

– Гæххæттытæ, – чызг нывæфтыд салфеткæтæ æрæвæрдта æмæ йæ фыды цурмæ бацыд. – Папæ, каст дæумæ у, – йæ цонгыл ын схæцыд.

Темыр сыстад. Уыцы хæрздаст та у. Жаннæ йæ фыды кæдæй зоны, уæдæй нырмæ йæ æнæдастæй никуыма федта. Зæронд, æмпъызтытæ, суанг чъизи дарæсы-иу æй федта, уæлдайдæр, кусгæ ма куы кодта, йæ машинæимæ-иу куы архайдта, уæд, фæлæ æнæдастæй – никæд. Цæрæнбонты йæ астæу никæд сраст кодта. Фæлæ æдзухдæр – хæрздаст. Нæ фæлæ Жаннæ Вадимы дæр æнæдастæй никуы федта. Цæй, иу хъуыддагæй йæ фыды хуызæн куы уа, уæд цас диссаг у. Аслан къуыригæйттæ, мæйгæйттæ йæхи нæ адасы æмæ схъуынджын, схæмпæл вæййы, йæ цæсгом нал фæзыны. Рæстæг ын нæй æмæ...

– Папæ, æрмæст иу курдиат – дæ дарæс раив, – чызг йæ фыдыл иннæ уатмæ ахæцыд.

– Омæ ацы дзаумæттæ цы кæнынц, – йæхимæ æркаст Темыр.

– Хорз сты, фæлæ абон дæ бæрæгбон у æмæ... Цом, цом, папæ, абон дыл хъуамæ бæрæгбоны дарæс уа.

– Омæ театрмæ куы нæ цæуын кæнæ нæ президенты фарсмæ куы нæ баддзынæн, мыййаг.

Темыр чысыл фæстæдæр уатæй рахызт æрвхуыз, итувæрд костюм, урс хæдон æмæ сау туфлиты. Жаннæмæ афтæ кæсы, цыма йæ фыд цалдæр азы ферыгондæр. Цыдæр уысм æддаг бакастæй афтæ зыны, æцæгдзинадæй та фæстаг рæстæджыты тынг фæзæрондхуыз. Фæгуыбыр, йæ уæхсчытæ бынмæ æрхаудысты, йæ цæсгом – сау арф хæххытæ. Хатгай йæ цыд афтæ уæззау вæййы, æмæ йæ къæхтæ зæххæй тыххæй фæисы. Цæстытæ... фыццаджы рухс сæ нал кæлы, мынæгæй-мынæгдæр кæнынц, æмæ Жаннæйæн æппæты зындæр уый у. Темырыл абон сæххæст цыппæрдæс æмæ æртиссæдз азы. Æмæ уыдон цас бирæ сты? Уыдоны уæзæй афтæ фæцудæн и? Уыцы азты уæзæй афтæ æрхауæн и? Йæ зæрдæ йæ нал уадзы, йæ æлхъывдад хæрдмæ сгæпп кæны æмæ – хостæ, уколтæ... Йæ тыхулæфт йæ разæй æрбахæссы. Уæддæр цæхæрадоны истытæ кусдзæн: къахдзæн, рувдзæн, кæрдæджытæ тондзæн. Бæлæстæ æхсæдын æй нал уадзынц, уæддæр, сусæгæй схизы. Æмæ сæм фæсæхсæст, уалдзæджы сыфтæ куы рафтауынц, уæд цæстыдзагæй фæкæсы æмæ фæзæгъы:

– Нæ бæлæстæ ног чындзыты хуызæн сты – рæхснæг, æлвæст, æнæ иу уæлдай къалиу.

Куы нæуал кусид, куы ницыуал архаид, æмæ... Цæхæрадоны

дæр æмæ сарайы дæр чи змæла, уый ис: мæнæ Жаннæ, мамæ. Фæлæ йæ сæ бон басæттын нæу. Æдзухдæр ын вæййы уыцы иу дзуапп:

– Адæймаг куы нал куса, уæд мард у, куыст адæймаджы цæрæнбон у.

Сыхæгты зæронд ус Фаризæт ын иухатт бауайдзæф кодта:

– Темыр, фæнды фыркуыстæй амæл, фæнды мæгуырæй, уæлдай нæу.

– Кусынæй ничима амард, – бахудт æм Темыр. Зæронд ус дæр бахудт, æмæ йæ къæхтæ тыххæй исгæ, сæхимæ бацыд.

Темыр, фынджы уæле, хистæр кæм фæбады, йе ‘ргом хурыскæсæнырдæм, уым æрбадт. Вадим, Темыр хæдзары нæ уыд, афтæмæй уыцы бынаты цалдæр хатты сбадт, фæлæ, фыд куы ‘рбацæуы, уæд фесты. Чи зоны, фыды фæстæ уый нæлгоймæгты хистæр кæй у æмæ йæм бирæ бартæ кæй хауы, уый бахахх кæнынмæ æви æнæнхъæлæджы, æмæ-гъа.

Асланмæ, хистæр кæнæ кæстæр кæм сбада, уыдæттæ нымады не сты. Цымæ та кæм и?

Бинонтæ иууылдæр сбадтысты. Жаннæ сæм кæсыныл фæцис. Цы рæсугъд фидауынц! Арæхдæр куы ‘мбæликкой. Аслан уæддæр нæ зыны: Темыры райгуырæн бон æртæ чъирийы кæй кæндзысты, уый йын Жаннæ цалдæр хатты загъта. Стæй йæ нæ зоны? Цы афон та фæзындзæн? Цы хуызæнæй та ‘рбацæудзæн? Æмæ, дам, Темыр фæзæрондхуыз. Æгæр фидар дæр ма у. Хатгай, цыма фынæй фæкæны, афтæ цъынддзæстæй фæбады. Йæхицæн дзурæгау фæзæгъы:

– Алы бон дæр нæ хæдзары мард и.

Жаннæ фыццаг йæ фыды ныхас не ‘мбæрста. Чи сæ амард? Стæй йæ æгæр хорз дæр ма базыдта. Карз, æвирхъау хатдзæг. О, сæ бинонты кæуын, сæ удаист цъæхахст, сæ зæрдæриссæн марой, сæ богъ-богъ нæ райхъуысы. Фæлæ мидæгæй зæрдæты... зæрдæты цы цæуы?.. Аслан æлгъыстаг фæци, фæлæ уыимæ бинонтæ дæр фесты æлгъыстаг, фыццаджыдæр – фыд æмæ мад. Сæ цард царды хуызæн нал у. Вадимæн кæнæ Фатимæйæн цы у? Аслан ис – нæй, хъуыды дæр æй нæ кæнынц. Диссаг, йæ худинагæй та йын куыд нæ тæрсынц? Иу мыггаг, иу фыды ном нæ хæссынц? Æви уыдæттæ ницыуал сты? Уый сын у дард, æцæгæлон чидæр. Жаннæ сæм йæхи нал бауромы æмæ фæзæгъы:

– Уæхицæй йæ афтæ бынтон куыд иуварс кæнут, уе ‘фсымæр нæу?

Вадим æй цæхгæр алыг кæны:

–Мах адæм стæм æмæ адæймæгтимæ дзурæм, уый та адæймаг нæу!

–Бамбæрстай? – йæ ныхас æрбаппары Фатимæ дæр.

Темыр сыстад. Сыстадысты иууылдæр, æмæ фыд ракуывта. Бинонты æмæ хæстæджыты Хуыцау æмæ йæ сконд зæдтыл бафæдзæхста: æнæ маст, æнæ фыдбылыз æмæ зæрдæрухсæй куыд цæрой; йæ кæстæртæ царды фæндæгтыл æнæнизæй куыд цæуой, сæ фæндæгтæ лæгъз куыд уой, амонд семæ æмдзу куыд кæна; бинонтæ сты æмæ кæрæдзи куыд æмбарой; мæнæ сæ иумæйаг бынат æмæ дзы чи цы бынаты цæры, уым амонджын куыд уа, сæ фæллойæ, сæ бæркадæй æртыгай чъиритæ куыд кæной, уыцы хорзæх сын Дунесфæлдисæг саккаг кæнæд. Йæ бинонты æппæт зæдтыл дæр фæдзæхсы æмæ сæ сæ хорзæх уæд.

Кувæггаг Вадимы лæппу Артурмæ авæрдта. Уый бæгæныйæ ацахуыста, чъири æмæ æртæ фæрскæй ратыдта.

– Уый дын лæппу, – бахудт Темыр æмæ йæ фырты фырты сæрыл йæ уырзтæ ахаста: – Вадим, Артур дæуæй лæгдæр куы разына, уымæй тæссаг у.

– Ахæм ахуыргæнæг ын и: йæ фыды фыд – ирон æгъдæутты профессор, сыхы хистæртæй иу, æгъдаугæнæг лæг, – загъта Вадим. Жаннæ йæм бакаст: æцæг зæгъы æви дзы фелхыскъ кæныны охыл схаудысты ахæм ныхæстæ?..

– Уæдæ Стыр Хуыцауæн табу уæд, – æмæ Темыр лæугæйæ арахъхъ баныз та. Сбадт. Бинонтæ дæр сбадтысты. Фыд йæ цæст фынгыл ахаста: – Замманай фынг. Бавналут. Нæ бæркад нæ чызгæрвыстыты, чындзæхсæвты æмæ ноггуырдты куывдты хъæуæд.

Жаннæ уæлибæхы карст систа, иу уысм йæ къух уæлдæфы ауыгъдæй аззад: йæ фыды ныхас комкоммæ уымæ у. Æмæ ма тыхсæд, ма тыхсæд, йæ кæстæр чызг тагъд чындзы ацæудзæн, йæ амонд ссардзæн. Ха-ха-ха! Акомдзаг кодта.

– Папæ, ацы хатт дæ куывды иу ахсджиаг ныхас ферох кодтай, – Вадим та цыдæр зондджын ныхас зæгъынмæ хъавы.

– Æмæ цы, цымæ? – разылд æм Темыр.

– Афтæ нæ фæзæгъыс, нæ чысыл бакуысты бирæ бæркад куыд уа. Æмæ дæ уый ферох.

Жаннæйы цæстытæ Вадимыл æрæнцадысты. Йе ‘фсымæр мацы зæгъа, цыдæр æлхыскъ ныхас куы нæ баппара, уæд уый

Вадим нæ уыдзæн. Темыр æм куы ницы сдзурид. Æмæ ницы зæгъы, цыма йæ нæ фехъуыста. Фæлæ йæ цæстæнгасыл бæрæг у: йæ фырты æнæджелбетт ныхас ын хъыг уыд. Фæлæ йæ аныхъуырдта. Йæ агуывзæ бæрзонд систа:

– Цæй, уæдæ, ракувæм та.

Фыд карз ноздмæ æмхиц никæд уыд. Йæхи дзыхæй арахъхъ никæд бацагуырдта, йæхи къухæй йæхицæн ноздт никæд рауагъта. Фæстаг азты та дзы бынтондæр йæхи иуварс ласы: ноздт йæ кæнæгæн дæр нæ бары, арахъхъ бирæ хорз адæмты фесæфта. Фынгыл ныхас куы нæ акæнай, дæ хæдзарыл рæсугъдæй куы нæ сæмбæлай, уæд уый куыд у? Водкæ расыггæнæн у. Цыма Темыр сомы бакодта, æз уымæй иу хуыпп дæр никæд скæндзынæн, зæгъгæ, Жаннæмæ афтæ кæсы. Донæй арæхдæр ссис æмæ адæмы йæ бынмæ ласы.

Темыр Уастырджийы – Лæгтыдзуары тыххæй ракуывта. Фыд ацы куывд æдзухдæр уæлдай зæрдиагдæрæй фæкæны. Æмæ цæмæн, Жаннæ уый зоны: æдзухдæр æй сбæтты йæ бинонтимæ, йæ кæстæртимæ. Уыдонæн сæ цард нырма разæй и, царды фæндæгтæ сæм æнхъæлмæ кæсынц æмæ сыл дзæбæхæй, æнæфыдбылызæй, æнæмастæй цæуæнт, сæ къах макуы бакъуырæнт. Арахъхъæй ахуыпп кодта, сыкъа æрæвæрдта:

– Фæйнæ бæгæныйы агуывзæйы сисут, шампайнаг цæуыннæ байгом кæнут?

– Жаннæ йыл фæстæдæрмæ ауæрды. – Фатимæ шампайнаджы авг йæ лæг Черменмæ балæвæрдта. – Бакæн-ма йæ, кæд дзы туг нæ ракæлид.

Жаннæ бахудт: уый ницы зæгъдзæн. Мад æм бакаст, ома ды дæр та æлхыскъ ныхæстыл ма схæц. Йæхæдæг йæ чызджы хорз æмбары, стæй æрмæст уый нæ – алкæй дæр. Темыримæ та цæстæнгасæй нæ, фæлæ сулæфтæй дæр кæрæдзи хъуыдытæ базонынц, цыма сæ кæсгæ фæкæнынц. Æндæр сылгоймаг йæхигъдауæй пъадвалы ноздтытæ дарид? Маринæ дары, сæ хæдзар лæджы хæдзар у æмæ сæм хъуамæ кæддæриддæр ноздт уа. Уазæг, кæд æрбацæудзæн, уымæй нæ фæрсы. Аслан... Куыд нæ сæ хæссы. Æмæ пъадвалы дуарыл – гуыдыр æвæрд, фæлæ уæддæр... Дуар куыд нæ гом кæны, гуыдыр куыд нæ сæтты.

Арахъхъ Маринæ фелхæны. Иу хуыпп дзы акæны æмæ, бæззы æви нæ, уый базоны. Æндæраз Темыр сыхаг лæгимæ хæстæг хъæутæй иуæй арахъхъ фæйнæ дæс литры æрбаластой. Уыдис

ма сæм, фæлæ уадз æмæ уа, холлаг ын нæ дæттынц, мыййаг. Маринæ дзы ахуыпп кодта, йæ сæр банкъуыста æмæ загъта:

– Нæ лæг, ацы арахъхъ хайыры нозт нæу.

Ау, æцæг нæ бæззы? Темыр дзы иу гыццыл агуывзæйы дзаг æнæбары, тыххæй, банызта. Æхсæвы артæнхæлдтæ кодта, йæ хуыз фæцыд, ныцъцъæх. Нæма æрбабон, афтæ авгыл схæцыд æмæ йæ къанауы ауагъта. Фырмæстæй. Цыма йын цæлгæнæны ауадзæн нæ уыд. Сыхаг лæг дзы иу æртах дæр нæ акалдта. Кæд мæла, уæд амæлæд, уымæ дзæгъæл æхцатæ нæй. Темыр-иу дзы хынджылæг кодта:

– Ды дуртæ куы бахæрай, уæддæр сæ дæ ахсæн скæрддзæн, ды кислота куы баназай, уæддæр дын ницы уыдзæн.

Сыхаг, мæгуыр, фарон амард.

Жаннæ дæр ирон фынджы æгъдæуттæн цыдæртæ зоны. Æртыккаг куывд у, æртæ чъирийы цæй фæдыл сты, уый тыххæй. Темыр йæхи кой иу хатт дæр нæма скодта, стæй не скæндзæн, цыма абон уый бæрæгбон нæу. Æгæр, æгæр уæздан у.

Чызг йæ хъуыдымæ йæхимидæг бахудт: ирон æгъдæуттæн уый дæр цыдæртæ зоны. Æмæ цæуыннæ зона? Æндæр планетæйæ æрхауд? Ирон мад æмæ фыдæй нæ райгуырд? Ирон хæдзары не схъомыл? Темыр Хуыцау æмæ йе сконд зæдтыл фæдзæхсдзæн йæ кæстæрты, цæмæй адæмы æхсæн цæуын æмæ цæрын фæразой, адæмы фарнæй хайджын уой, ирон адæймаджы ном сыгъдæг æмæ рæсугъдæй хæссой, царды раст фæндагæй чи фæиртæст, уый йæ фæстæмæ куыд ссара æмæ йæ къах куыд никæдуал бакъуыра.

Чызг куыддæриддæр хъуыды кодта, фыд ракуывта афтæ. Йæхи тыххæй – иу ныхас дæр нæ. Æмæ Жаннæ... Сыстад. Адджын доны агуывзæ систа:

– Папæ, уæдæ æз та афтæ зæгъын: æнæниз нын у, иу-дæс æмæ ссæдз азы ма нын зæрдæрухс æмæ хъæлдзæгæй фæцæр. Хорз? – Жаннæ Темырмæ бацыд, йæ агуывзæ фыды агуывзæйыл бакъуырцц кодта, йæ рус фыды русыл авæрдта: – Иууылдæр сыстут, нæ папæйы цæрæнбон бирæ уæд. Иууылдæр нуазæм лæугæйæ.

Æмæ сыстадысты. Фатимæ йæ шампайнаджы агуывзæйыл бæрзонд схæцыд:

– Папæ, æцæгдæр, дзæбæх нын у, – шампайнагæй ахуыпп кодта æмæ йæ хомæ разылд. – Фæлæ мæнæ Жаннæйы хуызæн

къленц, рог митæ куыд нæ уарзын, уый диссаг у, – æмæ йæ шампайнаг кæронмæ банызта, цыдæр æхсызгонæй, зæрдиагæй.

– Папæ, мах дæ не ’ппæт дæр бирæ уарзæм, æмæ уый афтæ кæй у, ууыл иу мисхал дæр дызæрдыг ма кæн, – загъта та Фатимæ. Вадим йæ хойы ныхасмæ бафтыдта:

– Нæ уарзон фыд, мин азы ма нын æнæнизæй фæцæр.

Жаннæ йе ‘фсымæр æмæ йæ хомæ бакаст: цыма сæ ныхас зæрдæйæ нæ цæуы... Нæ. Рæдийы, йæ хо æмæ йе ‘фсымæрыл цыдæртæ мысы. Ау, йæ мад æмæ йæ фыды чи нæ уарзы? Уыдоны тыххæй цæстмæ ныхас куыд и гæнæн?

Мад æрдзæй дзураг нæ рахаста, хиуылхæст адæймаг у. Мæ ныхас баппарон, æнæмæнг исты зæгъон, зæгъгæ, къæппæввонгæй чи фæбады, уыдонæй нæу. Фæлæ, йæхимидæг чи аныгъуылы, æрхуымæй, æлхынцъæрфыгæй йæ алыварсмæ чи кæсы, уыдонмæ дæр нæ хауы. Кæд æмæ кæм цы зæгъын хъæуы, уый зоны. Фыдыус кæй у, уый цыма иу уысм дæр нæ рох кæны, Жаннæмæ афтæ кæсы. Нæ. Уыимæ нæ – Вадимимæ, Асланимæ, Фатимæимæ. Уымæн алцыдæр зæгъдзæн, уый йæ чызг у. Мæйдзыдæй фæстæмæ йæ уый схаста, уый йæ схъомыл кодта, мады ад уымæй базыдта. Йæ ныййарæг мад... Жаннæ, уый дæр зоны, фæстæдæр та йæ ноджы хуыздæр базондзæн.

Чызг арæх цæуыл фæдис кæны? Маринæйыл. Жаннæ – мæйдзыд сывæллон, дзидзидай, иннæтæ дæр – дæлдæруæлдæртæ, сæ тæккæ змæлыныл, сæ тæккæ фæкæсынхъуагыл. Фондз сывæллоны. Сывæллæтты рæвдауæндоны дæр иу къорды фылдæр нæ вæййы. Æмæ сæм йæ ныфс куыд бахаста? Уал сывæллоны цы хæдзары тæлфынц, уый къæсæрæй бахиз! Кæйдæр æнахъом сывæллæттæн дæхи снывонд кæн! Цавæр æгæрон тых уыд уый? Жаннæ куы фæхъомыл, царды цыдæртæ æмбарын куы байдыдта, уæд иуахæмы йæ мады комкоммæ бафарста.

Маринæ æнцад бадт. Цыма йæ чызджы фыццаг хатт федта, афтæ йæм æдзынæгæй каст, æрбахъæбыс æй кодта, йæ цæнгтæ йыл æрбатыхта, йæхимæ йæ нылвæста æмæ цасдæры фæстæ загъта:

– Иу бон мæ кæй бафæрсдзынæ, уый зыдтон. – Æмæ, Темыры хæдзары къæсæрæй куыд бахызт, уый радзырдта. Бирæ чидæртæ ма йæ фарстой. Уæлдайдæр, Темыримæ йæ цард куы сбаста, уæд фыццаг рæстæджыты. Уæдæй нырмæ цал азы рацыд, æмæ ма йæ

суанг ныр дæр чидæртæ сног кæнынц. Уæд ма Маринæйæн йæ фыд æмæ йæ мад дæр æгас уыдысты, æмæ уыдон дæр, бинонтæ æмæ хæстæджытæ дæр дис кодтой: сæ кæстæр рæдыд фæндагыл нæ цæуы? Йæ сабыр цард нæ халы? Зонгæ-зонын йæхи зындонмæ не ‘ппары? Нæ фæфæсмон кæндзæн? О, абадгæ чызг у, фæлæ уæд хъуамæ йæхи сæрсæфæнæй аппара? Ныхас зæгъынмæ зивæг чи нæ кодта, уыдоны уайдзæфтæ йыл алырдыгæй хаудысты. Йæ фæнд æрмæстдæр цыд иу адæймаджы зæрдæмæ. Маринæйæн йæхи зæрдæмæ, йæ фæнд раст кæй у, ууыл иу уысм дæр дызæрдыг нæ кодта.

Маринæ Жаннæйæ ницы басусæг кодта. Суанг ахæм хъуыдыгæнджытæ... хъуыдыгæнджытæ нæ – дзурджытæ дæр уыд, цыма, Темыр æмæ ма Маринæ æрыгæттæ куы уыдысты, уæд се ’хсæн цыдæр æрцыд – Маринæ чызг нал у, æмæ цæмæй йæ фыды уæларт ма баззайа, уый тыххæй сразы Темыры фондз сидзæрмæ. Тæригъæд ныхас. Рæстуды бафхæр, уымæй ма стырдæр чъизидзинад цы уа? Иу хъæуккæгтæ, иу фæлтæр, кæрæдзи куыд нæ зыдтой, æмбæлгæ дæр-иу акодтой, фæлæ уыдон кæрæдзиуыл никæд андзæвыдысты. Тæригъæд ныхас. Æмæ Маринæ дам-думгæнджытыл йæ къух ауыгъта: цы сæ фæнды, уый хъуыды кæнæнт, цы сæ фæнды, уый дзурæнт. Уый йæхи цур æмæ Хуыцауы цур дæр сыгъдæг у. Темыримæ дыууæйæ дæр рæстудтæ сты.

Уæддæр Маринæйы цы ‘гæрон тых æрбахизын кодта Темыры хæдзармæ? Уал сывæллоны барæвдауыны хъару йæм кæцæй æрцыд? Уыйбæрц ныфс ын цы радта? Цы? Жаннæ йæ зоны. Уарзондзинад! Æрыгонæй фæстæмæ йæ риуы цы уарзондзинад ссыгъд, фæлæ ‘мбæхстæй кæй хаста, уыцы уарзондзинад, уыцы уæлмонц æнкъарæнтæ. Уыдон афтæ тыхджын сты, уый Маринæ цалынмæ йæхæдæг йæхиуыл бавзæрста, уæдмæ нæ зыдта. Сæ уацары бахауд, сæ уацайраг ссис. Темыр фондз нæ, фæлæ дæс сывæллонимæ куы баззадаид, уæддæр ын æнæдызæрдыг, æнæахъуыдыгæнгæ йæ хæдзары къæсæрæй бахызтаид, йæ цот дæр, йæхæдæг ын куыд адджын æмæ зынаргъ у, афтæ йын – адджын æмæ зынаргъ. Стæй, Темыры туг кæй дадзинты цæуы, уыдон хуымæтæджы сывæллæттæ не сты, фæлæ дидинджытæ, талатæ. Уыдон зæдтæ сты. Уыдоны тыххæй æхсæв-бон нæ зондзæн, йæхимæ фæллад никæд æрбауадздзæн, цырагъау сын судздзæн. Уый зындонмæ нæ бакъахдзæф кодта, фæлæ

дзæнæтмæ. Темыры цот уый цот дæр сты. Æмæ диссаг цы у – Жаннæ йæ йæ фондз æнгуылдзы хуызæн зоны: Маринæ абон дæр уыцы хъуыдытæ æмæ æнкъарæнтимæ цæры, азтæ сæ сæ ауон нæ бакодтой.

Чызг, иу ахæм изæр нæ хъуыды кæны, æмæ Темыр кæмдæр афæстиат, æмæ йæм Маринæ нæ банхъæлмæ каст, схуыссыд. Бонырбацъæхтæм дæр баддзæн, рæдзæ-мæдзæ кæндзæн. Кулдуары хъæр фæцыд, уæд фестъæлфы, лæджы размæ згъорæгау рацæуы. Темыр ын цал æмæ цал хатты загъта, Жаннæ дæр: схуыссæд-иу, ма йæм æнхъæлмæ кæсæд. Нæ! Æнæ йæ цардæмбал йæ сынтæг йæхицæн нæ садджын кæндзæн.

Маринæ æнæ Темыр нæ хæры. Сахат дæр, дыууæ сахаты, цалдæр сахаты дæр æнхъæлмæ кæсдзæн. Темыр æй хъæры бын фæкæны: уый цы хабар у? Кæд федта афтæ? Темыры тыххæй уый хъуамæ æххормаг уа? Нæй! Ком нæ дæтты.

– Куы амæлон, уæд та цы кæндзынæ?

– Иу бон, иу сахат мæлдзыстæм.

– Хуыцау мæ дæ разæй фæкæнæд, æмæ уæд амонджын уыдзынæн, – æнахуыр фæлмæн каст æм бакæны лæг.

Къустæ дæр ма базмæлынц. Жаннæ йæ мад æмæ йæ фыды кæрæдзимæ хъæрæй дзургæ нæ, фæлæ зул бакæсгæ дæр никæд федта. Фыд искуыдæм цæуы, уæд æй мад æнæ сыгъдæг дарæс, æнæ иутæвæрдæй нæ ауадздзæн. Йæ дзаумæттæ йын æхсы йæхæдæг, иту дæр сыл æвæры йæхæдæг. Жаннæмæ фыццаг афтæ каст: кæд ын йе 'хсадыл не 'ввæрсы, кæд иту, куыд æмбæлы, афтæ не 'вæры. Фæлæ фæстæдæр бамбæрста: Маринæ йæ лæджы дзаумæттæ куы фехсы æмæ сыл иту куы феваеры, уæд ын æхсызгон вæйиы. Темыræн цы 'хсызгондзинад æрхæссы, уымæй æхсызгондзинад кæны йæхицæн дæр. Æмæ Жаннæ фæхъуыды кæны: «Лæг æмæ ус хъуамæ æцæгдæр афтæ цæрой». Йæ мад æмæ йæ фыд райгуырдысты кæрæдзийæн. Ахæмтæй фæзæгъынц: «Уæлæуыл куы нæ баиу уыдаиккой, уæддæр сын мæрдты æнæ баиугæнгæ нæ уыд». Маринæ æмæ Темыр иумæ кæй цæрынц, иу бинонтæ кæй сты, уымæй стыр амонджын сты. Фæлæ, диссаг, цард афтæ цæмæн у: амонд æххæст цæуыннæ у? Хъуамæ кæмдæр къахыр уа, хъуамæ... Амонд æмæ æнамонд фæрсæйфæрстæм цæмæн цæуынц? Æви, адæймаг алцæмæй дæр амонджын уа, уымæн уæвæн нæй?

Чызджы цæстытæ йæ мадыл æрæнцадысты. Цымæ, мæйдзыд

сывæллоны йæ хъæбысмæ куы райста, æмæ, хъæуа-нæ хъæуа, уый цъæхахст куы кодта, ныссабыр кæнынæн-иу ын куы ницыуал амал ардта, уæд, Темыримæ йæ цард кæй сбаста, ууыл-иу æм фæсмон не 'рцыд? Никуы йæ бафарста, фæлæ йæ зоны. Нæ! Фæсмон æм никуы 'рцыд.

Мæйдзыд сывæллон... Цы йын кæна? Куыд хуыздæр æй барæвдауа? Куыд хуыздæр ыл баузæла? Йæ зæрдæйы хъарм ын куыд хуыздæр ратта? Æмæ-иу Маринæ йæ чысыл сывæллонæн йæ риу байгом кодта, æмæ йæ уый дадта. Цы дзы хъуамæ æртагъдаид? Цы дзы хъуамæ рахъардтаид? Фæлæ уæддæр, уадз æмæ сывæллон мады риу зона, мады риуы хъарм банкъара. Æмæ-иу æм гыццыл Жаннæ йæхи нылхъывта, йæ гыццыл къухтæй йыл хæцыд, афтид риу зыдæй дадта. Сылгоймаг тыхсти: йæ гыццыл хъæбулы кæдмæ сайдзæн?

Иу бон, æхсæзæм бон, Маринæйæ никæд ферох уыдзæн. Æдзæмæй баззад. Нал улæфыд. Йæ мидбынат бандзыг. Æнхъæлдæн, зæрдæ дæр йæ куыстæй ныллæууыд. Дзагъырдзæстæй каст: уый... уый цы уыны? Йæ цæстытæ цалдæр хатты йæ армытъæпæнæй асæрфта. Нæ! Уымæн уæвæн нæй. Уыцы бон, уыцы минуттæ, уысмтæ дзы никæд ферох уыдзысты: Жаннæйы бинаг былыл, уыцы гыццыл, мур былыл рахизырдыгæй – урс фæд, урс æртах. Кæд уый сывæллоны сæт у, æндæр уæдæ... Йæ буар ныззыр-зыр кодта. Йæ амонæн æнгуылдз сывæллоны былыл ризгæ ахаста. Уый... урс фæд Жаннæйы гыццыл сырх былыл аззад. Уый сæт нæ уыд. Уый уыд, йæ чысыл хъæбулæн йæ риуæй цы æхсыр рахъардта, уый фæд. Æхсыр!.. Æхсыр æм фæзынд? Уый та куыд? Уымæн уæвæн и? Маринæ Маринæ нал уыд. Фест, чысыл Жаннæйы дæ къухтыл бæрзонд сис æмæ сарамæ разгъор, уынджы балæуу æмæ дæ хъæлæсы дзаг хъæргæнгæ азгъор. Æхсыр!.. Æхсыр æм фæзынд! Искуы ма дунейыл ахæм хабар æрцыд? Фæлæ дзы иу ныхас дæр не схауд. Æдзæмæй бадт. Жаннæ йын йæ риу йæ дзыхæй нæ уагъта, мады æхсыры фыццаг æртæхты адджын ад банкъардта æмæ риумæ йæхи нылхъывта, æмæ афтæ зынд, цыма йæ уæгъд нал суадздзæн. Маринæ йæм каст, йæ цæстытæ дзы атонын нæ фæрæзта. Ау, уый æцæг у? Кæд уый æнæнхъæлæджы афтæ цыдæр... Кæд йæ чысыл чызджы дæр æмæ йæхи дæр сайы? Темыр куысты уыд, фæлæ йæ сывæллæттæй куыд ничи фена, цыма исты давта, афтæ хъуызæгау уатмæ бацыд æмæ дуар мидæгæй

ænæ уынæрæй рахгæдта. Хъуамæ йæхæдæг йæхи фена. Сывæллоны сынтæджы æрæвæрдта, йæ дæлфæдтæм æрбадт æмæ йæ риу ныллæмæрста. Цыма, цы не ’мбæлы, цыдæр ахæм ми кæны, афтæ йæм каст. Уаты – æрмæстдæр уый æмæ йæ чысыл чызг, фæлæ цыма æппæт дунейы адæм уымæ кæсынц. Æмæ – диссаг! Иу æртах, дыккаг, æртыккаг... Уыдон хуымæтæджы тæнгъæд урс æртæхтæ нæ уыдысты, фæлæ мады æхсыры царддæттæг урс æртæхтæ. Дунейы тæккæ адджындæр, зынаргъдæр æртæхтæ, цардхæссæг æртæхтæ. Маринæйæ никæд ферох уыдзæн. Йæ къухтæ фæйнæрдæм аскъæфта, цыма цæхæрыл амбæлдысты: уыцы цардыхосы æртæхтæ куыд сафы! Йæ цæстытæ йæ чызгыл æруадысты: афынæй... афынæй, æндæр æй систаид: уадз, фылдæр фæхъæстæ уæд мады æхсырæй. Чысыл Жаннæ адджын фынæй кодта, йæ райгуырды фæстæ фыццаг хатт уæд базыдта мады æхсыры адджын ад.

Маринæ уыцы бонтæ куы æрымысы, уæд йæ цæсгом цыдæр æнахуыр райдзаст, æнахуыр рухс вæййы. Жаннæ нæ фефсæрмы кæны, зæгъгæ, уæд-иу æм кæсид æмæ кæсид. Мады цæстытæй рухс тынтæ фæкæлынц. Куыд хæрзконд æмæ рæсугъд у, фæлæ уæд ноджы фæхæрзконддæр, фæрæсугъддæр вæййы. Æмæ чызг фæхъуыды кæны: йæ цуры уый йæ мад нæу, фæлæ зæд, зæххон зæд, йæ мад Маринæйы хуызы бацыд. Уымæн дæр уымæ гæсгæ йæ зæрдæ ныррухс вæййы, мады зæрдæйыл цы цины æртæхтæ фæхауы, уыдон ууыл дæр æхсызгонæй фæхауынц.

Жаннæ хорз, тынг хорз æмбары Маринæйы. Чызг, мады æхсыры фыццаг æртæхтæ йæ хъуыры куы ацыдысты, уæд банкъардта, абарæн æппындæр кæмæн нæй, уыцы адджын ад, банкъардта сын се ‘гæрон тых. Маринæ... Маринæ та уæдæй фæстæмæ ссис æндæр адæймаг: йæ риуæй æхсыры фыццаг æртæхтæ куы рахъардтой, уæдæй фæстæмæ ссис мад. Æцæг мад. Фæлæ уый цалдæр боны ничи базыдта: уæд та фæсыкк, æхсыр æм нал и, уæд та йæхи фæцæстдзыд кодта. Æвиппайды йæм æнæнхъæлæджы цы стыр амонд æрбагуылф кодта, уый æвиппайды куы фæцыдæр уа.

Мад дыккаг, æртыккаг, цыппæрæм бон дæр йе стыр амонд æмбæхста. Фæлæ йыл кæдмæ æвæрдтаид сусæг гуыдыртæ? Темыræн алцы дæр радзурдзæн. Фæлæ куыд? Цы хуызы? Цæмæйдæр дзы æфсæрмы кодта. Цæмæндæр йæ бон дзурын нæ уыд.

Чысыл Жаннæ йæ авдæны хуыссыд, адджын фынæй кодта. Лæг æмæ ус хæдзары дыууæйæ аззадысты, сывæллæттæй чи иннæ уаты, чи сарайы хъазыд. Цæмæндæр, цыма дзырд бакодтой, афтæ Темыр дæр æмæ Маринæ дæр авдæны сæ чысыл чызгæй сæ цæстытæ нал истой.

– Темыр, Жаннæйы цæсгом цардхуыздæр, цардбæллондæр нæу?

Лæг аджих, бахудт æмæ загъта:

– Цыдæр мæ ‘мбæхсыс.

Æмæ йын уæд алцыдæр радзырдта. Темыр куыд лæууыд, афтæ лæугæйæ баззад, йæ цæстытæ-иу куы йе’фсиныл æрæнцадысты, куы йæ гыццыл чызгыл. Æрæджиау кæддæр сулæфыд:

– Нæ мæ уырны. Ахæм хабар никæд фехъуыстон.

– Мæн дæр нæ уырныдта, фæлæ...

– Æмæ уымæн... Æмæ уымæн уæвæн ис?

– Ис. Ис, Темыр, царды алцæмæн дæр уæвæн ис.

Лæг æмæ ус кæрæдзимæ кастысты. Уыдон уыдысты дунейы тæккæ амондджындæр дыууæ адæймаджы.

Уыдзæн ма

БРЫТЪИАТЫ Асланбег

ДÆТТÆ ФУРДМÆ ТЫНДЗЫНЦ...

ХÆХТÆ – МÆ ЦИН

Дæн нæ Ирæй хæсджын –
уый мæ удæй æмбарын,
Цыд фæндæгтыл мæ цард –
уый у абон мæ хъыг.
Дæттæ фурдмæ тындзынц,
ногæй донгуырæн ссарынц, –
Хæхтæм мигътæрæг уад
схæссы уарыны сыг.
Фæззæг стар кæны арв,
мæргътæм хуссар фæсиды,
Зæрдæ свæййы æнкъард,
хайджын – царды зынтæй.
Дард бæстæтæн салам
æз ныр дæр ма æрвитын,
Фæлæ батавæн уд
искæй æртытæм нæй.
Ныр нæ хæхтæ – мæ цин,
нæй нæ æрдзæй рæсугъддæр.
Кæд кæлæнгæнæг у
удæн урссæр Сæна?
Сси мæ хъыгтæ йæ бон
иу сæмбæлдæй фæсурын.
Кæд нæ Ирæй хуыздæр
нæй дунейы нырма!?
Дард фæндагæй хъæмæ
хорз бæх рæвдздæр фæуайы,
Фена къонайы рухс –
тагъд фæкæны бæлццон.

Уæд нæ адæмы фарн
фидыд хардзæй нæ тайы,
Кæд фыдæлты зæхх у
алы удæн æхцон.

ЦАРДЫ РÆСТÆГ

Азтæ, азтæ – уайаг бæхтæ,
Дугъы уад кæнынц,
Царды бонтæ донæй тагъддæр
Ивгъуыдмæ тæхынц.

Федтон амондæй æз цъустæ,
Карз зынтæй та – фаг.
Цъусдуг акодта æнустау
Ме ‘рагъыл фæндаг.

«Цæй, кæм баззайдзæн мæ фæстæ
Хорз хъуыддаджы фæд,
Цыд цы катæйттыл мæ рæстæг», –
Адæймаджы мæт.

Ма мæ фæрс, хæлар, мæ асæй,
Басыгъд уды арт.
Фæлæ иу фæткъуы бæласæй
Даргъ кæндзæн мæ цард.

Раттæм Ирæн, сахъ лæппутæ,
Уды сыгъдæг арт,
Науæд фестдзæн хусгонд къутæр
Хъызт дымгæтæй цард.

Не ‘рзайы рæсугъд ныхæстæй
Хуымгæнды æфсир.
Къухтæй зылд фæткъуы бæлæстæй
Сфидауцджын уæд Ир.

Азтæ, азтæ уадæй тагъддæр
Ивгъуыдмæ тæхынц.
Уайаг бæхтау уыдон мах дæр
Рохуатмæ хæссынц.

ÆМБÆЛТТÆН

Хызтæн Сæнайы цъупмæ раджы,
Зæгъын, бæрзондæй фенон цард,
Мæ цъæх хъуыды – уыдзынæн кадджын,
Йæ урс сæрæй зындзынæн дард.

Фæлæ ныссалдтæн, хъызт мыл стых и,
Фæлм мигътæй ницыуал уыдтон.
«О, тагъд куы сæмбæлин мæ сыхы, –
Мæхицæн хъарæгау дзырдтон. –

Фæцæуон, цæй, æдзæрæг ранмæ,
Куы нал у адæмæй мæ бон!»
Фæсмойнаг фæнд фæуæд хæрамы,
Æмбал дын нæй, уæд цард – зындон.

Сыгъта мæ хур уыраугæ тынтæй,
Тыхдымгæ хаста судзгæ змис...
«Хæлæрттæ, бахæрон уæ рынтæ,
Фæзынут искуыцæй, – фæдис!»

АЛЫ ИЗÆР

Алы изæр дæр нæ кæртыты – фынгтæ,
Судзæм «цъæх калмæй» нæ зæрдæты хъыг,
Саби нæ фены æрмæстдæр йæ фынты...
Нуазæм та, нуазæм «Чермены цæссыг»...

Хистæрæй кæстæрмæ – цал рæсугъд сидты?!
Хауы бæркадмæ дæр авд авды – зон.
Авджы бынæй нæм цы хæйрæг æвзиды,
Уый та зæрондмæ нæ ахсы нæ зонд.

КÆДДÆРЫ ÆМБАЛÆН

Уылæн лæбуры æнæбон хæристæм,
Дымгæ нынниуы, цъæх сыфтæрты тъизы...
Хъаугъатæн афтæ нæй царды кæрон.
Уд у цæстуарзон, æфхæрдæй фæриссы...

Хъусын, ærдхордæн йæ зæрдæ ныррызы,
Хинæй йыл рацыд фæлитой Сырдон.
Чи у æлгъыстаг – æмбæлтты нымудзæг?
Саугæнæг, хинæвзаг, рувас – йæ сурæт...
Хурбон нæм скодта – уæд свæййы нæ уæнг.
Хахуыртæ, дам-думтæ хойынц мæ рудзынг,
Ивгъуыды аууæттæ – хур сæ фæсурæд,
Уды та райгуырæд хурхуыз æууæнк.
Арвæрттывд – масты фат, сагур фыдлæджы.
Ахсæд йæ цæстытæй искæй тæригъæд,
Мадæй рæдаудæр фæуæд-иу йæ арм.
Рындзыл цæргæйæ дæр, уазал зымæджы,
Ма уæд йæ хъæстытæй арвæй дæр иргъæвд,
Дарæд æфхæрд лæгæн зæрдæйы хъарм.

ГУСАЛТЫ Барис

ÆВИ?

Радзырд

Æххæст ма асинты уæле фæуон, – фæдзæхсы йæхицæн æмæ та, цас уæлдæрмæ сæххæссы, уыйас æрхæцы гæзæнхъæдыл йæ рахиз къухæй. Хорз, фидар ыл æрхæцы, æлхъивæгау, стæй йæхи сивазы æмæ та иу къæпхæны сæрты схизы. Гæзæнхъæд та хъæдæй нæу, фæлæ дондзæуæн æфсæн хæтæлтæй, раст армыдзаджы стæвдæнтæ, згæхæрдæй ранæй-рæтты фæхуынчъытæ сты, цыргъдæндаг хуынчъытæ. Сæ ногæй æрвцъæх ахорæнæй ахуырст кæй уыдысты, уый уæлдай бæрæгдæр дары хæтæлы дæлгуыбыныл.

Лæг гæзæнхъæдмæ сонтæй февналынæй йæхи хизы – иуæй æдас нæу, згæхæрдты цыргъытæй йе ‘нгуылдзтæ куы фæлыг уой, уымæй, иннæмæй та, уæвæн ис, æмæ хæтæл йæ армыдзыхъхъы бацъæл, базгъæлæнтæ уа.

Бетон асины къæпхæнтæ дæр дургаймургай кæнынц, æмæ цы зын бамбарæн у, сæ аразгæйæ бетонызмæстыл фаг цемент кæй нæ кодтой, уый – зæххæнкъуыстыты заман дæр уæладзыгджын агъуыстытæ уый азарæй ныккæлынц...

Æмæ йын асины уыцы æдзæллæгтæ йæ зæрдæ фæрæхуыстой: раст цыма дунейы цардæн йæ кæрон æрцыд, уыйау ничиуал ницы цалцæг кæны...

О, гъемæ куы фæуæле уа, уæд скъолайы фæзæй ракæсдзæни фæстæмæ, дæлæмæ

горæтмæ, стæй уæрæх цæстæй афæлгæсдзæни хъæдæмбæрзт къуыбыртыл, митæвæрд цæхæркалгæ рæгътыл.

Æмæ мæнæ æнæтыхулæфтгæнгæ схæццæ нысангонд бынатмæ, фæлæ йе ‘ргомыздæхт нæ аивта: «Уалæ телестудийы кæртмæ куы сирвæзон, уæд уырдыгæй ноджы дæрдтылдæр уыдзæн афæлгæсæн – цæст зыдæй ахæссæн...»

Асинтæ цы боныфыддæртæм æрцыдысты, уыцы ныв йæ цæстыты разæй нæ хызт. Æмæ уæд цы æмæ куыд ахъуыды кодта, уый йæ зæрдæмæ фæцыд: ома, уыцы гæзæнхъæдтимæ абаræн ис нæхицæн дæр – кæд нызгæхæрдтæ стæм, уæддæр нæ удысконды нæ советон ахуырст нæма ссыд æмæ ма ‘нхъæлмæ кæсæм, исчи нæ уæдыккон хуызы куы сцалцæг кæнид, уымæ. Авд хатты хуыздæр нæ фæкæна кæйдæр тæригъæдгæнæг нымæтын ехс, уымæ нæ бæллæм – Брежневы заман цы коммунизмы цардыстæм, уый нын фæстæмæ раздахæнт, æриуæнт нын фæстæмæ уыцы цард!..

Уалынджы дын æм æвзист сыфтæрджын пæлæхсар хæрис бæласы тарфæй цъæхснагхъæлæс маргъы зарæг райхъуыст, æмæ уæд йæ бынаты фæлæууыд бар-æнæбары, Хуыцауæй фефсæрмыйау: уый та куыд, æмæ цъиуы алæмæты – ноджы бынтон лæвар! – зарæгмæ дæ цымыдис хъус ма ‘рдарай?!

Уалдзыгон арв дæр цыма фæрайдзаст-фæрухсцæсгомдæр – кæддæр-иу, зæрдæхъæрзæн кæддæр-иу йæ лæппу-лæппын сонт зæрдæ афтæ бамæгуыртæ фырцинæй, йæ уарзон чызджы мæрдтæйгæнæг адджын хъæлæс-иу дардмæ куы айхъуыста, уæд...

«Цæуыннæ зарай, мæ удыгага, – тæхудыгæнæгау йæ миднымæры адзырдта цъиумæ. – Дæ алыварс цытæ цæуы, уый мур дæр чи ницæмæ дары. Стæй никуы никæмæй фехъуыстай, æмæ уæ маргъыхаттæй иу чидæр – æрмæстдæр иу! – уæ фыдæлтыккон зарæгыл, науæд цардыуагыл йæ чысыл зæрдæ сивта, нал æрвæссы йæ Хуыцауы æвæджиауы лæвар удыскондыл, йæ хион, йæ хъæстæйыл, зæгъгæ. Ноджы уæ хæлæрттæ дæр æмæ уе знæгтæ дæр уыцы иутæ, æмæ сæ ивддзаг, хæццæтæ нæ кæнут алы къæбæрсайæн зарджытæ-хъарджыты сайдæй. Йæх-х, æмæ ахæм тæхудиаджы цардæй ацæр уæд та ма дæ адзалы боны тæккæ агъоммæ дæр!..»

Æцæгæй дæр, æцæгæй: уæд лæг афтæ зæрдæхсайгæ фæстæмæ фæкæс-фæкæсгæнгæйæ нал цæуид йе ‘нæкæрон æнусон балцы, стæ-ма, цы цъымарайы та аныгъуылдысты-ныссагъдысты, кæнæ та цавæр æвирхъау туглæсæнты амæддаг бакодтой адæм сæхи се ‘дылыйæ, зæгъгæ...

Цæуы та дарддæр æмæ уæлдæр цъæх-цъæхид нæууæй æмбæрзт хæрды, йæ къæхты бынмæ, цыма бæрæг цыдæр агуры, уыйау кæсгæйæ. Æмæ ууыл архайы, цæмæй йæ къахфындзтыл нæ, фæлæ йæ къах æмдæргъæй æвæра – раджы, незаманты кæддæр, уартæ ма хъуымызбыл æмæ фыцгæзæрдæ пионер-ногдзау куы уыдис, уæд сæ-иу, туристон балцы цæугæйæ раст афтæ къахæвæрын ахуыр кодта сæ разамонæг Беруаты Барис. Стæй сæ хæрды та дзурын нæ уагъта – уæд, дам, уайсахат дæ læфлæф ссæудзæн.

Ох-хай, фæлæ, азты рифтаг цæмæй рæуæгдæр кæна, уый охыл та куыд цæугæ æмæ куыд улæфгæ у, уый куы ничи зоны, куы ничи! Йæ бон ныккала æрыгон уæраг, фæллад циу, уый бамбарынхъом чи нæма у, худæг кæмæ кæсы!

Кæд фыццагау йæ сæр уæлæмæ нæ иста, йæ каст ма йæ къæхты бынмæ уыд, уæддæр æй æрмæст Хуыцауæн зонгæ æрдзон æгъдауæй банкъардта, нымадæй ма йæ цалдæр санчъехы йеддæмæ кæй нал хъæуы къуыбыры рагъмæ, уый. Гъемæ йыл тæккæ уыцы сахат йæ лымæн знаджы хъæлæс бæрзондæй ныллæгмæ ‘рпæлхъ ласта:

– Басæтт ыл, басæтт, Дыбыло, зæронд хæрæг йеддæмæ кæй ницуал дæ, ууыл: дæ хæстулæфт æмæ дæ рæуджыты хæр-хæрæй Иры Къуыбыр æмризæджы куы ризы!..

Уый та дын дзы Быдыло-иблис. Сыгъдæгæй уартæ иувæрсты къæдз-мæдз æмуырдыг асфальт фæндагыл фæцис йæ разæй – фæдисы тырыса схаста, æцæг чердæм фæдис, уый та йын уыйбæрц ахсджиаг нæу...

– Сæттын ыл, уæдæ ма мын ыл æнæ басæтгæ дæр цы ис – кæйдæртау... бæрæг кæйдæртау мæхиуыл, зæронд куыдз уæвгæйæ, хъæвдыны хъустæ куы нæ садзын, мыййаг. Ноджы ма дын æй мæнæ ацы Къобы Хæрд дæр арвæргом скæндзæн, цы мæлхъ – цы дудахъ дæ æцæджы хъуыддагæй, уый. Фæлæ мын дæхæдæг дæр, Быдыло, цыфæнды хъæбæрдзыхæй дæр абоны схъæлзæнг байраг нал дæ, нал. Зилгæйы Къохы Уастырджийыстæн! Уартæ сыкъатæ кæуыл нæ зад, уыцы фистхъуын цæу дæр мын йæхи дзыкъын хуыдта!

Арв æмæ зæххæн дисваг æмбисонд æрцыд: уæллæгъи-биллæгъи, мæнæйуый ма дæ фыддæрадæн дæр æмæ ма стæй мæ хæрæмтты зæрдæкъахтæн дæр нырма гъæйтт-мардзæ сагартæн сагсур гуырд у, зæгъгæ, цыма афтæ зæгъинаг уыд, уыйау дын

Быдыло йæ размæ тæхгæ-тындзгæйæ уæле дæлæмæ ‘руад, йæ къух ын æнувыд хæлары зæрдиаджы ‘хсызгонæй райстаæрæлхъывта, стæй дын йæ дæлбазыр бацыд, æмæ афтæмæй цæдисы æмдых галтау фæуæлæхох сты.

Оф-ф!

Мæнæ дзы цы бæстæвæрд, цы хохкъул хæдзар ралæвар кодта ирон уарзæгой удæн зæрдæбын рæдауæй, æмбал кæмæн нæй æмæ стæй æмбал агурын-дæттын кæмæн нæ фæтчы, уыцы иунæг Хуыцау. Терчы рахизфарсырдыгæй дæлæрдæм цадæггай ахæсс дæ зыд цæст Иры хъæуыл, зæронд горæты бæстон-бындуронæй амад бæстыхæйттыл, галиуварсы ног горæты хицæнмæ-хицæнтæй дæр хъæуваг агъуыстытыл; рæнхъæвæрд хъæуты сæрты ахиз æмæ Цæлыччы быдыр-быдыр ахæсс де ‘нæфсис зæрдæ бæрзæндтæ-уырдгуытæ рæгътыл Æрджынарæгмæ – Терчы лæгæрст дуармæ Иры дзыхъхъæй æгæрон уæрæх дунейы парахатмæ, уым аджих у, бауром дæ улæфт, æцæг дзургæ та мацы скæн, æрмæст ацы нывмæ фыдæлты æхсидгæ уарзт дæр дæ цæстытыл ауайæд, фæцагайæд дын дæ зæрдæ – ды дæ сæ фидæны ныфс, мæнæ ды! Стæй та афтæ сындæггай, хъавгæ-цадæггай æрзил дæ цæстæнгас æмæ де ‘ргом аздах тæнæг мигъвæлмы ‘мбæхст Дыгуры рæгътæм, уый фæстæ та иу тæмæнкалгæ цъититыхт бæрзæндæй иннæмæ анывæнд дæ зæрдæйы зæрин тынтæ, дæ уды дзаг хъæрзын тыхамæлттæй уромгæйæ. Æмæ дæ ма уырнæд, ма, æгас кæй дæ æмæ мæнæ ацы уæлæуон дзæнæты дун-дунетæ дæу кæй сты, дæхи цæстæй сæ кæй уыныс, æмæ Хуыцау йе сфæлдыст галактикæты ныронг – нырмæ уал! – дæуæй, адæймагæй, уарзондæрæй кæй никæй æмæ ницы скодта.

Гъестæй-иу, кæд дæм уыцы ныфс разына, уæд дæ рæсугъд хъуыдытæ фæдыдагъ кæн, балхынцъ кæн æмæ дæхæдæг дæхи æнæкъæм æргомæй бафæрс, куыд æмæ цы ном, цы кадимæ цæрыс æмæ ма цы хуызы цæринаг дæ дарддæр, уымæй.

Ой, нана, лæджы номимæ мæлын йеддæмæ,
Ой, нана, цæрын куы нæма арæхсын!..

Фæрсæй-фæрстæм æрбадтысты дыууæ ас лæджы фæзгонды тæккæ былгæрон хъæрмуст сисыл. Сис уыд фæтæн æмæ ныллæг, æрмæст уæраджы сæртæм амад – йæ нысан айдагъ декоративон. Хъæрмуст кæй у йæ сæр, уый та Дыбыло, иу тъæпæн сау дурыл дзы йæ арм сгарæгау авæргæйæ, базыдта – май кæд у, уæддæр сатæг афтæ æхсызгон нæма у буарæн, ноджы ма фæстаг

азты зæрдæвæрæны мæй зæрдæсайæн рауайы: æцæг уалдзыгон хъарм бонтæ дзы кадавар скæны, æмæ та ацы хатт дæр зæххы уд фаг нæма стæфст...

Цъус рæстæг æдзæмæй абадтысты – æрдзыхъæды кæлæнтæ арфæйагæй сæ куыст кодтой, стæй Дыбыло сусæг-æргомæй къæхтыбынæй ныуулæфыд, æмæ æнахуыр æфсæрмдзастæй – нæ йыл фидыдта! – загъта:

– Лæг куы цæра, уæд дзы кæмæ-цæмæ нæ бахæлæг кæндзæн! Æз дæр, æвæццæгæн, мæ чысылæй фæстæмæ рахастон хæлæгæйгуырд æмæ... – Йæ къах сисæй бынмæ аивæзта æмæ, кæрдæгæй цы стыр дуры цъæх рагъ зынд, уый йæ къахфындзæй æркъуырæгау кодта. – Гъемæ, Быдыло, хæлæг кæнын амæ дæр, амæ, дур чи у æмæ йæ тъымы-тъымамæ дæр уыцы иугæндзон дурæй чи баззайдзæн. – Ныр та йæ рахиз къух айтынг кодта æмæ йæ амонæн æнгуылдз дамбацайы хæтæлау ныццарæзта æвзистсыфтæрджын бæласмæ. – Худинаджы хæлæг кæнын далæ уыцы пæлæхсар уæнгджынтæ-къабазджын хæрисмæ дæр. Уæвгæ та, бынтон хæрис цыма нæу – уырыссагау æй осокорь хонынц, фæлæ иронау... – бакаст фæрсæджы кастæй Быдыломæ. Уый йæ къухтæ фæйнæрдæм аппæрста, цы йын зонын-æмбарын йæ ирон номæн æз та, зæгъгæ.

– Уæдæ уый дæр, цы цæры, уыцы дуг осокорь-хæрисæй арвиты. Ноджы ма зыбыты лæвар зараг цъиуæн дæр замманай эстрадæ-сценæ у... – Ацы хатт та йæ цæстытæ арвмæ куыд систа, афтæ йæ Быдыло сдзурын нал бауагъта – фæбадт йæ хъуыры:

– Хæлæгæй скъуыйыс уалæ рогбазыр æврæгътæм дæр – æнусты æнæнцой бæлццæттæм. Нет у них родины, æмæ уыйадыл нет им изгнания!

– Зæрдиагдæр зын зæгъæн у, раст дæм ахæм саламтæ Лермонтаты Юрæйы фырт Михалæй, рæхджы дæ йæхимæ адава! Æврæгътæм дæр – о, фæуæд, кæнын тæхуды, фæлæ уæддæр ныры царды уавæрты æппæтæй тынгдæр кæмæ хæлæггæнæг дæн, уый та дæлæ уыцы скъолайы...

– Фыццæгæм скъола у рæнхълæуды нымадæй...

– Уыцы фыццæгæм скъолайы чи ахуыр кæны, чи дзы кусы, уыдонмæ мæлын хæлæгæй: æрвылбон дæр ахæм панорамæ уын! Нæй дзы зæрдæйæн фелгъæд уæвæн, нæй дзы стыхсæнсфæлмæцæн, мæнæ хохаг доны иугæндзон зарæг-хæл-хæлæй

куыд нæй зæрдæцъæх фæуæн, афтæ. Уæллæгъи-биллæгъи, дæхи загъдау...

– Уый æдде ма дæ уартæ хохрæбын хъæдбынты цъæхсæр, сырх-сырхид фыхдурæй уыцы аив амад цалдæр уæладзыгджын дачæтæ дæр цардбæллон кæнынц, кæд сын сæ цæрджытæм дæ цæсты фиутæ хæлæгæй нæ тайынц, уæддæр. Уæ демократийы буц хъæбулты уæрæхзылд бæстыхæйттæ сты уыдон. Ныр нын скъолайы ды та, сыстрагъ фыссæг, де скъоладзаутæй мæгуырдæр арæзт ахуыргæнæг, дæ иннæ сабитæй кæмæндæрты та сæ тæнтæ фырæххормагæй сæ астæустæгыл ныхæст. О, æмæ дæ дзы, Дыбыло, урочы хынцфарстыл схæцыдысты мæнæ махтæ, быдылоты цот:

– Можно ли, господин учитель самой правдивой истории Александр Гаврилович, трудом праведным нажить такие палаты каменные? – Кæнæ та иронау дæр фæуæд: – Алыксандр, æмæ айдагъ мыздæй ахæм мæсгуытæ æмæ гæнæхтæ саразæн ис? – Уæд сын ды та, æргомдзырд демократ Дыбыло, цы дзуапп радтис, дæ къæдзил дæ сагæхты нæ фæцæвгæйæ, и, и?

– Къæдзилы уаг ды мæнæй бирæ хуыздæр зоныс, Виктор Садуллаевич, æз та сын, цы хъуыды кæнын ацы хæлойфаг æмæ æнæсæрбос паддзахады тыххæй, уый зæгъин: «Уыцы галуантæй иу дæр лæджы хидвæллойы мыздæй не сбырста уæлæрвтæм цъаммар æдзæсгомæй, адæм цы зæгъдзысты, уый куыдзы фæстагмæ дæр нæ даргæйæ». Стæй ма сын уæлæмхасæн шведаг... Æви швецийаг у растдæр? О, уыцырдыгон æмбисонд радзурин. Цæвиттон, иу бонзонгæ хъæуккаг лæг Стокгольммæ базармæ ссыд. Фæцæуы сæйраг уынджы. Уалынджы дын æм иу хъæздыг хæдзары балкъонæй йæ кæддæры сыхаг дзуры:

– Цæй, куыд у – цы хабæрттæ ис нæ хъæуы?

– Куыдæй йæ ныууагътай, афтæ ма у ныр дæр: кæркхъусты æвæстиатæй къалатийы фæмидæг кæнынц, паддзахады бынхор чи у, адæмы царм чи стигъы, хусæй сæ чи дасы, уыдонæн та нæ худтæ бæрзонд сисæм, – æмæ йæ хъæмпын худ уыцы ныхæстимæ фелвæста æмæ лæгæн йæ сæрæй ныллæг æркуывта...

– Æмæ афтæ ‘нхъæлыс, Дыбыло, æмæ дæ дæ ахуырдзаутæ – уыцы къæйныхтæ – ууыл ныууадздзысты? Нæ ныууадздзысты, бафæнддзæн ма сæ уый дæр базонын æмæ дæ афтæ бафæрсын, кæм ис нæ дерьмократон бæстæйы фæлвых Конституци та, кæдæм кæсынц, барад хъахъхъæнын йæ быгъдуан кæмæн у, уыцы

силовиктæ та, уыцы тызмæг прокуратурæ, уыцы неподкупные тæрхоны лæгтæ-йедтæ та, зæгъгæ.

– Уæд сын быдылоты классикон зарæг акæндзынæн:

Ничего не вижу,
Ничего не слышу,
Ничего никому не скажу!

Стæй ма сын сæ зæрдыл фыдæлтыккон хатдзæг дæр æрлæууын кæндзынæн, кæсаг йæ сæрæй æмбийы æмæ йæ къæдзилæй цæвы, зæгъгæ. Ельцин чи у, уый демократи куыд бафтыдта адæмы цæсты, æлгъыстаг æй куыд фæкодта, уый йæхæдæг царциаты диссаг у. Уæдæ нын йæхи бæсты паддзахады бæрзонд саргъмæ кæйдæр куыд сæргъæвын кодта, уый дæр... – Александр йæ сæр маройгæнæгау батылдта, тыхулæфт скодта. – Æппæт адæмы быдылотæ схон, уый Хуыцауы зæрдæмæ дæр нæ фæцæудзæн, фæлæ ай æцæг афтæ куы у, æмæ умом Россию æцæг не понять куы у. Æндæр ын уæдмæ йæхицæй де сæфт уынын райдай, ома Ельцинæн, дæ маст æм пæлхъ-пæлхъæй фыцæд, афтæмæй йын уыциу рæстæг та йæ минæварæн дæ сæрмæ асин сараз æмæ йæм схизæд æмæ дзы... Æмæ дын дзы мард Советон Цæдисы Гимн æрцæгъдæд, адæмы та уæдыккон æбар скæнæд, æцæг дын дæ зæрдæ алы подачкæтæй æлхæнæд. Иу сом дын куыддæр бафтауинаг у, дæ пенси-улупа-мыздмæ, афтæ йæ зон: æргътæ та туман уæлдæр фесты! Фæсарæнты бензин асламдæр куы фæвæййы, уæд махмæ та йæ аргъ сырæзы. Чи сæ фæуыдзæн нымад алы хæрæмттæ...

– Бынтон раст нæ дæ сомы тыххæй: айфыццаг нæ хъуыстай уыцы æфсæддон зæронд лæгмæ? Æрæджы дæр, дам-ма, æрмæст иуæндæс мины истон пенси, ныр та, дам, дæ фæрцы исын æртæ æмæ ссæдз мины!

– Дзæгъæлы мын æй æрлæууын кодтай уыцы ‘мбырд мæ зæрдыл! Мæстæй хæлгæйæ кастæн уыцы фембæлдмæ – уый та дын дзы сæрыстыр, сæрибаруарзаг кавказæгтæ: кæцырдыгæй ма йæ асдæрдтаиккой, уымæ нал арæхстысты. Отец родной! Царь-батюшка! Солнце наше! Спаситель Отечества! Фæцæй йæ Сталин кодтой. Й-йæх-х! Ирыстоны æфсармджындæр æмæ ахуыргонддæртæй кæй хонын... кæмæй æнхъæл уыдтæн, уый та уым йæ дзыхы дон бакодта...

Ныхмæдзыд лымæнтæ сæ быцæу ныхасы афтæ зæрдиагæй бацыдысты, æмæ йæ сæ иу дæр нæ фæхъуыды кодта, нæ фæха-

тыдта, сæ хæд фæстæ чызг-сылгоймаг куыд æрлæууыд æмæ сын стыр цымыдисæй сæ хæлар загъд-заманамæ куыд хъуыста, уый. Йæ къухтæ йæ дæлриу сбыдта æмæ сæ куы кæмæ баздахы йæ сæр, куы кæмæ. Йе зондджын стыргомау сау-сауид цæстытæ ‘хсызгон цæхæр калдтой...

– Уыцы хъæздыг пенсиисæг, уый! Æфсæст быдыло дзы рауад, æмæ йæ нал æндавы, далæ мæ зараг цъиуау, йæ алыварс цы дуне æнхъизы, адæм цы масты мæцынц, уый. Цæй коррупци ма, цæй паддзахады бынхъæдтæ æхсынджытæ ма! Цæй пъæлицæмилицæ ма! Адæм уыдоны къухтæм бафтынæй, уыдоны хъуаг фæуынæй куыд тæрсынц, афтæ, дам, иу бандитæй дæр не стъæлфынц. Æмæ рынчындонмæ бахауынæй та? Æмæ дæ дæ хъæбулы сабидонмæ раттын куы бахъæуа, уæд та? Æмæ дæ дæ зианæн уæлмæрды чысыл нывылдæр бынат куы бафæнда, уæд та? Æмæ дыл исты документтæ саразын, исты гæххæтт-справкæ райсыны мæгуыры бон куы акæна, уæд та? Дæ цард дын сæнад уыдзæн! Æмæ та, дам æй æртыккаг хатт дæр равзарæм – «Вашингтоны обком» æмæ, дам, Ныгуылæн Европæ æндæр никæмæй тæрсынц! Нæ быдыргъ-богъоли цыма у...

– Уæдæ сæ быны атулæм сыст къæбылатау? Стæй ма æгæр дæр суагъта алы газеттæ-балаболкæтæн сæ дзыхтæ, æмæ бынтон хуылыдзæвзаг фесты – лæхурынц æмæ лæхурынц, мысынц ыл алы дам-думтæ... Уый та æцæг стыр лæгау йæ сæрмæ нæ хæссы цыдæр хæпп-хæпгæнаг дамкъатыл дурадзагъд кæнын...

– Замманай рыгтæцæгъдæг дæ! Тугтæхсæг. Фæлæ кæд æцæг ахæм стыр лæг у – мæнæ æцæг дæр маст кæмæ не ‘ххæсы, ахæм, уæд цы фæцис, зæгъæм, фыццаджы НТВ, Савик Шустеры программæ? О, уадзынц ма кусын дзырдхъомы охыл кæйдæрты – сæ иу «Новая газета». Фæлæ ныр та сæ лæугæ хох æмæ цæугæ мæсыг йед у, ног зондахаст – Крыловы гæдыйы философи: а Васька, дам, слушает да ест. Васькизм! Æндæр уæдæ уый куыд æмбаргæ у, куыд, чысыл дæр ма йæ зонд йæхимæ кæмæн ис, уымæн: чи исы гæртам? Бæрнон бынаты чи æрфæтъæн, исты хъуыддаг аразгæ кæмæй у, уый!

– Саст рæхыс – раст зæгъыс!

– Быдылотæ дæр æгайтма бынтон дыбылотæ не сты! Æмæ, Виктор, кæцы партийы уæнгтæ сты сæ дзæвгар фылдæрæй уыцы уырытæ-хæррупционертæ та? Æмæ уыцы хæдæвзæрд партийæн та йæ буцдаринаг раздзог бодз чи у? Уæдæ дзы уый ис, уый!

Кæм ын ис уыцы уркæты-жуликты цæгъдæн-сафæн сортир та? Æви сæхийау халон у æмæ... æмæ... Цæй, цæсткъахæджы хабар зоныс!..

– Адæм сæхæдæг дæр сты азымы даринаг, æдзух æхцайы фæрцы ‘хсæдынц фæсвæд фæндæгтæ сæхицæн дæр æмæ сæ цотæн дæр. Уæдæ ма-иу æфхæрæг оргæнтæм бавдисиккой, гæртам сæ чи домы, уыдоны!

– Æмæ тæрхонгæнджытæн та сæхи чи бавдисдзæн æмæ кæдæм? Æмæ прокурорты та? Æмæ... Цал æмæйы сты цæгæй баст кæрæдзиуыл, цал! Фæлæ дын æз сæйраджы сæйрагдæр нæма загътон... – Æдзынæгдæр ма кæд слестгæнæг ныккæсдзæн йæ амæддаджы цæстытæм, ныр Алыксандр Викторы ауазæнджын цæстытæм куыд каст, уымæй. Ауазæнджын та йын сæ уымæн æмбæлы схонын, æмæ лæгмæ афтæ сдзуры йæ зæрдæ, цыма Викторы цæстыты арфы цыдæр шторæтæ-рудзынгæмбæрзæнтæ ис, сæрмагонд цæстæхгæнæнтæ – йæ хъуыдытæ, йе ‘цæг æнкъарæнтæ йæ сæргом кæнын, равдисын куы нæ фæфæнды, уæд та уыцы цыдæр фæлгæтæгтæ уадидæгæн æмбæхст кæцæйдæр уæле цæхгæрмæ æруадзы, цæстыты рухс ацауазы, æмæ ма йын сын æрмæст уæлцъар вæййы, ихбын уæлцъар, иу хабарæй дæр стæфсæн кæмæн нæй, йæ хуыз аивæн, ахæм хъуыназæрдæ уæлцъар.

Бакаст та-иу Алыксандр Викторæ æмæ та-иу азылд – афтæ цалдæр хатты.

Виктор тыхамæлттæй баирддзæсгом:

– Цы джигулгæнæджы кæстытæ мæм кæныс – мæ хуызæн дæ де ‘взонг бонты фесæфт, æви мæ дысон дæ фыдфынты федтай æмæ йæ ныр сбæлвырдгæнинаг дæ, уый æцæгæй æз уыдтæн, æви дæ дæ хæйрæджытæ фæдзæгъæлсæр кодтой, зæгъгæ?

– Куыннæ стæй: дæ хуызæн дын сæфгæ кæны! Кæд ме ‘нæзонгæ Быдылыхъо нæ дæ, уæддæр мæхимидæг схъуырдухæн дæн, зæгъон дын уыцы сæйраджы сæйрагдæр, æви куыд, зæгъгæ. Ахæм тугамæст къæм абадын дæр та йыл куы нæ бауадзай дæ рады хъомгæсыл...

– Уый та ма дзы чердæм рады хъомгæс у?!

– Мах – фос, хъом, тандем та нын рады хъомгæстæ. Фыдæлтæн дæр æмæ нæ фæстагæттæн дæр фидиссаг уавæр. Уæд уанцон нæу, бæркад дæр ма дзы вæййы, дыууадæс азы дын фаг нæу паддзахады саргъыл бадынæн?! Уæд цы ‘рцыд, Стыр Уæрæсе

та ногæй лæгагур фæцæуæг?! Фиутæ иуырдæм, æддзидза стæг иннæрдæм, фыдджинаг хæстæгдæртæн, ома дзыхбæттæнтæцæстбæттæнтæ – йæ сæрыл куыд схор-хор кæной бæрзæндтылбадæг скъæтгуыбын быдылотæ, афтæ. Æфсарм, æгъдауыл дзурджытæ та – фæсарæнты ælхæдæй ардыд, оранжевая чуматæйедтæ, мидызнæгтæ, фæндзæм колоннæ! Æмæ та адæмы фæдыууæ дихы кодтой, кæрæдзимæ та топпы кæсæнтæй акæсой æмæ карды комæй сдзурой... Иу læджы зонд æппæт дзыллæйæн фæтк нæу, зæгъгæ, уыцы ныхас та – ирон фыдæлты ныхас – нæхицæй дæр уартæ кæд æмæ кæд ферох...

– Æмæ йæ культахуыр уырыс нæ зыдтой... нæ зонынц, уый æндæра...

– Кæд æцæг персональный... Æллæх! Кæд æцæг профессиональный быдыло нæ дæ, Виктор, уæд ма алцы хъазынмæ ма здах!

– Дон нæ ома нарты адæмау хъазгæ æмæ худгæйæ аласдзæн, нæ? Хорз, нал худын. Фæлæ дæ йед рох кæны, цавæрдæр æнахуыр къæм – тугамæст.

– А... О... – Бакаст та йæм фæлварæг-сгарæджы кастæй. Викторы цæстыты бынæй раст сæ дзыгъуыр дуртæ дæр зындысты, ахæм сыгъдæг ын систы – нæма сын æрæппæрста сæ рухсæхгæнæнтæ. Чи зоны, æмæ æгæр бацымыдисаг уыцы тугамæст къæм базонынмæ æмæ фæудаист, куы нал мын æй зæгъа ме ‘нæстъæлфгæ цæстыты ахастимæ, зæгъгæ...

– О, æцæг дæр мæ куы фæцæйрох кодта. Йед у, судзагдудаг, раст æм лæг бавналын дæр нæ уæнды, нæ йыл комы зæрдæ бандзæвын дæр. Æмæ, не суинаг фыййау-хъомгæс йæхæдæг дæр йæхи тыххæй куыд зæгъы, уый зондзынæ, фæлæ дын æй уæддæр зæгъон мæхи дзыхæй: «Беслан – это навсегда кровоточащая рана в моем сердце». Æмæ иугæр кæд уый æцæджы хъуыддагæй афтæ у, уæд æй, гормон, Беслæны æнамонд мадæлтæн дæр зæгъ, цы ‘рцыд æмæ куыдæй æрцыд, уый. Рæстдзинад æрмæстдæр уый, уæды Сæйраг командыгæнæджы бæрны ис – уыцы æбуалгъы трагедийы рæстдзинад. Йе ‘вастæй хъæмпыхал дæр иуварс ничи бауæндыдаид айсын, залиаг калмы сæр дæр æнæ уый бафæрсгæйæ ничи æркъуырдтаид! Æмæ дын уал æмæ уал азы зæгъы æцæгдзинады хабар? Гъе, ахæм домбай разынд нæ дзюдойæ хъæбысæйхæцæг: егъау Уæрæсе йæ быны нынноРста, ныцъцъыплята-табака йын кодта йæ

лæгты... Йæ фыдæн фыртæн нæ бæззы ирон адæмы нымадæй? Хъуыранардыстæн, бæззы!

– Æмæ дзы чи у, чи, уæдæ, æцæгæй дæр абон паддзахады рохтæ йæхимæ райсыны аккаг – йæ ронбастмæ йын дзы иу дæр куы не ‘ххæсы, уæд! Суанг ма дæ Явлинский дæр...

– Уый æвзæрстыты, æнæзæрдæхсайгæ æвзæрстытæн сæ Къобы хæрды бæрæг уаид, чи дзы кæмæн кæдæмты æххæсы, уый, фæлæ дын æй мæ богалы сæ ерысмæ ма бауадзой, исты ницæйаг æфсæнттæй та йæ сисдзысты. Фæлæ, иу хорз, æмæ адæм дæр фæзæронд сырддонцъиутæ сты, нал æууæндынц алы зæрдæвæрæнты зыгуымыл...

– О: искæд боны æгасцуайтæй, дам, ныры байрай хуыздæр.

– Æмæ йæ электорат равзарой, ма равзарой, уæддæр та уый уыдзæн рокировкæгонды уæлахиздзау. Гъемæ йæ Хуыцау йе знæгты фыддæрадæн хуыздæрмæ фæкæнæд! Æцæг фыццагау æнцад-æнцойæ кæй нал баддзæн йæ бæрзонд къæлæтджыны, уый дæр дызæрдыггаг нæу: дзыллæтæ сæ сæртыл схæцыдысты, сæхимæ кæдæй-уæдæй бардарæг æркастысты сæ райгуырæн бæстæйы хъуыддæгтæм. Граждæнты фæндагыл фæраст сты, æмæ сын цæлхдургæнæг йæхи мачиуал скæна!.. Æмæ кæд æгъдау æмæ ‘фсарм дæр иуахæмы сæ гаччы сбадиккой, – Алыксандр йæ уæнгтæ аивæзта, æркаст йæ сахатмæ. – Куыд æрæгмæ нæм рацæуы Алетæ дæр... – Куыддæр уый загъта, афтæ йæ Хуыцауы ардыдæй фæрсмæ фæкаст æмæ ауыдта Алетæйы. Зæрдиаг цины уылæн афæйлыдта йæ цæсгомыл, рæвдздæр зын бантысæн уыд йæ кары, ахæм цырдæй фестад, йæ къух æм бадаргъ кодта. – Мæнæ ма нæхи-сæхи æмæ æппæтæн дæр уарзон Алетæ! Нæ йæ базыдтам, куыд æрбацыдтæ, уый, – фæрсæгау бакаст Викторимæ, кæд æй ды бафиппайдтай, уæд дæ дзыхыл куыд хæцыдаис, зæгъгæ.

– Æз дæр æй нæ федтон, афгайнаг «дух»-тæй хъуызагдæр у: куыдз сын сæ къæхты уынæрмæ йæ хъустæ нæ фæгæмæл кæндзæн.

Алетæ ‘нцад худти, ницы дзырдта.

– Рагæй нын хъусыс нæ сæрхъæн... не ‘дылыгопп ныхæстæм? – бафарста йæ Алыксандр æмæ йæ йæхæдæг дæр фембæрста: йæ хъæлæс ыл гадзрахатæй рацыд – фæбæрæг ыл, Алетæ йын йе ‘ппæт ныхæстæ фехъуса, уый йын фæндон кæй нæ уыд, уыцы хъуыды.

Алетæйæн йæ худæндзаст цæсгом нæ фæтар, æрмæст чысыл фæсагъæсхуыз:

– Уый та куыд ома æдылы ныхæстæ? Библийæ уын ард хæрын, куыд зæрдиагæй уæм хъуыстон, уый тыххæй. Кæд ма-иу афтæ цымыдисæй уартæ мæ чызгон бонты далæ Собчак, Сахаров æмæ иннæтæм хъуыстон. Æмæ цæуыл фæхъуыдыйаг дæн... – Фæлæууыд йæ дзурынæй. – Раст нæ загътон иронау, фæхъуыдыйаг дæн, зæгъгæ, куы схуыдтон мæхи... – Цæхгæр та фæурæдта йæ ныхас, ныххудт дуне цæрынæн бæззонгæнæг худтæй. – Мæ рæдыдтæ акæри сты, цæнд-цæнды уæлæйы хъазтæй цыма хъазынц, уыйау. Нæ бæззы «фæхъуыдыйаг» дæр æмæ мын йæ ирон æвзаджы бынаты нæй «мæхи схуыдтон» дæр. О, куыд ахъуыды кодтон, уæ ныхæстæм хъусгæйæ... – Радыгай сæ дыууæмæ дæр бакасти, цыма сæ афтæ бафæрсинаг уыд, цæй, цы зæгъут, Зилгæйы фæсивæд, хæстмæ цæттæ стут, æви куыд, зæгъгæ. – Уæдæй нырмæ цытæ æмæ куыдтæ дзурут, уыдон мидæгæй студийы не сфæлхат кæниккат? Уый тынг хорз уаид, иттæг хорз...

Виктор фемраст йæ мидбынаты лæугæйæ, аджих:

– Æмæ уæд йед та... Цæй фæдыл нæ схуыдтай, уыцы ныхасæгтæ: хъæуы – нæ хъæуы хæрнæджы фынджы сæргъы бадæг хистæр... Дыууæ фæрсчы ма ‘мбæлы хæссын, æви куыд... Æд мард чырын разил-базил кæнын аив у, æви...

Алетæ ‘нæрхъæц йæ къухæй уæлдæф æхсаргардæй кæрдæгау уæрæх æрриугъта:

– Дуне æнхъизы, абухы, йæ бындзарæй нынкъуысинаг та у, ирон лæг та, дам, агъуыдау уыцы иугæндзонæй уыцы иударон сагъæсы ис, сæр æмæ бæрзæй кæмыты ‘вæргæ сты, цал рæгъы хъуамæ уа зианы фынгыл...

Виктор Алыксандры иувæрсты уæлдæр сивгъуыдта, арвы быдырæй йын фон рауад – æмæ та йæ саджы фисынтыл амад гуырыкондæй ирон бæстæ сфидыдта, баныфсджын, бацардхуыз. Æмæ бæргæ, бæргæ!.. Фæлæ-иу, тæхуды, æмæ æдзæмæй куы лæууид ахæм табуйаг сахат. Нæ! Уæле дæлæмæ ‘рдзырдта, сæ бынатæй зын фенкъуысæн чи вæйиы, ахæм зонды ныхæстæ:

– Омæ, мæ цæстырухс, мæ зæрдæйы сой Алетæ, фæнды дзур, фæнды дæ дзыхыл цъутта сæвæр, уæддæр махæй, хуымæтæг рæстзæрдæ адæмæй, цы аразгæ у, цы нæ бон у æрсытимæ кæрдоцæгъдæнты? Стæй, мало ли о чем мы, казаки, гутарили меж собой... Бахатыр кæн, фæлæ мæнæйуый, йæ къæбæр, йæ цæхдон кæм нæ уа, уым...

– Уæлæ арв сдзедзырой, Хуыцау артæнхæлдтæ кæны, дæ

ныхæстæм хъусгæйæ: цæхдон дын уа, кæмфæнды дæр уа æмæ кæйфæнды дæр уа, æмæ дзы нæхи Быдыло та йæ хус къæбæр ма атула! Кæд хæппæй уадзыггæнæг дæ, уæддæр. Комвæдис, быдылотæ, комвæдис, æмæ уæхи, куыд рæбындæр гæнæн ис, афтæ бафснайут! Уымæн æмæ йæ тынг хорз зонут: нарт та уæддæр сæ тæлæт фос Æртæ Нартыл дæр æмхуызон уардзысты. Нарт – дыбылотæ... – Алыксандр дæр уæлдæр ссыд.

– Кæсыс æм, хъусыс æм, Алетæ? Дыбылоты нын нарты туг æмæ мыггагыл ныффыста. Уæллæгъи-биллæгъи, Хуыцау никуы сæнкъард уыдзæн!

Алетæ куыддæр фестъæлфæгау кодта – хæрдмæ фæхауынмæ йæ бирæ нал хъуыд: афтæ вæйиы, исты бафæрсинаг куы уай æмæ дæ куы ферох уа, фæлæ дын æй исчи дæ зæрдыл куы ‘рлæууын кæна, уæд.

– Хæдæгай! Цæмæй уæ бафæрсинаг уыдтæн абонсарæй... – Йæ цæсты цыдæр цыма бахауд, уыйау æй асæрфтытæ кодта кæрæттæджын зæлдаг фындзыкæлмæрзæнæй – йæ цъындабыд кофтæйы дысалгъæй йæ раласта. – Кæйдæр уындзынæн... – Æфсæрмдзæстæй бахудт. – О, йед... Уæ кæрæдзи цыдæр фидиссаг нæмттæй цæмæн хонут?

– Мæнæ Сæтти æмæ Бæттийау стæм! – Фæцырд – йæхимæ гæсгæ фæцырд – Виктор.

– Не стæм! Не стæм, нæ, хорз Садуллæйы кæркæ-мæркæ фырт Виктор! – Алыксандр аздæхт Алетæмæ. – Уый – Быдыло, æз – Дыбыло, æмæ не ‘хсæн та кара-кумтæ, гималайтæ, сау æмæ урс фурдтæ. Нæ иуыл – пæлæз, иннæуыл – хъисын, зæгъгæ, уыцы хуызы нæ ивддзаг кæнæм. Иу цæвиттон-дæнцæг дын æмбисондæн æрхæссон... Лæгæвзаræн сахат та скодта Советон Социалистон Республикæты Цæдисыл Чернобылы сау бонты. Дыууæ ‘мбалмæ, инженертæм, фæсидтысты, атомон арт ахуыссын кæнынмæ цæуын хъæуы, зæгъгæ. Æцæг, дам, тыхбегара нæу, бархионæй, барвæндонæй у. Сæ иу афтæ:

– Æз – нæ цæуын: мæнæн хæссинаг læппу ис!

Дыккаг афтæ:

– Æз – цæуын: мæнæн суинаг фырт ис!

– Гъемæ сæ фыццаг уыд быдылотæй, дыккаг – дыбылотæй, – фæныхмæвæрд сæ кодта Алыксандр.

Виктор ныр згæ сечкæйæ дæр нæ фæтарстаид, амæлæд, фæлæ уал æй раздæр йæ зæгъинаг срæцугъын бауадзут:

– Ай-гъай сразы уырдæм цæуыныл: ахæм æхцаты тæф дзы калд!

Алыксандр æм йæ дæндæгтæ базыхъхъыр кодта, былысчъилæй йыл бахудинаг уыд, фæлæ Алетæ йæ разæй фæцис, йæ цины уацæн цыма хæрзæггурæггаг райсынмæ атындзыдта:

– Нæ, Виктор Садуллаевич, ам æхцатæ сæйраг нæ уыдысты. Уæдæмæ дыккаг лæг уырдæм йæ фыртæн, йæ иунæг бындарæн, царды хуыздæр бынтæ цы вæййы, уыдон скæнынмæ фæраст: лæгау лæджы ном бакусынмæ! О, æмæ ахæм лæг та дыбыло, ома дебил у, зондджын быдылоты дзыхъхъæй кæсгæйæ, – йе ‘ргом Алыксандрмæ азылдта. – Бузныг, бамбæрстон æй, Сæтти-быдыло чи у æмæ Бæтти-дыбыло та чи у, уый. Одессæйæгты загъдау, это две большие разницы.

Хæлар худтæй бахурдзæсгом Алыксандр:

– Æз цæуын дæ равдысты уыцы хуызы архайынмæ дæр – адæмæн, æппындæр куы ницы сахадой нæ ныхæстæ, уæддæр æхсызгон вæййы, сæ хъæрзтæй ма æндæр чидæр кæй фæхъæрзы æмæ сын сæ дзуринæгтæ дзыллон æргомæй куы фæдзуры, уæд уый. Дзырд – æвдадзы хосгæнæг... Æцæг, кæмæ хъара, уымæн.

– Циу нæ хæс, нæ цытджын хæс? Телевиденийæн ома... Цъусгай-мургай, халгай-æндахгай хъомыладон куыст кæнын. Сымах хуызæтты фæрцы. Чиныг нал исынц ирон адæм сæ къухмæ, фæлæ ма махмæ кæсынц, хъусынц радио «Алани»-мæ... Гъемæ кæд иуахæмы дзыллæ фендæр уаиккой, фæадæмдæр. Æмæ – фæлæгдæртæджын...

– Хуыцау сымах фæндтыл дæр йæхи худæгæй куы хæсса, уымæй нæ тæрсут? Чи дын ауадздзæн, Алетæ, мах ныхæстæ... уæ ныхæстæ... не ‘рдæбоны дзыбандытæ телевизорæй, уæлдайдæр Ирыстоны, уæлдайдæр бынæттон хицауады мæскуыйаг бардуаджы ныхмæ?.. Сæ лæгъстæйагæй сыл мæгуыры бон куы ис уыдоныл дæр – хъазайраг цы уа, уый куы сты...

Алетæйы афтæ фæзæрдæрæхуыст кодтой уыцы фæндагæргæвдæн ныхæстæ, æмæ раст йæ хуыз аивта – ды мын мæ сæр голладжы тыхт æнхъæл дæ, æмæ, дунейы мидæг цытæ цæуы æмæ кæцырдæм цæуынц, уыдæттæ нæ хатын, зæгъгæ... Уæддæр, хи уромгæйæ, загъта:

– Бæрæг цыдæр аивта рæстæджы хъæды... рæстæджы сау æмæ салд хъæды уалдзæджырдæм – рагон «оттепель»-ау у, йæ хъызт фæсаст. Æмæ цыма фыццагау уыцы бардуагæй ничиуал

схъиуы... Суанг ма йын йæ кæцыдæр митыл худын дæр райдыдтой, анекдоттæ йыл мысынц адæм...

– Мæнæ хæфсытæ хъæдын лæгыл куыд сахуыр уой æмæ йæ уæлæ куыд сбырой, уый зæгъинаг дзы дæ? Мæ кæлмхæрд зондæй дын æй зæгъын, ирон дзыллæйы уарзон журналисткæ Алетæ, æмæ дæ уыцы зæрдæ ма фæсайæд...

– Фæсайæд нæ нæ хорз æмæ æдылыдзæф зæрдæ! – рафыхт Алыксандр дæр. – Фæлæ мæнæ ацы цалдæр къуырийы æргомæй дзурæн дуг сты, æмæ уæдæ къуыттытæй лæууын дæр кæдмæ быхсæм? Мæн ма цы къуылымпы кæны... Иунæгæй дзурын зынгомау у æмæ, бæргæ, дзырдсайæг-къахæг ныхасæмбал мын куы уаид, уæд...

– Æз дæ мæхæдæг фæрсдзынæн алцæмæйты, къахдзынæн дæ!

– Уæдæ, кæд афтæ у, уæд – размæ!

Диссæгтæ – адæмæн, царциатæ – Хуыцауæн: Виктор къæмдзæстыгхуызæй – къæмдзæстыг æмæ æфсæрмдзаст къуызгæйæ! – бафарста Алыксандры:

– Банхъæлмæ дæм кæсон?

Алыксандр та Алетæмæ бакаст, цыма йæ, цы дзуапп ын радта Викторæн, уымæй бафæрсинаг у, уыйау. Уый та йæ йæхирдыгонау бамбæрста:

– Кандидатты агитацион равдыстытæ мæноны разæй фæкодтой, æмæ бынтон куы афæстиат уæм... Æз мæхæдæг, Виктор Садуллаевич, фемвæндаг уыдзынæн йемæ, – хатыркурæджы фæлмæн мидбылхудт схъазыд йæ дзагрус цæсгомыл – хатыр курæг та уыд Алыксандрæй, йæ бæсты дзуапп дæттынмæ кæй фæцис, уый тыххæй.

Алыксандр æм йæ сæр батылдта, ома ницы кæны, алцыдæр йæ нывыл бынаты ис, зæгъгæ, стæй лæгъзæй, хæлардзинады æууæлтыл аудæг лæгъзæй загъта Викторæн:

– Карк дæр, дам-ма, дон куы баназы, уæд Хуыцаумæ скæсы... Карк! Гъемæ мын, зæгъæн куыд нæй, афтæ фехсызгон, Садуллæйы сахъ фырт, дæ уæздан ныхас, – загъта хъазгæмхасæнты æмæ Алетæйы разæй хæстон ныббырсты цæуæгау фæраст. Æмæ ма цæугæ-цæуыны, йæхицæн дзурæгау, бафтыдта йæ ныхæстæм: – Иугæр тæрсыс – мацы архай, иугæр архайыс – ма тæрс, – Чингисханы æнæмæлгæ фæдзæхст...

Тæккæ уыцы дугыл дæлбылæй зараг цъиуы хъæлæс афтæ ‘хсидгæ цъæхснагæй ныйййалæлæй-ныззæлланг ласта, раст цыма æппæты дæр, цы фæндæгтæ равзæрстой, уыдоныл æдæрсгæ,

ænæ фæстæмæ фæкæсгæйæ, цæуыныл разæнгард кодта – Викторы дæр, Алетæ æмæ Алыксандры дæр...

Алетæ цалдæр хатты æнæныфс, нæуæндаг цæстытæй фæрсмæ бакæстытæ кодта Алыксандрмæ, стæй æппынфæстаг йæ ныфс бахаста бафæрсынмæ:

– Нæ мæ фæнды, æз цы зонын, ды уый ма зонай, уый – æмæ дæ куыддæр нæ уæндын бафæрсын, фæлæ уæддæр... Йед... Академик Лихачев Явлинскийы тыххæй куыд загъта, уый ма лæууы дæ зæрдыл?

– Ома, ома? Ахæмæй куы ницы хъуыды кæнын.

– Нырыккон политикты ‘хсæн, дам, æрмæстдæр иунæг уый у æфсармджын адæймаг – порядочный уырыссагау.

– Æцæг дзы загъта афтæ, æцæг! – бацин кодта Алыксандр. – Йæ иу интервьюйы. Æмæ уыцы ныхæстæ æз куы сфæзмин... куы æрымысин, уый дæ фæнды?

– Бæргæ хорз уаид.

– Уаид, о. Ерысмæ йæ куы бауадзиккой, æвзæрстыты лæгæйлæгмæ хæстытæм, уæд. Фæлæ – куыннæ стæй! О, æмæ уæд, Явлинский нæй, зæгъгæ, кæй сæрыл дзурæм, кæуыл сидæм хъæлæс кæнынмæ? Иу лæгæй æз фæхъузон уаин Прохорæн – мæ зонды æвастæй йыл æууæндын, цыдæр æгъдауæй мæ уырнынц йæ зæрдæвæрæн ныхæстæ, ме ‘ппæт активтæ дæр ауæй кæндзынæн æмæ, дам, сæ социалон сферæйæн схардз кæндзынæн – хъæздыг лæг йæ дзырдæн хицау куы нæ уа, уæд банкрот кæны, фæкъуыввитт вæйиы: иугæр мæнгард у, æууæнкхор, уæд йемæ ‘мдзæхдон ничиуал фæкæны.

– Ирон хæрæфырт æй хонынц...

– Уымæн ницы зонын, фæлæ йæ хо Иринæ цыдæр æвæджиауы зондджын æмæ зонынджын у – дебаты фæуæлахиз дзыхджын-бæхджын-хæдтæхæгджын Никитæ Михалковыл. Фæлæ нæм нæй кад хъæздыг лæгæн дæр йæ дзырдæн, ноджы ма, дам, се ‘ппæт дæр алы цæстфæлдахæн миты-фыдгæндты руаджы сбонджын сты. Уæдæ Зюг дæр... Абон уый цытæ дзуры, цы ‘хсæндзарды кой кæны, уый ницы бавæйиы коммунистон зондахастæн, уый сыгъдæг социал-демократи у. Æрмæст та ууыл дæр æууæнк нæй, уымæн, æмæ æнæфæлитой политик урс халонау у, альбинос. Фæлæ – диссаг: зæронд сырддонцъиутæ дæр æхсæст хор æнхъæлынц Зюгановы зыгуымы муртæн. Уымæй диссагдæр та уый у, æмæ айдагъ ацæргæ адæм кæй не

сты йæ фарс! Бирæтæ нæ историйæн къуымых ахуырдзаутæ сты…

– О, æвзарджыты ног фæлтæр, советон дуг æмæ ромаг империйы дуг æмхуызон æцæгæлон кæмæн сты, уыдон дæр сырх тырыса систой – фыддæрадæн! Ныры хицауиуæггæнæг партийы фыддæрадæн!

– Афтæ, афтæ… Цасдæр рæстæг æй мæхæдæг дæр не ‘мбæрстон, цы мæ хуыдуг кæны, цæмæн мын фæзын, фæхъыг йæ уынд, йæ ныхас, цы мæ дзы хъыгдары, удвæлладау дзы цæмæн дæн, уый… Стæй йæ фембæрстон… Кæйдæр загъдау, мæ мадыфсымæр, кæнæ мæ цардхæрæфырт нæу Æрсойты лæппу, фæлæ мын хъыг уыд йе ‘фхæрд. Цæуыннæ йæ бауагъта президентæй дыууæ ‘мгъуыды бакусын, цæмæн æй фæоколо нуля кодта, фæлузер – плинтусы æмвæз æй æртардта, бассæста йæ цæмæн, цæй тыххæй? Цы фау æм æрхаста? Ноджы ма уый æвастæй цыма йæ сæр дæр никуы аныхта. Æрсойон дыккаг æмгъуыдмæ куы цыдаид, уæд адæм дæр нырау нæ райдыдтаиккой æнхъизын. Йæхи æртыккаг хатт бафæнддзæн паддзахады сойгуырæн æмæ мастæмхиц рохтæ йæхимæ райсын, уый та никæй фæсонæрхæджы уыд, уымæн æмæ, мæнмæ гæсгæ, зæрдæзæгъгæ хъуыддаг никæмæн у, абон йе ‘нæнхъæлæджы фæсдзæуинтæхъузæттæ чи сси бархионæй, раст уыдонæн дæр. Йæх-йæх… Цыдæр хъылмайы тæф мын æхгæны мæ улæфæнтæ, кæуылдæрты мæ сыхырнагонд удмæ чъизихæццæ мæсчъыдон-æрсдон ныллæдæрсы.

Иу ахæм фæзилæн ма: фæлмæнныхас лæг бахъуаджы сахат йæ хъæлæсыуаг куы фæтызмæг кæна, уæд уымæй мæ зæрдæ нæ изгард кæны, æхцон дæр ма йын вæййы. Дæрзæгныхас чи у, уый иуахæмы сойсæрст лæгъзæй куы райдайы дзурын, уæд та уынгæджы бонау скæны мæ карчы цъиу удыл. Уый уымæн, æмæ дыл йæ бæмбæг æвзаг кæд æмæ куыдæй разилдзæн фыдæй, ууыл æнæбары фæхъуыды кæныс. Фыццаг лæг ома хатгай мягко стелет, фæлæ, дам, жестко спать, а иннæ чи у, уый та дын тæхгæ маргъы пакъуыйæ гобан куы барæтауа-сараза, уæддæр дæм уызыны судзинджын цармæй цъарджынау кæсдзæн – ахæмæн йæ алы рард дæр, йæ алы рæвдыд дæр цыма дæ фарсы тæнæгæй фæуыдзæн, нæ дын батайдзæн…

Цæмæн ома?

Уымæн, æмæ дæ фыдæлты уæзæгыл, дæ райгуырæн бæстæзæххыл дæхи хионæй не ‘нкъарыс, рæбинагæй, фæлæ кæцæйдæр

æрбафтгæ мæгуыргурау æркæсы адæймаг йæхимæ, ацы зæхх æмæ æрвдунетæн æцæгæлон мæгуыргурау, æмæ куы нал уаис æппындæр, уæд æфсæстæй бухъгæнджытæн зынгæ фенцондæр уаид улæфын. Уæддæр, цы ‘рцæуа, уый Хуыцауæн фехцон уæд, адæмæн дæр хуыздæрмæ куыд фæуа! – Алыксандр æнæнхъæлæджы ныххудт. – Кæддæр-иу, Алетæ, радиойæ Хуыцауы кой ма скæнай! Æмæ уæм куыд у ныр та, ис æм комкоммæ бакувæн, батабутæ йын кæнæн?

Ис, ис, зæгъгæ, Алетæ йæ сæр банкъуыста, хъæрæй та загъта:

– Ацы мæйы дæргъы йæ хъуыддаг ацыд æдæрсгæ æргом ныхасæн алкæй æмæ алцæй тыххæй дæр, фæлæ уæддæр, Алыксандр, куы йыл басæттон, уæд мæ зæрдæйы аргъуаны чысыл дзæнгæрæг уыцы иугæндзон фæдисон цæлхъ-цæлхъ кæны – йæ зондджынæй уа, æви йе ‘дылыйæ, уый та... Ницы бæллиццаг рухс æм ивылы фидæнæй.

– Уыдæттæ дæр-иу зæгъ, мæ дзæбæх къона Алетæ!

– Зæгъдзынæн! Бæгуыдæр! Кæнæ – абон, кæнæ – никæд.

– Иу бæрæг заманты дын партбюро строгий выговор с занесением рахастаид «За упадническиe настроения», – Алыксандр йæ сæр маройгæнæджы уыгъдæй ныууыгъта. – Лæг ивгъуыдмæ куы аздæхы, уæд цы цæрдтытæй фæцардыстæм, цы! Армыдзаг урс-урсид цинтæ, арвы дзаг сау-сауид зынтæ-мæстытæ... Æмæ лæг йæхи уды къоппайы мæт рагæй нал кæны, сæйрагдæрты сæйрагдæр хъизæмар ын сси кæстæрты хъысмæтыл, нæræзинæгты æнæхæраймаг цардыл мæт. Нæ дыууæйы æхсæн баныгæнинаг цыдæр ныхас зæгъдзынæн... Фос у æнæ хос! Адæймаг йе ‘рдзон сконд, йæ туджы ахастæй, йæ зонды авналæнтæйгæнæнтæй æгомыг фос куы уа, уæд ахæмæн хос нæй. Уымæн, æмæ ахæмæн адæмы æфсарм, Хуыцауы æфсарм æцæгæлон цыдæр сты, царды мидæг æнæпайда цыдæр. Хъыгагæн, ахæм хайуан фос уæлæуæз рындзæй дæр ракæсы... Фæлæ та уый дæр не для печати! Мæнæ мын ацы ныхас та, бæргæ, куы айзæлид комæй-коммæ, быдырæй хохмæ: мæ хъусты та дзыхъхъынногæй зæлынц цагъайрæгты дымысдæр хъæлæстæ, иу бæрæг кæмæндæр та культ аразынц хъазуатонæй, бæсты бикъ – пуп земли æмæ та дзы иу лæгæй комы дæгъæл – ключи от рая аразынц, ноджы сæхæдæг дæр номджын-кадджын лæгтæ уæвгæйæ – ныры онг, ныры – лæгæн йæ хъапп æвзарæн-æргомгæнæн бонты онг! Стæй уæд сæхи размæцыд адæмы цæсты бафтыдтой...

Иу цасдæр хъуыдыдзаст æдзæмæй цыдысты, стæй, телестудийы æртæуæладзыгон бæстыхаймæ куы схæццæ сты, уæд Алыксандр мидæмæ нæ бахызт, кæнæ та Алетæйы нæ бауагъта йæ разæй, фæлæ бацæуæнæй иуварс балæууыд æмæ къуызыртæ штукатуркæгонд къулыл йæ фæсонтæй банцой кодта, раздæр æй йæ рахиз къухæй хъавгæ ‘рсæрфгæйæ, ома ахоры æви нæ, уый базоныны зондæй.

Алетæ фæудаист, ахъуыды кодта фæдисонæй: «Ау, кард къæдзилыл асаст: кæй мын сразы, ууыл æм фæсмон æрцыд, æмæ... æмæ...»

Алыксандр йæ дыууæ къухæй дæр йæ ных йе ‘рфгуыты сæрмæ цыдæр сагъæссагхуызæй асæрфтытæ кодта, рæуæг хъæрзын сирвæзт йæ риуæй. Æппынæрæджиау сдзырдта:

– Йед... Фæдзурыс, судзгæ ‘хсидæвтæ фæкалыс дæ хъæлæсæй, фæлæ уæддæр дæхицæй разыйæ никæд баззайыс: цыма цыдæр ахсджиæгтæ нæ загътай, тæккæ хъæугæдæртæ, афтæ дæм фæкæсы. Æмæ мæнæ ныр дæр æнхъизынц мæ мидæг, абухынц, бырсынц хæрдмæ – сæ уромын сæ уромæгæн йæ бон нал у. Иннæрдыгæй та сдызæрдыг, ныссуйтæ вæййыс, хъæуынц-нæ хъæуынц, де ‘ппæт ныхæстæ дæр цы пайда сты, зæгъгæ...

– Сты, сты! Уæдæ ма нын Хуыцау нæ дзурæн дзыхтæ цæй охыл радта, дзырд ма йæм ахæм кадджын цæмæн уыд?! Зæгъ сæ, скал сæ! Æви? Æви дын иу лæгæй æз фаг хъусæг нæ дæн? – Алетæ айдагъ йæ цæстытæй бахудт, ома афтæ кæй нæу, уый æмбары, фæлæ уæддæр...

– Æмæ ма нын рæстæг ис, рæстæг?

Алетæ йæ галиу цонгыл баст сахатмæ ‘ркаст:

– Иу дæс-фынддæс минуты ма... Нæ равдыстæн репетицийы бæсты фæуæд.

– Викторæн, хæлæгæймард рахастон чысылæй нырмæ, зæгъгæ, хъазгæйæ куы дзырдтон, уæд уыцы ныхæстæм дæр фæхъуыстай?

– О...

– Гъемæ ма ноджыдæр уæдæ иу ахæм худæджы æмæ кæуинаг хæлæджы тыххæй... Бирæгъмæ. Йед... Æппындæр ын худинаг нæу хъæбатыр къуыбырхъусæн йæ риссаг уды арфæй ниуын, йæ риссаг уды хъизæмар арвæн хъарын. Рæстырдæм мæ ‘мбарыс, и, дыууæ Иры фидауц чызг? Паддзæхтæ дæр ма куы бабæллынц нынниуынмæ... Зæгъæм, Муамары уавæры.

Алетæ йæ уæхсчытæ базмæлын кодта. Æмбарын дæ, зæгъгæ,

куы зæгъа, уæд цыма йæхи æгæр уæлæмæ исы – Алыксандры æмвæзмæ. Æмæ йын нæ фæтчы. Уынгæг хъæлæсæй райдыдта:

– Мастдзæфæй фатдзæфау куы фæвæййын, уæд мæн дæр бæгуыдæр бафæнды дунетæ къуырмагæнæг æмæ Хуыцауы та химæ æрыхъусынгæнæг ниудæй нынниуын – сылгоймаджы араугæ хъæлæсæй. Ме ‘дых, ме ‘нæбоныл æрдиаггæнгæйæ. О, фæлæ дын уромæгæн цы зæгъинæгтæ нал кæсынц йæ коммæ, уыдон мæм фæхæрам уыдзысты, ды та нæ цы къуылымпы кæныс, зæгъгæ... – Загъта æмæ та æркаст йæ сахатмæ.

– Ахæмæй, ныронг цы нæма загъдæуыд, ахæмæй ницы зæгъинаг дæн, стæй мæ бон дæр нæу, фæлæ уыдоны тыххæй дæр, ома тонагæнджытæ æмæ хæлофгæнджыты зондахастыл дæр лæг хъуыдытыл куы адзæгъæл вæййы æмæ сæ бынаты йæхи куы аваеры, уæд... Уæд фыццаджы-фыццагдæр скæрдыс: иугæр халамæрзæн къухы тæссаг дæсныйад равзаринаг кæм дæ, уым де ‘фсарм, мæнæ фæспарад-фæсдемонстраци тырыса æнгом куыд стухай æмæ йæ фæсвæд ран куыд бафснайай, уыйау де ‘фсарм дæр батымбылтæ кæн, махоркæ исты йыл дзæбæх æрызæр æмæ йæ дæ райс-бавæры пысултæн сæ тæккæ бынæй сæвæр, – бахудызмæл, – нæхионты ‘рцыдмæ. Гъемæ ахæмтæн, йæхи йе ‘фсармæй чи ныллæгуын кодта, уыдонæн, сæ алыварс царды æууæлтæм кæсгæйæ, сæхи куыд дарын кæнæм? Æгуыдзæг хæлиудзыхæй кæсой, хæлæгæй мæлгæйæ, сæ зонгæ чидæртæ-ничитæ куыд рæвдз фæлæууыдысты æмæ цæстуынгæйæ куыд алæгау лæгтæ сты – æмбойны куыд ахъæздыг сты, уымæ? Мах та, дам, что – рыжие? Хуыртæ ‘хсæдæм, мугæйы цъæрттæ хæргæйæ?! Æмæ, чи сæ куыд арæхсы, афтæ райдайы ссивын, тухын фиутæ. Искæд бон сын исчи сæ цæстмæ сæ бирæгъы кæнæ рувасы, йе та уырыйы цардыуаг куы бадара, уæд та уыдон дæр сæхи афтæ рæстытæ-æнæтæригъæдджынтæ кæндзысты, дуг-рæстæг ахæм уыд, зæгъгæ. Дзыллæ та хъуахъдзыхæй кæй баззадысты, уый уыдоны азым-азар нæу... Сæйраджы фæллойаг та абон уый у, Алетæ, мæ уд дæ фæхъхъау æрбауа, æмæ йæ бæстонбæлвырдæй ничи зоны, куыд цæргæ нын у, цы зонд, цы ‘фсарм, фæтк æмæ идеологийыл фидар хæст уæм, стæй цы нысанмæ цæуа, цы кусæг æмæ цы аразæг уа гæрзифтонг æфсадæй фалæмæ егъау Уæрæсе, уый. Афтæ чи ныцъцъæх уа, æз æппæт дæр æндахсудзины онг зонын æмæ паддзахады рохтæ ардæм æриут, зæгъгæ, уый та, дам, æппæтæй тæссагдæр фæтæг у – ахæмты

дæр федтам, бавзæрстам! – Алыксандр риуыдзагæй сулæфыд, стæй дын йæ уæнгтæ куыддæр æрхауæгау кодтой, æрлæмæгъ сты. Фæлæ та, цыма йæ бæрнон стыр хæс йæ зæрдыл æрбалæууыд, уыйау йæхиуыл схæцыд, Алетæйы галиу къухмæ йæ сæры змæлдæй ацамыдта – уый йын йе ‘дзæм курдиат бамбæрста: æркаст сахатмæ.

– Ис ма, фæлæ... Ма ма хъуыды кæн, дæ хорзæхæй, рæстæгыл – кæд ма æмæ ма кæмæ хъусдзынæн æз афтæ лæмбынæгæй, афтæ ‘хсызгонæй...

– Ома мæ, зæгъын, кæд сфæлмæцыдтæ?

– Никæддæр!

– Хуыцау дæ йæ амæндтæуарæн бон ма ферох кæнæд! Фæлæ ма лæгæн йæ зæрдæйы куыст кæд исты къуыхцы кæны, адымсы ма кæд исты фыдохы мастæй, уæд уый у... Иу дзырдæй йæ ном у цинизм. Æмæ йæ маргæй тæссаджы хъæстæ фесты фæсивæд – мах, хистæртæ сыл æй бафтыдтой, хистæртæ! Комкоммæ æвзæрстыты тыххæй куы дзурæм, уæд сæ чызгæй-лæппуйæ, йæ сойтæдзæн бынатæн чи тæрсы, уыдон мамæлайы къæбæрæй баххуырсынц æмæ сæ ‘рттиваг автобустæй иу хъæлæсгæнæн бынатæй иннæмæ ласынц æмæ сын цæттæ бюллетентæ æппарын кæнынц сæ хорз царддæттæг кандидаты фарс. Æмæ сæрыстыр чызджытæ æмæ сагсур лæппутæй рауайы цъаммар цинизмы сæртутт æмæ къуывитзæрдæ хъæбултæ, фидиссаджы карусельщиктæ ома.

Ахæмтæн та сæ цæсты цытджын-кадджын, табуйаг ницуал вæййы, худæг сæм фæкæсынц алы «души прекрасные порывы», «дум высокое стремленье», «рухсмæ æнæзивæг цомут æнгомæй», хистæрты фарн, адæмы хъæр, æфсарм, цæсгом, лæгдзинад... Æмæ ма суанг Райгуырæн бæстæмæ уарзондзинад дæр! Гъе, æмæ лæг бар-æнæбары уыцы хуызы дæр ныссагъæс кæны: зæгъæм, исты Наполеон-Гитлер нæм абон æрбалæбурдта, зæгъгæ, уæд ма нæм партизантæ разынид, исчи ма сисид «дубину народной войны»...

– Æцæг æбуалгъы сæфты хабар у уый, Александр...

Схъæргæнæгау ыл кодта:

– Иу «вич» дæр нæ: Алыксандр æмæ Алыксандр! Науæд та – Сандро. Æрыгондæр, дæумæ хæстæгдæр куы уаин, уæд та – Сашæ. Фæлæ ма – кæм! Дон, дам, æлхынцъ нæ комы, рæстæг та – дыдагъ. Гъемæ, Алетæ, æцæг удæргæвдæн ацы мæт у, ацы: мæлын та æнцон кæд вæййы, фæлæ мæ кары лæг йæхæдæг йæхи-

уыл тугдзæссыг богъ-богъæй кæуынмæ уымæн æрцæуы, æмæ йæ фæстæ ахæм æдзæллаг, хæрæмттæй къахнад дзаг бæстæ кæй уадздзæн иу фыдбон. Уæлдайдæр та дæм фæсивæды фидæн райдзастæй кæй нæ зыны... Æмæ уæд нæ цалдæр фæлтæры цард цæй номыл, цæй охыл уыд – нæ фыдæлтæ сæ рæзгæ удтæ цæй сæрвæлтау æрхастой нывондæн алы революциты æмæ тугкалæн хæстыты?

Алетæ ‘нæбоны мæллæг хъæлæсы уагæй бафарста – фæлтау амæлын хуыздæр кæмæ ‘ркæсы йе ‘нæрай царды бæсты, уый хъæлæсæй:

– Ай нын, уæдæ, мæлæт йæхæдæг дæр не ‘лгъыстаджы удхæрттæ-хъизæмæрттæй ирвæзæнхос куы нæу, куы нæ...

– Нæу, мæ буц къона, нæу. Æмæ уæд куыд æмæ цы, зæгъыс? – Æмæ ахæм цардбæллон мидбылхудтæй бадзæбæх Алыксандры фæлмæнтæ нывгарст цæсгом, æмæ раст цингæнгæйæ дæ адзалы сахатыл дæр сæмбæл. – Уæд бæласау быхсаг у, лæгау та фæразон æмæ макуы аныхъуыр дæ зæрдиагдæр зæгъинаг: уымæй дзы хардзаудæр, æвгъауагдæр ницы кæсы мæнмæ. Иугæр дæм Хуыцау равзæрын кодта исты арфæйаг зæгъинæгтæ, уæд сæ зæгъ, ма сæ æргъæв фæсмæлæтмæ! Æмæ йæ уæдæ зæгъдзыстæм, адæмæн, – нæхимæ гæсгæ, – ныфсхосы сызгъæрин дзырд чи басгуыхдзæн, уый?

– Зæгъдзыстæм! Партийы цы нæ бафæнда, æмæ фæскомцæдис та цы нæ бакæндзæн!

– Ма-ла-дес, мæ уды билцъæфтау гага...

...Къуырийы фæстæ нæ, дыууæйы фæстæ дæр нæ, фæлæ ма суанг æртыккаджы телепрограммæйы дæр нæ разынд сæ равдыст «Фыссæг æмæ рæстæг». Уый æнæмæнгæй Алетæйæн йæхицæн дæр зæрдæ хъæдгомгæнæг зын уыдаид, æмæ хабар Алыксандрæн рагацау уымæн нæ хъусын кодта, науæд та, чи зоны, æмæ ма йæ зæрдæ цæуылдæр дардта, кæйдæр хуыздæр æмæ ныфсхастдæр зондыл. Дзæгъæлы...

Уыд хуыцаубон. Райсомраджы адджын фынæйæ ма, гъæйджиди, иучысыл афынæй кæнон, зæгъгæ, Алыксандр йæ рахиз фарсыздæм æрзылд æмæ бæстондæр йæхи тæнæг хъæццулы бын куыд банорста, афтæ йæм æрбацæуæны тыргъæй йæ къæбæргæнæг Сæлимæты фæдзæхстытæ ‘рбайхъуыстысты æд фæлмæнрæвдауæн фидистимæ:

– Кыс! Кыс! Стыр сихæрттæ дыл скодта! Изæрæй нæм нæ

чызг дзаг бинонтæй ссæудзæн: абон дæ домбай хæрæфырт Мухтарикыл æнæхъæн авд азы æххæст кæны, а фæззæг цæттæ скъоладзау... Æмæ æз базармæ бауайон, стæй уырдыгæй мæ фæндаг «Гурман»-ыл ракæндзынæн – æртæ дзаджджын уæлибæхы дзы райсон. Дæуæн та дæ аходæн микроволновкæйы – ма та дæ ферох уæд! – Æмæ уый уæлвæд се 'фсæн дуары уæззау цæлхъ-гуыпп фæцыд...

Цæй хуыссæг æмæ ма цæй адджын тарф фынæй!

Рабадт. Йæ сæр знæт ныхтæй аныхта, ныттылдта йæ, стæй йæ цæнгтæ фæйнæрдæм тых ивæзтытæ акодта æмæ, ныр йæ къæхтæ дæлæмæ 'руадза æмæ сæ йæ хæдзарыдаргæ дзабырты фæцæвон куыд загъта, афтæ рудзынджы тæрхæгыл йæ «Самсунг» телефон ирон къахкъухтыл кафты цагъд æркодта.

Йæ зæрдæ фæкъæпп ласта: Алетæ! Кæдæй-уæдæй йæм дзуры æмæ дзы кæнæ хатыртæ курæг уыдзæн, кæнæ та йæм хæрзæггурæггаг фæуыдзæн, æндæр кæйдæр равдыст уал фæстæдæрмæ аргъæвтой æмæ махон уæддæр æмæ уæддæр ауагътой – æнæкъæмджын æргом ныхасы сахат у уæд та, сæ мæрдты былтæ фесафой, иу бæрæг кæйдæр загъдау!

Фæлæ мобилличы экранмæ куы 'ркаст æмæ, йæ райсомы уацхæссæг чи у, уый куы федта, уæд телефон ахуыссынвæнд акодта. Нæ йæ бауагъта цыдæр æнкъарæн афтæ бакæнын, нæ йын радта уыцы бар йæ læджы 'фсарм...

– Хъусын дæм, хорзæй исты ссæуа дæ дзыхæй, уый мæ кæд нæ уырны, уæддæр...

– Уый та, læг йæхимæ гæсгæ хорзыл цы нымайа, уымæй аразгæ у. Фæлæ мын цыфæндыйæ дæр дæ райсомтæ адæмæн зæрдæмæдзæугæ хорз уæнт, мæ хъаймæты боны хæлар Дыбылыхъо!

– Кæд уыцы дзырдбаст дæхи æрхъуыды у, адæмæн зæрдæмæдзæугæ хорз, зæгъгæ, уæд ай æцæгæй куы дæ æгæр æвгъау æвзæрæн – цыдæр Быдыло номæн. Гъемæ нæ дыууæйы райсомтæ дæр амæндтæгæнæг ахæм райсомтæ фæкæнæд, æмæ нæ тæккæ иннæбон иу Дыбыло, нæ иннæ та Быдыло куыд нал уа, фæлæ не 'ппæт дæр Нывылотæ куыд суæм! О, хъусын дæм... Чи зоны, уый аккаг разыной дæ иннæ ныхæстæ дæр.

– Ды горæтæй Даскъофмæ дæр фистæгæй фæцæудзынæ мæн алхыскъ кæныны охыл, фæлæ мæнæн та дæ зын цины хос никуы уыд... – Виктор куыд схъæрзæгау кодта, уый райхъуыст

телефонæй: цыдæриддæр у, уæддæр æм, цы радзуринæгтæ ис, уыдон æнцонты зæгъæн нæ кастысты.

– Цы нæтыс, цы? Ирон æмбисонды цы галы кой чындæуы, хъуг задис, уый та нæтгæ кодта, зæгъгæ, уыцы галы нæтынау. Цæв! Цы у? – Кæд Алыксандр уыцы хъæддыхæй дзырдта, уæддæр бар-æнæбары фæзæрдæтахт, уæдæ ацы хæд-зонд къуындзихæй цы фыдуац фехъусдзæн, зæгъгæ. Ничердæм бæрæг ахсайдта йæ зæрдæ.

– Ницы ахæм бæллæхæрцыд у, фæлæ уæддæр... Уæ равдыст уын куынæ æмæ куынæ уагътой эфирмæ, уæд сын мæгуыр Алетæ дæр се ‘ддæгуæлæ дыууæ дуары йæ фæдыл рахгæдта, ай æцæг куы систæм æнад телеуынынад, зæгъгæ. Мах рæстæджы... Сымах, демократты рæстæджы та, куыст ссарын...

– Дæ дурæй дзæнгæрæг мæм фæцис хурæй хъæргæнæг. Æмæ, значытты хъуыддагæн, уæдæ уыцы дывæлдах дуæртты мидæгæй дæр æлгъыстаджы демократтæ бадынц цъилау зилгæ къæлæтджынты, нæ? Гъемæ уæдæ ахæм демократтæ-дерьмократты уазал фæнык тагъд рæстæджы дымгæмæ дард куыд æрцæуа, уый адæмæн дæр фæндон уæд æмæ йæ Дунедарæг-Дунеуромæг дæр зæгъæд! Алетæ та лæгау лæг у, худтæ схъæлботтæй чи хæссы, уыдонæй кæйдæрты бæсты дæр ма. – Ам Сæлимæты ныстуан æвиппайды йæ зæрдыл æрбалæууыд, ноджы ма йын цыдæр сыгъды рог тæф дæр йæ былтæ ныццавта. – Все, все, Виктор! Дæлæ къæйыл... уæларт ме ‘хсыр фæлидзы, – æмæ згъорæгау акодта бæгъæввад къахæй микроволновкæмæ. Йæ аходæн дзы райста – пырындзы кас æд чис-мисы мыдхуыз цъæлтæ-лыгтæ гагатимæ, дысоны уæлибæхæй ма æртæ карсты, сырхбын цъарæвæрдау фесты, мыртт-мыртгæнаг цъарæвæрд. Æппæт дæр цыппæркъахыг тымбыл фынгыл æрæвæрдта. Хæринаджы хæрздæфмæ йæ комыдæттæ ‘руадысты, фæлæ уый никæд ма уыд, æмæ дын æнæхсадæй комдзаг скæна...

Куыддæр лæмæрстау каст йæхимæ, æгуыстæй фæлладау, цыдæр æлгъаг къуыбар цыма нынныхст йæ риуы – цытæ не ‘мбæлд, уыдон, ноджы ма кæимæ не ‘мбæлд, уыимæ куы фæдзурай, уæд ма фæсмойнагæй фæвæййы лæг афтæ. Æрмæст та уый дæр зыдта, æмæ тæккæ ахæм кæй у йæ удыхъæд, йæ туджы ахаст æмæ йын кæй нæй искæй – чифæнды куы фæуа, уæддæр! – дæлдзинæг кæнæн, йемæ зæрдиаг ныхасы бацæуын дæ сæрмæ нæ хæссын: чи йын цы зоны йæ бæлвырдæн, алцыппæт

Скæнæджы зæрдæйæн нæ хæстæгдæр чи у, уымæн... Æнæрвæссон схъæлæй куы равдиса искæд бон йæхи, уæд ын йæ мидæгмæкæсæг æмæ мидæгмæуынæг цæст йæ цæстмæ бадардзæн уыцы хæраймаг ми, æмæ йæхæдæг йæхицæн фенад уыдзæн. Фæлæ уæддæр æмæ уæддæр, Иунæг Цытджын Хуыцау, æгæр цардæнадгæнæн зын у сыгъдæг удæй удуæййæгтимæ æмдзæхдон фæвæййын...

Агъуысты дæр æй бæрæг цыдæр тыхсын кодта, фæлмæцыд цæмæйдæр, фæлæ циу, уый йæ сæр нæ ахста, нæ йæм комкоммæ кодта. Æрæджиау æй фембæрста: цæлгæнæны дæр æмæ уæтты дæр талынггомау у! Æмæ раздæр рухс ссудзынмæ бахъавыд, стæй, стæ-ма, а уалдзæджы æнахуыр мигъ ацафонмæ дæр нæма сыстадаид, зæгъгæ, бацыд æмæ рудзынгæмбæрзæны чысыл къориджынтæ синаг æривæзта. Уалдзыгон зæрдæргъæвд рухс куыд цингæнгæйæ æрбагуылф кодта мидæмæ, уый ма йын фехсызгон, стæй, нæмыджы хуынкъ авгыл хуры лыстæг тынтау фæйнæрдæм куыд рæсугъдæй апырх, ууыл бацин кæнын дæр ма йын бантыст цыдæр уæларвон æгъдауæй, æмæ...

Æппынæрæджиау Викторы цæст мæрддзыгой сылгоймæгты кæронмæ хæстæг Алетæйыл æрхæцыд – уæдæйсарæй йæ куы нæ ардта, уæд ын куыддæр фæхъыг, ау, уый та куыд, æмæ, кæд зианы хабар фехъуыста, – хъусгæ та йæ хъуамæ цы 'гъдауæй нæ фæкодтаид! – уæд æнæрбацæугæ цæмæн фæци, зæгъгæ. Ныр – хорз, æмæ уартæ ис, къахæй сæрмæ саувæлыст дарæсы тардзæсгомæй лæууы, рæстæггай йæ цæстытæм йæ фындзмæрзæн тымбыл тыхтытæй схæссы æмæ та сæ асæрфы, асхъауæгау сæ кæны.

Адæмæй хатыртæ кургæйæ йæм сæ астæуты хæстæг бацыд, саст хъæлæсæй йæм сдзырдта:

– Ахæм ма дзы æнæнхъæлæджы бæллæх æрцæугæ уа! Тæккæ уыцы райсом ма йемæ уарзон ныхæстæ фæкодтам, фæхъазыдыстæм кæрæдзийæ, – къæхты бынæй ныуулæфыд. – Ацы джауыр мæхъхъæл та уыдаиккой, зæгъгæ, дзырдтой раздæр, стæй та нæхионты 'хсæн цыдæр разборкæты кой кодтой – мæгъа, мæгъа... Фæлæ ма уæддæр иунæг Хуыцауæй разы, æмæ Сæлимæт æвыдæй кæй баззад: нымадæй иу ссæдз секунды раздæр, дам, куы рацыдаид базарæй Нигеры уынгмæ, уæд тæккæ срæмыгъды бахаудаид...

Алетæ йæм зивæггæнгæ разылдта йæ сæр, æвæндонæй йæм судзгæ рыстæй дзаг цæстытæй бакаст, фæлæ йемæ ныхасы бацæуа, уымæн та йæм фаг мидтых нæ разынд. Уæдæ Викторы та

ацы сахатыл ныхасæмбал ничердыгæй хъуыд, Алетæ йæм хъусæг кæй у, уый йæм ахсджиагдæр каст.

– Стæй ма уый дæр хорз, æмæ йæ афтæ рæвдз кæй сбæлвырд-чындæуыд, кæйдæр цъаммар нæмыгæй нæ, фæлæ йæм æнахъинон хуызы уыцы срæмыгъдæй æфсæйнаджы хæрз цыбыр схъис кæй æрбатахт уырдыгæй уырдæмты æмæ йæ уый кæй... фæ... фæйед кодта...

– Уый та ма дзы чердæм хорз хоныс? – Алетæ, æвæццæгæн, дысон æхсæв сæхимæ йæ зæрдæйы судзгæ æмæ дудгæ-араугæ тыппыртæ фæуагъта фыркуыдæй æмæ ныффæсус – йæ ныхæстæ йын зынтæй равзарæн уыд, ноджы ма ирон æфсармы фырнымдæй дзырдта æмæ...

– У, у хорз, куыд нæу уæдæ?! Ныр сын хицауад, кæй фæ... фæйед, уый тыххæй æнæхъæн милуан ратдзæн, уый æндæра ахæм лæг доны къусы сæфт нæ кодта, нæ!.. Стæй ма, зианы кæндтытæн цыдæриддæр бахъæуа, уыдон дæр... – Ам Виктор тыхконд худтæй бахудт. – Æвæдза, уæддæр дзы мах царды царциатæй диссагдæр никуы ис, æппæтыл æнæхæрам уазал зондæй куы ахъуыды кæнай, уæд... Йед... Хицауады ныхмæ уыцы хъæддых æмæ хъæбæрæй дзур, хъæд сын хъæдыл мауал уадз, дур – дурыл, фæлæ дын уæддæр уыдон та кад æмæ радæй...

Хуыцау макæмæн зæгъæд, æмæ, ныр Алетæ Викторæ цы цæстытæй фæдзагъул кодта, ахæмтæй лæгæн йæхимæ нæ, фæлæ йæ цыфыддæр фыдгулмæ дæр исчи бакæса – æлгъгæнæджы ахæм цæстытæй, науæд та: ахæм æлгъгæнæджы цæстытæй... Бахста йыл уыцы дзагъул æмæ иуварс ацыд. Виктор ма фæтчыгъæдæн цъус афæстиат йæ мидбынаты, стæй уый дæр, лæгтæ къордтæ-къордтæй кæм лæууыдысты ныхæстæ кæнгæйæ, уырдæм райста йæхи хиуылхæцгæ аивæй – фæрсæй кæсæджы цæстмæ уыд йæ алы фезмæлд дæр...

Алетæ уæд æцæгæй дæр Алыксандримæ иумæ фæцæуæг, æз дæр фæскуыст ме уæнгтæ аивазын уарзын, зæгъгæ. Æцæджы хъуыддагæй та йæм фæзæрдæндзæвд æмæ йемæ фылдæр рæстæг куы арвитид, уый йæ фæндыд. Æмæ йын уæд бафæдзæхста уæд Алыксандр хъазгæмхасæнты зæрдиагæй:

– Хъусыс, æцæг ирон хорз сылыстæг, зын дын-иу куы уа хатгай, дæ хъæдгом, цудгæ-чиугæ удæй кæуыл банцой кæнай, иу ахæм адджын исчи та уыцы сахат дæ фарсмæ куы нæ разына, уæд-иу арвмæ скæс!..

Æмæ – мæнæ ныр скаст. Æмæ арвæн йе ‘нгæс куыддæр нæфæтчиаг бæрæгбонхуыз уыд ныртæккæйы уавæрыл – æнæджелбетт-æнæхъолайау куыддæр: æврæгътæн сæ кæрæттæ урс-урсид рухсдзæфæй æрттывтой, се ‘хсæнмæ-‘хсæнты арвы быдыр райдзаст ирдæй ныцъцъæх хъæдабæ. Хуыцауы ахъаззаг æмæ æвæджиауы лæвар дунетæ зæххон дзиглотæн фидыдæй цæрынæн...

Уалынджы æврæгъты æмвæз фæзындысты дыууæ тъыфыл саухуыз цæргæсы. Æмæ сæхи куы иуырдæм, куы иннæрдæм араскъæр-баскъæр кæнынц хъандзалгонд базырæй – цыма сæ сæрибар царды нывтæ кæрдынц Хуыцауы сконд æппæт удæгæстæн дæр фæзминагæн...

Алетæ сæм кæсынтыл фæцис. Стæй иу заман йæ сæры фегуырд хынцфарст хъуыды:

– Уæ æллæх, цымæ, цы агурæг, цытæ базоныны охыл æрисынц сæхи уæлхох бæрзæндтæй ардæм, сæ удыхъæдæн бынтон æцæгæлон горæты сæрмæ?

Æви кæрон нæй сæ дисæн, адæм тъæпæн зæххыл уыйбæрц æнæ стæхгæйæ куыд фæразынц, ууыл?..

Январь-февраль, 2012 аз

Чысыл фиппаинаг: дзырд «быдыло» уырыссаг «быдло»-йæ рацарæзта Хъодзаты Æхсар, æмæ ма уæд мæн дæр цастæ фæцарæхсын хъуыд «дебил»-æй дыбыло скæнынмæ.

Г. Б.

ЦХУЫРБАТЫ Сергей

ИРОН ЦАГЪДМÆ ХЪУЫСТОН

УÆЛÆМÆ СЫСТ!

Уæлæмæ сыст, ирон, æгъгъæд у!
Куы хъуысы дунейыл дæ хъарæг.
Кæмæндæр Иры дзыхъхъ æлхæд у, –
Кæд уымæн сарæх и йæ марæг...

Уæлæмæ сыст, ирон, фæрæвдз у,
Ысхæц дæхиуыл, сис дæ зарæг! –
Уадз, Иры знаг фæуа æрвдзæфау,
Нырриза, уадз, бынты-бындзарæй!

ÆХЦА

Лæгдзинад, намыс, кад, цæсгом
Ныртæккæ ‘лхæнгæ сты æхцайæ.
Зылынæн нал кæнынц тæрхон,
Æрмæст – зæрдæлхæнæнтæ, сайæн.

Æхцайæ балхæндзынæ ном,
Дæ низ фæсурдзынæ æнцонæй,
Фыдрæсугъдæн уыдзынæ мой,
Кæнæ та стыр хицау æввонгæй.

...Фæлæ ирон фарнæн йæ ном
Рæстудæй чи сисы йæ зарды,
Уый ницы сæвæрдзæни, зон,
рон æфсармæй уæлдæр царды!

* * *

Ауыгъд лæджы хуызæн Ирæн йæ зæхх. –
Цымæ, кæй тæригъæд фидæм?!
Калæм нæ артыл нæ бæркады цæхх,
Зинты къæрццæмдзæгъдмæ симæм...

ИРОН ЦАГЪДМÆ ХЪУЫСТОН

Уынджы æрыгон чызг кодта ирон цагъд,
Зæхмæ кæсгæйæ, æнкъард æмæ ‘рхуымæй, –
Цыма мæ цардвæндаг фестади бонцау,
Афтæ ысхæццæ мæ кæуын мæ хъуырмæ.

Рагбонты исдуг мæ цæстытыл ахатт,
Нал касти, оххай, мæ къахайст мæ коммæ...
Кæнæ æз райгуырдтæн абон фыццаг хатт,
Кæнæ æрцыдтæн мæ царды кæронмæ.

Касти æрыгон чызг зæхмæ æнкъардæй,
Йе та, æвæццæгæн æмæ фырнымдæй...
Уыцы ирон цагъд фæкуыдта мæ цардыл, –
Оххай, фæкуыдта ысхъиугæ уæхск-куыдæй...

«МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ

Нæ равдысты –
***Гаппуаты Натальяйы** куыстытæ.*

Наталья каст фæци Цæгат Ирыстоны нывгæнынады училищæ. У Уæрæсейы Нывгæнджыты цæдисы уæнг. Иудадзыг архайы ирон фысджыты чингуытæ фæлгонц кæныныл, уæлдай тынгдæр йæ хъус дары сывæллæттæн фыст уацмыстæм. Йæ нывтæ йын арæх фенæн ис журнал «Ногдзау»-ы.

Ныртæккæ Наталья кусы Цæгат Ирыстоны Педагогон институты ЮНЕСКО-йы кафедрæйы, экспериментaлон ахуыргæнæн чингуытæн, стæй сывæллæттæн кæны нывтæ.

Сызгъæрин хъæд.

Цы чындæуа – нæ мæ уарзы.

Фæззæг. Уыг.

Урс бæх.

Цæргæс.

Джеоргуыба.

Уалдзæг.

Кæсаглас.

Нывгæнæг.

Зымæгон аргъау.

Зымæг.

Тæхудиаг кæм нæ у сæрд!

Чызг æмæ гæды.

Хылгæнаг.

Диссаджы бæлас.



Домбай.

Æртæ хæлары.

Чызг æмæ цъиу.

Джимиты Кларæйы аргъæуттæм иллюстрацитæ.

ЦОПАНТЫ Ритæ,
ПЕКАТЫ Надеждæ

СИНОНИМТÆ ДЖЫККАЙТЫ ШАМИЛЫ ÆМДЗÆВГÆТЫ

Синонимтæ бæрæг кæнынц æвзаджы хъæздыгдзинад. Уыдон æххуыс сты хъуыды бæлвырддæр æмæ ирддæрæй æвдисынæн, сæ руаджы уыцы иу дзырдтæ дæр уæлдай хатт тексты фæлхатгонд нæ цæуынц, стæй синонимон дзырдтæ предметты, фæзындты æууæлтæ бæстондæрæй бæрæг кæнынц [1:107].

Нæ нысан у равзарын синонимты хæстæ Джыккайты Шамилы æмдзæвгæты æмæ, сæ мидæг цы культурон-æвзагон хъусынгæнинаг ис, уый. Темæ у актуалон, уымæн æмæ Шамилы уацмысты æвзаджы тыххæй нæй наукон-иртасæн куыстытæ. Мах фæнды рахатын, поэт цы фæлгонцтæ сарæзта (литературон, метафорон, цардыуагон, символон, этикон), уыдон æвзаджы фæрæзтæй, уыимæ синонимтæй дæр, куыд ныв кодта, уый.

Шамил царды æмæ адæймаджы миддунейы тыххæй цы хъуыды кодта, уый æвзаджы фæрæзтæй ирдæй æвдыста. Поэты этикон домæнтæ, философон агурæнтæ бамбарынæн хъæугæ фæрæзыл нымайæм синонимтæ. Сæ руаджы раргом вæййынц йæ аивадон ныхасы сусæгтæ.

Шамилы сфæлдыстады тых æмæ йе ‘взаджы æууæлтæ критиктæ алыхуызон бæрæг кæнынц: «Нæ разы – уæлтæмæн æмæ растзæрдæ аивад, æнæгæды, æргом ныхас, “дзæбидырау æлвæст” поэзи» [2]. «Поэт фыдæбон кæны алы дзырдыл дæр, тыхсы, цæмæй ирон дзырдуаты ссара йæ поэтикон уацмыстæн хъæугæдæр дзырдтæ-хæзнатæ»[3:115].

Поэт, алыхуызон лексикæйæ пайдагæнгæйæ, алывæрсыгæй равдыста йæ дуджы ирон адæмы, стæй хъуыдыгæнæг адæймаджы философион, этикон зондахаст, цы монон хæзнатыл хæст у, уыдон; чиныгкæсæгæн æмбарын кæны, цы у сæйрагдæр адæймаджы, стæй иумæйагæй адæмы царды дæр. Зæгъæм, синонимон дзырдтæ *лæг* æмæ йæм *адæймаг* æвдисынц сæрибар адæймаджы фæлгонц:

*Æз – **адæймаг,***
Мæ хъуыды – ирд,
Мæ зæрдæ та – æндон,
Фыды зæххыл сæрыстыр дæн мæ бартæй.
(«Æз адæймаг»).
*Æмæ та **лæг** дæ куыст æмæ дæ царды*
Ыссары тых, зæрдæйы рухс, тæрхон.
(«Ленин»).

Синонимон дзырдтæ *адæймаг* æмæ *лæг* сты иумæйаглитературон, фæлæ сын ацы æмдзæвгæты тексты фæзынди вазыгджын уæлæмхасæн мидис, уымæн æмæ æвдисынц адæймагæй сæрыстырдзинад. Лæг дунемæ фæзыны рæсугъддзинад сфæлдисыны, искæмæн амонд æрхæссыны номыл – ахæм у поэты хъуыды.

Синонимон къорд аразынц дзырдтæ *дуг – рæстæг:*

*Фæлæ мæ цард мæ **рæстæджы** хуызæн*
Дайранау уыд уынгæг æмæ æрхæндæг...
*Мæ **дуг** хæцыд мæ хъæлæсыл мæнæн*
(«Секъа»).

Ацы дыууæ дзырды æвæрд сты иу æмдзæвгæйы, иу дзырд ивы иннæйы, æмæ сæ мидис арæзт у иу хъуыдымæ: стыр фыссæгæн (ныхас цæуы Гæдиаты Секъайыл) йæ цард, йе сфæлдыстадон фæндаг зындон фестадысты æрхæндæг историон дуджы.

Шамил æппæты бæрзонддæр æвæры уды сæрибар, сыгъдæг ном æмæ намыс. Уый тыххæй дзуры йе ‘мдзæвгæты дæр:

Сæрибар – хæдбар.
*Æрхаста мын **сæрибар** æмæ бартæ.*
(«Мæ фыдæй мын нæ баззади бынтæ»);
*Æз тугæй балхæдтон **хæдбар,***
Уыди сыгъдæг номыл мæ катай...
(«Дыууæ царды»)

Нысангонд дзырдтæ æвдисынц фæлтæрты бастдзинад æмæ иудзинад: сæрибарыл тох сæ бæтты æнусты сæрты. Уыцы мидис дзырдтæн фæзынди æмдзæвгæты тексты, егъау у сæ эстетикон нысаниуæг.

Символтæ сты йæ дыууæ æмдзæвгæйы синонимтæ *æфсургъ* æмæ *бæх*: иу ран – поэзийы символ, иннæ ран та – мæнгарддзинады:

Тæхæд поэзи адæммæ йæ ***бæхыл,***
Йæ рог базыртæ зонды рухс хæссæнт...
(«Зарæг базыртæн»)

Амынд фæлгонц тыхджындæр кæны дзырд «базыртæ». Уымæн дæр æмдзæвгæйы контексты ис бæрзонд зæлынад. *Æфсургъ* ирон æвзаджы у поэтикон æмбарынад, фæлæ уый свæйыы фау, æмæ уымæй дæр тыхджын кæны æмдзæвгæйы хъуыды:

Бады ам мæнг дзырд æфсургъыл,
Кад æмæ йын рад.
(«Америкаг зарæг»)

Идеографион синонимтæ сты *тæхын – лидзын,* кæрæдзийæ цы нысаниуæджы фæлгъуызтæй хицæн кæнынц, уымæй поэт спайда кодта саг æмæ тæрхъусы фæлгонцты хуызы дыууæ зондахасты равдисынæн:

Тæхы *сæумæцъæхæй кæмдæр*
Сæрджын саг хурыскастмæ хæхты.
(«Саг»)
Хæхтæй бирæгътæй ***фæлыгъдтæн.***
(«Тæрхъус»)

Тæхын-æн ам ис бæрзонд стилистикон хуыз, уымæн æмæ саг (уæздан, сæрыстыр сырд) тæхы размæ, уæлхох бæрзæндтæм. Саджы размæ лыгъд *тæхын* кæй хоны поэт, уымæй ацы хъæддаг цæрæгойы бары цæргæсимæ, иумæйагæй мæргътимæ, сæрибар уæвын сæ царды сæйраг æууæл кæмæн у, бæрзæндты чи тæхы æмæ уæларвон рухс кæй базыртæй схъиуы, уыдонимæ. Саг сси сæрибары символ. Уый тæхы, уымæн æмæ поэты эстетикон хъуыдыкæнынадмæ гæсгæ æрмæстæр размæцыды ис амонд æмæ уæлахиз.

Мивдисæг *лидзын* та æвдисы тæрхъусы уавæр. Уымæн йæ зæрдæ байдзаг тасæй. Тæрхъус зоны æрмæстдæр лидзын. Тæрсаг та царды хорзæй ницы сараздзæн йæхицæн дæр æмæ искæмæн дæр.

Æмдзæвгæ «Мæ фыдæй мын нæ баззади бынтæ»-йы фыццаг цыппаррæнхъон æргом кæны поэты сæйраг хъуыды. Иу иннæйы фæдыл æвæрд синонимтæ тыхджындæр кæнынц кæрæдзийы нысаниуджытæ, ирддæрæй æвдисынц вазыгджын ныхмæвæрддзинад: 1) *бынтæ* æмæ 2) *ныфс, æфсарм.* Ацы дзырдты

бындурыл нын поэт æргом кæны бæлвырд этикон домæн: адæймаджы удæн æцæг хæзнатæ, сызгъæринау хъуамæ уой ном æмæ цыт, сæрибар æмæ бартæ, фыды зæхх:

Мæ фыдæй мын нæ баззади ***бынтæ,***
Фæлæ мын радта фидар ныфс зынтæн,
Ыскодта мæн æфсармимæ æмдзæрин.
(«Мæ фыдæй мын нæ баззади бынтæ»)

Идеографион синонимты рæнхъ аразынц дзырдтæ: *кад – цыт – ном.* Уыдон сты, рохгæнæн кæмæн нæй, ахæм вазыгджын монон æмбарынадтæ. Цыфæнды адæймаг дæр сæ хъуамæ йæ зæрдæйы рæбын дара:

Нæртон ысты дæ уынд æмæ дæ ***кад.***
Цæры дæ хуызы нарты мад Сатана.
(«Ирон сылгоймаг»)
Ныффæдзæхста мын ***ном*** *æмæ* ***цытæн***
Фыды зæхх.
(«Мæ фыдæй мын нæ баззади бынтæ»)

Дзырдтæ *бæрзонд* æмæ *уæлмонц* аразынц семантикон-стилистикон синонимты рæнхъ – ис сын «алыхуызон æнкъарæнджын-экспрессивон æууæлтæ» [5:58].

Зæххыл нæй цардау сагъæстæн фæуæн,
Æнусты хъыг бæрзонд удтыл æнцайы.
(«Нæ дæтты æрдз æххæст амонд лæгæн»).

Сæрыстырдзинад, сыгъдæг бæллицтæ цæрынц æрмæст «бæрзонд удты». Уыдон, царды цы быцæутæ ис, цы тох цæуы, уый сæ зæрдæмæ исынц æмæ къуырцдзæвæнæй рацæуынæн амал фæагурынц æмæ ссарынц:

Хæрзаг зæгъыс, ныууагътон æз мæ зарæг,
Уæлмонц *хъуыдытæ нал æндавынц мæн...*
(«Хæрзаг зæгъыс, ныууагътон...»)

Синонимон рæнхъы дзырдтæ: *фæллад – фæлмаст* – æмхуызон не сты, куыд сæ мидисæй, афтæ сæ аргъгæнæн нысаниуæгæй дæр:

Лæууы мæ цард тæрхондоны тæразыл,
Уæддæр фæллад уд агуры хæдзар.
(«Илас Æрнигон»).

Фæлмæст-æн йе ‘нкъарæнджын тых у фылдæр. Зæронд хуымгæнæг сфæлмæцыд æгуыстæй, йæ фынты йæ цæстытыл уайынц фæллад галтæ æмæ конд хуымтæ. Кæд ын йæ зæронд сбуц кодтой йæ зæнæг, уæддæр йæ мысинæгтæ уыдысты йæ райгуырæн хъæуы, йæ фыдæлты зæххыл. Сфæлмæцыд йæ зæрдæ, нæ баурæдта уыцы мысинæгты уæз æмæ йæ цардæй ахицæн:

Уыд рагуалдзæг. Лыстæг къæвда, ыстæнæг
Фæлмæст *зæрдæ йæ тыхстытæй, сæ фыд*
Цыдæр фæци...

(«Зæронд хуымгæнæг»)

Уацмыс «Газель»-ы идея, йæ карз æцæгдзинад поэт равдыста семантикон-стилистикон синонимты руаджы. Уымæй уæлдай, газелы аивадон æвзаг æнцайы абарстытыл – параллелон æрфыстытыл.

Æз æууæрстон ыстыр дугъмæ бæх, æмæ цы?
Дардтон уымæн зæрин къусæй цæхх, æмæ цы?

Уый нæ бахъуыди дугъы æфсургъау тæхын,
Уыд мæ разы тыгъд быдыр уæрæх, æмæ цы?

Тахт мæ зæрдæ уæлæрвты, æз цъыфты цыдтæн.
Уыд мæ нывыконд æрдзæй дзæбæх, æмæ цы?

Хастон хъæдæй хæрæгау мæ дугъоныл суг,
Састон хæхты дзывырæй нæузæхх, æмæ цы?

Бастад сау куыстæй бæх, цард нæ хæцы мæныл.
Кувын: «Амонд, мæнмæ дæр æртæх!» – æмæ цы?

Уый хæйрæг у, ыскъахы мæ фæндагыл уæрм.
Сафын уарзтæй нæ зæххыл фыдæх, æмæ цы?

Басаст тохæй мæ хъару, мæ хайуан – хæдмæл.
Ныр бæллицтæй мæ зæрдæ фæцъæх, æмæ цы?

Цард мæнгард у, нæ фæци мæ фæндтæн фæрæз.
Ис мæ разы сæрсæфæн-къæдзæх, æмæ цы?

Цы стыр хъуыды æвæрд ис газелы – адæймаджы бæллицтæ, æмæ йæ тыхст цард цы сæрсæфæнмæ æркæны, куыд ын сæхгæны йæ фæндæгтæ, уый поэт райхæлдта дыууæ фæлгонцы абарсты фæрцы: бæх æмæ лирикон хъайтары. Сюжеты рæзт баст у синонимон рæнхъимæ: *бæх – æфсургъ – дугъон – хайуан.* Бæхы йæ барæг (амонынц æм дзырдтæ: *æз – мæ разы – мæ нывыконд – мæнмæ дæр – мæ фæндагыл – мæ хъару – мæ зæрдæ – мæ фæндтæ* æ. æнд.) цæттæ кодта дугътæм, фæлæ («Фадат – аразæг») йæ фæндтæ фæкъуыхцы сты, цард ыл йæ уæз æруагъта. Афтæмæй кæддæр лæппумæ цард фæндон каст, йæ «нывыконд уыд дзæбæх», фæлæ йæ амонд разынд «хæйрæг», æмæ фесæфт йæ хъару, йæ дугъонæй дæр рауад уæргътæхæссæг фос – хæрæг. Лæппу йæ зын хъысмæты амæддаг бакодта йæ дугъон бæхы дæр. Лирикон хъайтары рыст уды хъæр нæм хъуысы риторикон фарсты фæлхатæй дæр – «Æмæ цы?»

Газелы лексикон фæрæзтæй æппæты арæхдæр автор пайда кæны антонимтæй æмæ сæ бындурыл равзæргæ антитезæйæ.

Зондамонæн у æмдзæвгæ «Фæдзæхст». Ам дæр поэт пайда кæны синонимон рæнхъытæй, цæмæй, иуæй, æмхуызон дзырдтæ фæлхатгонд ма цæуой, иннæмæй та, архайды уавæртæ, стæй архайджыты ахастытæ хуыздæр разыной. Æмдзæвгæйы ис цыппар синонимон рæнхъы: 1) *дада – зæронд лæг – урсбоцъо – зæронд – лæг;* 2) *сабитæ – лæппутæ – бабайы хъæбултæ;* 3) *къæбæртæ – баппатæ;* 4) *хъура куыдз – хъура – сау куыдз.* Фыццаг синонимон рæнхъы дзырдтæ бамбарынгæнæн ис афтæ: сабитимæ æнгузы бын кæлдымыл бады дада, зæронд лæг æмæ сын таурæгътæ дзуры. Йе ‘ддаг бакаст, йæ кар ын поэт барæй амоны, цæмæй зæронд лæджы зондамонæн бабæттæн уа йæ царды фæлтæрддзинадимæ. Цæуыл ахуыр кæны сывæллæтты? Сæ цуры цы куыдз хуыссы, ууыл зæронд лæг иу афон лæдзæгæй ралæууыд. Куыдз «фесхъиудта, хъыллист кæнын систа, алыгъд æмæ уынджы дæлдæр иу ран æрхуыссыд». Цасдæр рæстæджы фæстæ йын лæг къæбæртæ аппæрста, æмæ куыдзæн «йæ цæстыты цины рухс хъазы»: «Уидзы йæ баппатæ. Ферох йæ над». Сывæллæттæ нырма гыццылтæ сты, «бабайы хуртæ», фæлæ хъуамæ зоной, æгад кæй у къæбæрыл ном сафын, чъизи цæсгомимæ цæуын. Дзуры сын: «Федтат нæ куыдзæн йæ уаг? / Уымæй æгаддæр нæ уыдзæн хъуыддаг. / Хъусут, бабайы хъæбултæ? Къæбæртæ / Макуы уын балхæнæнт афтæ уæ зæрдæ».

Шамил йе ‘мдзæвгæ «Чермен-чырæдзау»-ы сныв кодта Тлаттаты Чермены фæлгонц, цæмæй мах фенæм, намыс æмæ æгад цы сты, уый, уырнын нæ кæны, знагæн хатыргæнæн кæй нæй.

Æмдзæвгæйы нæ поэт синонимты фæрцы зонгæ кæны архайджытимæ: чи сты, цавæр миниуджытæй хайджын сты: 1) *Чермен – чырæдзау – кæвдæсард – дæлдæйраг – Бестолы фырт – фæйнæгфарс хъобайнаг – ахæм гуырд;* 2) *фыдæмбæлæг – Алæфау (сынг æмæ хъуынсæр) – æхсон уæйыг – знæт богал – сырхдзаст – тыхгæнæг (гуымсытæ байдыдта фырау) – хæлхъой (Чермен æй – уырдау зæххытыл æрхойы, / Йæ уæнгтæй акæлы йæ цæхх) – тыхлæг – (нæ) уазæг.*

Синонимты фæрцы æнцонæй æмбарæм æмдзæвгæйы мидис: Чермен у Бестолы фырт, кæвдæсард, дæлдæйраг, фæлæ диссаджы гуырд, фæйнæгфарс. Йæ хъару æвдисы сау куысты, у ныфс æлдарæн йæ дард балцы *(Уыди сæ хорз хотыхтæ алцы, / Фæндагсар Хъобанæн – хæлар, / Уæддæр æнæ кæвдæсард балцы / Нæ цыд тыхы дуджы æлдар).* Черменæн йе ’хсар равдисыны фадат фæцис, ирон чырæдзаутыл фыдбылызы фæндаггон куы ‘рбамбæлдис æмæ сæ ахъазынвæнд куы скодта, уæд: «Дæлгоммæ сфæлдæхта сæ аг. / Зæгъы сын: “Сау зæххæй фыдызгъæл / Хæрæнт æгуыдзæг ир сæ фаг!» Фыдгæнæг йæ зæрдæ дардта йе стыр хъаруйыл, æфсарм дæр æм нæ уыдис. Йæ миниуджытæ йын цæстуынгæ скæныны тыххæй поэт иуæй спайда кодта адæмон сфæлдыстады фæлгонцтæй (*Алæф, æхсон уæйыг*), иннæмæй та йыл æвæры (синонимон рæнхъы куыд уынæм) æгадгæнæг нæмттæ. «Нæ уазæг» дæр æй Чермен хоны мæстæймаргæйæ.

Зæгъын ма хъæуы, ацы æмдзæвгæйы поэт адæмон-поэтикон сфæлдыстадæй цы аивадон абарст райста, уый тыххæй: йæ арæзтæй у синтаксисон параллелизмы хай. Параллелизмы дыккаг хайæн, куыд абарстæн, фыццаг хаимæ логикон бастдзинад нæ вæййы:

Нæ тоны сахъ цæргæс бæдулы,
Нæ хъазы хъал гæды мæстæй, –
Фæйнæгфарс хъобайнаг æвдулы
Тыхлæджы хуылыдзты зыстæй.

Сындз дæр фæлмæн кæны фæлвыхæй,
Къæйныхæн тагъд сæтты йæ ных.

Чермен тыхæвзарæн æрмдыхæй
Тъыссы хуылыдз мæры йæ дзых.

Ацы абарст уæлдай ирдæй амоны æмдзæвгæйы сæйраг хъуыды: фыдгæнæг хъуамæ æфхæрд баййафа.

Афтæмæй, уынæм: Шамил синонимты алы хуызты руаджы ирдæй æргом кæны вазыгджын æхсæнадон, адæймагон фæрстытæ; уарзын кæны ирон æвзаг, амоны йын йæ уæрæх авналæнтæ.

Литературæ

1. Фомина М. И. Современный русский язык. Лексикология: Учеб. для филол. спец. вузов. М., 1990.
2. Коцты Л. Зæрдæйы цæхæрæй // Рæстдзинад. 1982, 3 август.
3. Багаты Лади. Дзæнгæрæг саст нæу // Мах дуг. 2005, № 5–6.
4. Цопанти Р. Г. Ирон æвзаджы стилистикæ. Дзæуджыхъæу, 2011.

Еленæ ТОЛОКОННИКОВА

АКТЕРЫ ХЪЫСМÆТ

Хорз загъта Андрей Макаревич: «Мах хъуамæ хъысмæты уæззау цæфтæн фæтасын ма комæм, фæлæ сыл уæлæхох кæнæм». Кæд ацы ныхæстæ æдзух нæ зæрдыл дарæм, уæддæр, сæ зæгъын куыд æнцон у, сæ сæххæст кæнын афтæ æнцон нæу.

Бекъойты Георги у Цæгат Ирыстоны сгуыхт артист, йæ царды бирæ цинтæ æмæ зынтæ бавзæрста, фæлæ цудын нæ бакуымдта: ныфсхаст æмæ зæрдæхæларæй баззад.

Йæ хæдзары куы фембæлдыстæм, уæд мыл тынг бацин кодта. Мæ алы фарстæн дæр мын бæстон дзуапп лæвæрдта.

– Дæумæ гæсгæ, актер цавæр адæймаг хъуамæ уа?

– Сфæлдыстадон куысты – хæрзæгъдау, сыгъдæг цæсгом, æууæнкджын, рæстдзинадыл дзурæг. Стæй канд сценæйы нæ, фæлæ йе ‘ппæт царды дæр.

Георги йæхæдæг ахæм адæймаг кæй у, уый йæ хæлар, зæрдæисгæ бахудтæй дæр бæрæг у. Уайтагъд мæм рагон къамтæ æвдисынмæ фæци.

– Мæнæ ма ам студент дæн, МХАТ-ы куы ахуыр кодтон, уæд. Адон та, Мæскуыйы гастрольты куы уыдыстæм, уæды ист къамтæ. Æвæдза, цы æрыгæттæ, рæсугъд æмæ сæрæн уыдыстæм! Ам та – Гамлеты ролы дæн. Уыцы спектакль нæм Хуссар Ирыстоны театры режиссер Фотиев сæвæрдта. Горькийы фыст пьесæ «Егор Булычев»-ы та Пропотейы ролы хъазыдтæн... Ай у «Гамлет»-æй сценæ. Ацы хатт та мæм дзы Фортинбрасы роль æрхаудта. Мæнæ ай та 1980 азы Цæгат Ирыстоны Ирон театры æвæрд «Амыран»-æй сценæ – Бесæйы ролы хъазыдтæн уæд. Дæ къухы цы къам ис, уым астæуæй бады Саламты Къола – рухсаг уæд. Йæ фæстæ та – къобола лæдзæг æмæ сау боцъоимæ æз лæууын...

Георги райгуырди Хуссар Ирыстоны Джеры хъæуы. Йæ фыд Иосиф уымы аргъуаны бирæ азты фæкуыста диакъонæй. 1930

азы аргъуан сæхгæдтой, чи дзы куыста, уыдоны хæдзæрттæ райхæлдтой æмæ сæ дургай фæхастой колхозы арæзтæдтæм.

Бекъойты бинонтæ цыппар æнахъом сывæллонимæ ралыгъдысты Чъребамæ.

– 1943 азы хæсты тасæй Цæгат Ирыстоны театры артисттæ æрбынат кодтой Хуссар Ирыстоны. Уæд федтон спектакль «Къоста». Къостайы ролы – Таутиаты Солæман. Никуы мæ ферох уыдзæни Солæманы хъазт. Адæм æргом хъæрæй куыдтой Къостайы мардыл. Скъолайы ма куы ахуыр кодтон, уæд скарстон, зæгъгæ, æрмæстдæр сценæйæ ис рæстдзинадыл дзурæн æмæ адæмы бартæ хъахъхъæнæн.

1947 азы Георги астæуккаг скъола каст фæци æмæ бацыди Хуссар Ирыстоны драмон театрмæ сценæйы кусæгæй.

– Мæ зæрдыл хорз бадардтон, ахъаззаг чи хъазыд, уыцы артистты: Джаджиты Андрей, Мæхъиты Валодя, Таугазты Гавриил, Цоциты Нинæ, Чабиты Залихан, Хъайырты Валодя, Мæргъиты Сослан, Къæбысты Гриша, Гæззаты Степан... Абон уыдонæй бирæты зонгæ дæр нал кæнынц. Никуы мæ ферох уыдзæн, Хуссар Ирыстоны театры ма куы куыстон, уæд Тугъанты Махарбеджы куыстытимæ кæй базонгæ дæн, уый дæр. Уæд Махарбег æмæ театр æмгуыст кодтой. Иу хатт æвæрдтам Хаханты Дудары фыццаг опереттæ – уæд Дудар Калачы консерваторийы цыппæрæм курсы ахуыр кодта. Либретто йын ныффыста Шаулохты Мухтар, нывтæ та йын скодта Махарбег. Хабар æрцыд Ирыстоны Октябры революцийы размæ, хъæуккаг чындзæхсæвы. Гъемæ партион кусæджы цæст æрхæцыд Махарбеджы нывтæй иуыл æмæ йæ хылкъахæн хуызы бафарста:

– Хъæздгуытæ æмæ мæгуыртыл æмхуызон хорз дзаумæттæ цæмæн ис?

Иууылдæр ныхъхъус сты. Махарбег сыстад æмæ дæрзæгæй загъта: «Ды зоныс, оперетто цы у, уый?» Уый у бæрæгбон, æрттиваг ахорæнтæй конд. Æмæ сценæ хъуамæ уа бæрæгбонхуыз, йæ жанр афтæ амоны. Стæй кæм федтай ды чындзæхсæвмæ бызгъуыр дзаумæтты æрбацæугæ? Мæнæ махмæ Дур-Дуры революцийы размæ алы хæдзары дæр хъуымацуафæн тæрх уыд, æмæ йæ сæрмæ никуы ничи æрхастаид æмпъызтытæ цухъхъайы хъазтмæ ацæуын.

Георги театры фыццаг хатт куы ахъазыд, уæд ыл цыд ссæдз азы, фæлæ хистæр артистты зæрдæмæ тынг фæцыди.

– Ныр дæхиуыл кус, нæ хуыздæрты фæзм æмæ дæ æцæг стыр артист рауайа, – дзырдтой йын цæстуарзонæй. – Ды та цыдæр рæстдзинадыл дзурыс, æмæ ахæм ныхæстæн та хорз фæстиуджытæ нæй.

1945 азы Хуссар Ирыстоны Гуырдзыстоны хицауад сæхгæдтой ирон скъолатæ æмæ сывæллæтты ахуыр кæнын кодтой æрмæстдæр гуырдзиаг æвзагыл. Абхазы дæр – афтæ. Сæ куыстæй сырдтой нацийы сæрыл дзурджыты.

– 1949 азы мæ хуыздæр æмбал Уанеты Владимир – фæстæдæр сси зындгонд драматург, – Чъребайы сарæзта æрыгон фæсивæдæй сусæг къорд «Рæстдзинад». Уыцы къорды хæс уыд скъолатæм ирон æвзаг раздахын.

Ацы хъуыддæгтыл Георги дзуры хиуылхæцгæйæ, фæлæ бæрæг у, куыд удхар кæны, уыцы хабæрттæ мысгæйæ, уый.

– Уыцы къордмæ бацыдыстæм фондзæй: Уанеты Владимир, Габуты Хазби, Гасситы Лев, Джиоты Зауыр æмæ æз. Хорз æй æмбæрстам, куы нæ базоной, уæд цы уыдзæн, уый. Тæрсын нæ хъуыдыйы дæр нæ уыд æмæ нæ фæндыд хицауадмæ нæ хъуыддаг фæхæццæ кæнын, фæлæ... 1951 азы не ‘ппæты дæр æрцахстой æмæ нын стæрхон кодтой æгъатыр 58 статьямæ гæсгæ. Схуыдтой нæ «антисоветон национал-шовинистон архайджыты æмæ хæстон сыстад арæзджыты къорд». Цæй хæцæнгарз нæм уыди, кæнæ цавæр национал-шовинистты куыст кодтам?! Мах æрмæстдæр листовкæтæ ныхæстам.

Георгийæн стæрхон кодтой 8 азы фæбадын æмæ йæ ахастой Казахстанмæ.

– Мæскуыйæ Челябинскмæ нæ ластой «столыпинкæ» вагæтты. Иу къуымы хъуамæ 4 адæймаджы уыдаид, мах та дзы æстдæсæй бакодтой. 10 адæймаджы сæхи кæрæдзийы æккæйтты бадæгау нылхъывтой, иннæ аст адæймаджы пъолыл – æрдæгхуыстау. Лагеры цытæ æвзæрстам, уыдон Солженицын йæ чиныг «Архипелаг ГУЛАГ»-ы хорз равдыста. Уазал, æххормаг, суткæ 12–14 сахаты кусгæ. Зымæгон райсомæй изæрмæ уазалы, ноджы ма уыцы дымгæтæ!.. Мæй дæм кæд иу фæлладуадзæн бон æрхауа, уæд хорз. Дæ куысты хæс куы нæ сæххæст кæнай, уæд æххормагæй баззадтæ. Абоны хуызæн мæ зæрдыл læууы: 1952 азы 9 мартъийы нæ лагерьмæ аластой. Бакодтой нæ телогрейкæтæ æмæ робæтæ райсынмæ. Лæвæрдта сæ ахст læг. Бафу йыл кæн, уæд ахаудзæн – ахæм фыдхуыз. Фæрсы мæ, кæцы азы

гуырд, дам, дæ. Зæгъын, æртынæм. Уый бахудæгау кодта æмæ афтæ: «Æз та æртынæм азæй нырмæ дæн ам».

Къуырийы фæстæ уыцы лæг амарди...

1954 азы сын сæ хъуыддагмæ ногæй æркастысты æмæ се ‘ппæты дæр суæгъд кодтой, ницы азым сæм ссардтой.

Георги фæстæмæ Хуссар Ирыстоны театрмæ кусынмæ бацыди. Чидæртæ-иу ын йæ цæстмæ бадардтой, ахст кæй уыд, уый. Артистты иу къордæй арвыстой Мæскуымæ ахуыр кæнынмæ. Уыдонимæ бахауд Георги дæр. МХАТы Немирович-Данченкойы студийы цы фондз азы фæахуыр кодта, уыдон Георги нымайы йæ царды тæхудиагдæр азтыл. Бирæ театртæм сæ уагътой лæвар цæуын. Æдзух сæм-иу уыд лекцитæ, репетицитæ, сæ курсы аивадон разамонæг уыд зындгонд артист Топорков.

Ирон фæсивæд Мæскуыйы федтой сценæйыл Пашенная, Яблочкина, Гоголева, Ильинский, Царев æмæ иннæ стыр артистты хъазт.

– МХАТ-мæ премьерæтæм алы хатт дæр цыди Ольга Книппер-Чехова, мах æм æдзухдæр кастыстæм удæгас зæдмæ кæсæгау. Театры йын уыд йæхи сæрмагонд бынат, æмæ-иу уырдæм куы бацыди, уæд-иу зал къухæмдзæгъдæй байдзаг. Куы амарди Ольгæ, уæд МХАТ-ы залы мах, ирон студенттæ, директоры фæндонæй азарыдыстæм Къостайы «Додой». Марды чырын дæр залы уыд...

МХАТ-ы Георгиимæ ахуыр кодтой Олег Табаков, Игорь Кваша, Вячеслав Невинный. Æмæ ма бирæ курдиатджын фæсивæд, фæлæ дзы уæддæр Валодя Высоцкийæн æмбал нæ уыди – йæ фыр цырдæй цыма ныртæккæ дуне иннæрдæм фæфæлдахдзæн.

– Нæ ахуыргæнджытæ-иу æмдзыхæй дзурæгау загътой: «Диссаджы курдиаты хицау у ацы лæппу, фæлæ йын тынг зын уыдзæн царды дæр æмæ сценæйы дæр». Мах Высоцкиимæ иумæ цыппар азы фæцахуыр кодтам. Æмæ йæ хорз базыдтон, цы сыгъдæг зæрдæ йын уыд, цы цæстуарзон æмæ курдиаты хицау уыд, уый. Суанг фыццаг курсæй фæстæмæ йæ гитарæйæ никуы фæхицæн. Æдзухдæр архайдта, студенттæ-иу цы хихъæппæрисадон изæртæ сарæзтой, уыдоны. Алкæмæн дæр уыд уарзон æмæ йæ хонгæ дæр кодтой «не стъалы». Фæстаг хатт ма йæ федтон Тбилисы. Театр Таганкæ уырдæм ссыди гастрольты. Æз Валодямæ гримеркæмæ

бабырстон. Уыцы бон æвдыстой Брехты «Добрый человек из Сезуана». Уайтагъд мæ базыдта, кæд аст азæй фылдæр кæрæдзийы нал федтам, уæддæр. Тынг мыл бацин кодта, абадтыстæм, зæрдиаг ныхæстæ акодтам, стæй йæ афæндараст кодтон уазæгуат «Иверия»-мæ. Валодя мæ мидæмæ хуыдта, фæйнæ гуырдзиаг сæны, дам, баназæм, фæлæ мæ æвæстиатæй Чъребамæ цæуын хъуыд...

Георги Мæскуыйы фæстæ сси Хуссар Ирыстоны хуыздæр артисттæй иу.

1973 азы йæ бинонтимæ ралыгъди Дзæуджыхъæумæ æмæ кусын райдыдта Ирон театры. Фæкуыста дзы ссæдз азæй фылдæр. Ахъазыд сæдæ рольмæ æввахс: Леонардо – «Испайнаг сауджын», Таймураз – «Азау æмæ Таймураз», Бесæ – «Амран», Росе – «Последняя остановка», Сослан – «Дыууæ чындзæхсæвы»... Актеræн алы роль дæр хи хъæбулы ад кæны, алы ролы дæр йæ удæй цыдæр бавæры.

Георги æхсызгонæй мысы, Тæбæхсæуты Балоимæ иу сценæйы кæй хъазыд, уый.

– Бало Хуыцауы комытæфæй хайджын артист уыд. Островскийы «Гроза»-йы уый хъазыд Кулигины ролы, æз та – Борисы. Уæд фыццаг хатт рацыдтæн Цæгат Ирыстоны драмон театры сценæмæ. Тынг тыхстæн, фæлæ мын Бало цыдæр ныфс лæвæрдта, алыхуызы мын æххуыс кодта, æмæ мæ хъазт фæрæстмæ.

Кæд Бекъойты Георги пенсийы рацыд – 90-æм азты йе ‘нæниздзинад фæцудыдта, – уæддæр йæ зæрдæ ирон театры ис. Æнцад та нæ бады: хихъæппæрисадон къордтæн разамынд дæтты – Чермены хъæуы æмæ Дзæуыджыхъæуы 25-æм скъолайы, стæй 17-æм профессионалон лицейы.

– Мæхи амондджын хонын, Тæбæхсæуты Бало, Саламты Къола, Цæрукъаты Алыксандр æмæ ма бирæ хъуыстгонд ирон артисттимæ иу сценæйы кæй хъазыдтæн, уымæй. Абон мæ зæрдæ ууыл риссы, æмæ нæм куы нæ рахъомыл уа Икъаты Мæирбег, Хуырымты Уырызмæг, Хъалæгаты Федя, Хъантемыраты Терезæ, Беккуызарты Уарзетæ, Годжыцаты Исахъ æмæ иннæ зынгæ артистты хуызæттæ. Уæдæ Брытъиаты Зариффæ, Хуыгаты Георæмæ Бекъойты Розæйы хуызæн режиссертæ дæр хæдæвзæрдæй нæ фæзындысты. Æрыгæтты ахуыр кæнын хъæуы, цæмæй сæхиуыл кусой æнæрынцойæ, уымæн æмæ театр у, æппынæдзух тох

кæм цæуы, ахæм бынат æмæ йын дæттын хъæуы зонд, уд æмæ зæрдæйы хъарм. Фæсивæд чиныгмæ се ‘ргом кæй нал здахынц, уый дæр у зæрдæниз æмæ тæссаг хъуыддаг... Æрæджы мæ бинойнаг Нинæ бырæттæ калынмæ ахаста. Куы ‘рбаздæхт, уæд йæ дисæн кæрон нал уыд: бырондоны федта ахъаззаг чингуытæ – ракалдтой сæ... Ныр ахæм адæмæй исты хорзмæ æнхъæлмæ кæсæн куыд ис?.. Мæ царды 80 азы сæрты акæсгæйæ мæхи нымайын амонджын адæймагыл. Хъысмæт мын балæвар кодта фаг цæрæнбон, сыгъдæг цæсгомæй баззадтæн, ис мын æмбæлттæ, хорз бинонтæ, уарзон куыст...

Газет «Северная Осетия», 2010.18.09

Редакцийæ: Рухсаг уæд Гоги. Ацы æрмæг уырыссагау куы рацыд, уый фæстæ бирæ нал ахаста, низ æй бадомдта...

АРВИСТОН

ЦИТАТÆТÆ

* * *

Гæды дзырд нæ уыдзæн, ирон адæммæ хæлæгдзинад куы нæ уаид, уæд фондзыссæдз хатты хуыздæр цæриккой. Фыццаг заманы æрвад æрвады фосмæ хæлæг кæнгæйæ йе ‘рвады марын кодта, æмæ йын-иу йæ бын байуæрстой... Æфсымæр æфсымæры нæ уарзы, фырт фыды коммæ нæ кæсы, ус йæ мойы дзырдæн аргъ нæ кæны. Хæлæгдзинад халы бирæ хорзцæрæг хæдзæртты.

Цæмæн афтæ здæхт сты хæлæгдзинады ‘рдæм ирон адæм иннæ адæмты хъауджыдæр? Æз афтæ æнхъæл дæн, æмæ уый нæ зыд æмæ нæ магусадзинады аххос у, фыццаг райдайæнæй зыддзинад нæ туджы æмæ не стæджы ахъардта æмæ йын ратæрынæн ницыуал фæразæм, нæ зæрдæ не ‘лгъæд кæны, нæ цæст не ‘фсæды; дыккаг: иутæ хорз кусынц, архайынц алырдæм дæр æмæ хорз цæрынц, иннæтæ та бон-изæрмæ ныхасы бадынц æмæ къæцæлтæ амайынц, кæрæдзийы фыдгой кæнынц, æмæ сæ хорз сыхаджы цард куы уынынц, уæд æм хæлæг кæнынц æмæ йын йæ хорз цард фехалыныл зилынц. Ахæм хъуыддæгтæ бирæ æрцыд Ирыстоны. Кус ды дæр, магуса лæг, къæцæлтæ амайыны бæсты. Хуыцау загъта: «Кус æмæ схъæздыг уай».

Гæдиаты Секъа

* * *

Театрмæ чи бæлла, чингуытæ æмæ газеттæ кæрдзынау æхсызгон кæй хъæуой, ахæмтæ Ирыстоны гыццыл ис. Æнахуыргонд ирон лæг цæмæн хъуамæ æлхæна газет кæнæ чиныг, кæд æмæ уыдон нæдæр зондæн исты дæттынц, нæдæр зæрдæйæн, нæдæр гуыбынæн?

Культурон адæймаг газет æмæ чиныгыл схардз кæны, **уæлдай** йын чи нæу, ахæм æхца дæр, æнæкультурон та **уæлдай** суари дæр цæуылфæнды дæр ратдзæн, уæддæр дзы газет нæ балхæндзæн, уымæн æмæ йæ ницæмæн хъæуы...

Уыцы хъуыддагмæ æргом здахын у ирон интеллигенцийы хæс. Газеттæ æмæ нæм журналтæ цæмæй уа, адæм цæмæй чингуытæ æлхæной, спектакльтæ цæмæй пайда хæссой, уыдæттæ кæд нæ интеллигенцийы фæнды, уæд хъуамæ хъомыл кæна адæмы, араза йæ культурæйы фæндагыл. Уыцы куысты йын исты æнтысдзæни, дзыллæтæй иппæрд куы нæ уа, йæ къух адæмы къухмæ куы æххæсса, уæд.

Коцойты Арсен

ХАБÆРТТÆ ХÆРЗ ЦЫБЫРÆЙ

* * *

Европæйы Борис Березовскийæн байстой йæ исбон: йæ аргъ у 13 милуан евройы.

* * *

Германы Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фæстæ фыццаг хатт рауадздзысты Гитлеры чиныг «Майн кампф».

* * *

Пакистаны райгуырд, æхсæз къахы кæмæн ис, ахæм лæппу.

* * *

Уæрæсейæгтæн сæ 15 проценты кусынц миллиардер О. Дерипаскайæн.

* * *

Советон Цæдисы Хъæбатыр Надеждæ Попова Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг знаджы ныхмæ хæцынмæ йæ хæдтæхæгыл стахти 852 хатты.

* * *

Археологтæ Китайы ссардтой Буддæйы 3000 статуяйы.

* * *

В. Лужковы бинойнаг Е. Батурина Дублины балхæдта, «цыппар стъалыджын» кæй хонынц, ахæм отель.

* * *

Сырх денджызы сæрты сараздзысты 50 километры дæргъæн хид.

* * *

Чиновникты нымадæй Уæрæсейы ацы азы кæронмæ инфляци схæццæ уыдзæни 5,5–6 процентмæ. Æцæгæй та хъуамæ схиза 10,8 процентмæ.

* * *

Сæрнизы ныхмæ ахъаззаг хос у оливæты зети.

* * *

Уæрæсейы мидхъуыддæгты министр Р. Нургалиев Паддзахадон Думæйы трибунæйæ дзырдта, цы сарæзтам, уый, дам, нырма фыццаг къахдзæф у. Ныртæккæ ацы министрады цытæ цæуы, уый кæд фыццаг къахдзæф у, уæд ма нæ ахæм къахдзæфтæ кæнын бахъæудзæни фондзыссæдз азы дæргъы.

* * *

Дуканиты цы æхсыры продукттæ ис, уыдонæн сæ 40 проценты сты фальсификаттæ.

* * *

Цæмæй æнæниз уай, уый тыххæй бон 25 минуты худгæ кæн.

* * *

Депрессийæ цæмæй фервæзай, уый тыххæй фистæгæй арæхдæр цу.

* * *

Краснодары крайы администрацийы чиновникты нымæц фæуыдзысты 20 проценты къаддæр.

* * *

Актер Александр Пороховщиков дзырдта: «Афтæ мæм кæсы, цыма сæрибар бæстæйы нæ цæрын, фæлæ ахст адæмы зонæйы: телевизор куы скусын кæнын, уæд дзы æппынæдзух искæй ахсынц, бæстæ гуыпп-гæрахæй байдзаг вæйиы».

* * *

Культурон бынтæ бахъахъхъæныны тыххæй Уæрæсейы радих кодтой 100 миллиард сомы. (Цымæ дзы Ирыстонмæ исты æрхæццæ уыдзæни? – *Ред*).

* * *

Уæрæсейы пенсион фонд Путинæн зæрдæ бавæрдта: дыууæ азмæ пенситæ фæуыдзысты 30 проценты фылдæр.

* * *

Уæрæсейы цы лæппын картоф ис, уый ластæуы Египетæй, Израилæй æмæ Кубæйæ.

ЮМОРИСТОН ПРОЗÆ

ХУЫЦАУ ÆМÆ ДУНЕ

Райдайæны уыдысты Хуыцау æмæ хæйрæджытæ.

Хæйрæджытæ кæрæдзийæ хицæн кодтой сæ тæфæй, стæй се ‘хситтæй: иу ранæй иннæ ранмæ тахтысты къуыззитгæнгæ.

Æрмæст зынгæ нæ кодтой – цыма сыл гамхудтæ уыд. Гъемæ дын Хуыцауæй куы бамбæхсиккой. Уый сæм хъæр кæны:

– Кан! Мапел! Дыло!

Дзуапдæттæг нæй. Хуыцау та сæм ногæй сиды:

– Кан! Мапел! Дыло!

Хæйрæджытæ сæ хъæхъхъаг тæфгæнаг æмбал Чоры фæстæ хъазтау адаргъ сты, Хуыцау сæ куыд нæ бафиппайа, афтæ. Сæ иу дæр йæ коммæ нæ бакасти.

Хуыцау рамæсты. Тыхджын дымгæ сыл рауагъта, цæмæй сæ уый йæ цурмæ æрбахæсса.

Иунæг Наан æм æрбацыд. Иннæтæ сæ цæсгом ныддардтой.

Дымгæ карзæй-карздæр кодта. Хæйрæджытæ сæхи кæрæдзимæ балхъывтой. Боныфæстагмæ сæ рауад иу къуыбар, дурау хъæбæр. Афтæ фæзынди зæхх.

Уый фæстæ Хуыцау сфæлдыста бæлæстæ æмæ сырдты – уæдæ зæхх бынтон æдзæрæгæй куыд ныууагътаид?

ХУЫЦАУЫ ФÆЛЛÆЙТТÆ

Хуыцауæн йæ бон алцыдæр у. Уымæ гæсгæ арæх æнкъард фæкæны. Æмæ йæ бафæндыди, хæрз чысыл цыдæртæ кæнынхъом чи у, ахæмтæ сфæлдисын. Æмæ сфæлдыста дуртæ. Фæлæ йын æрхмæ ныттылдысты æмæ уым æнæзмæлгæйæ лæууыдысты.

Хуыцау æрæнкъард. Æмæ сфæлдыста дон. Фæлæ та дон дæр дæлæмæ згъорын байдыдта.

Хуыцау та æрæнкъард. Æмæ сфæлдыста бæлæстæ. Уыдон та хурмæ иваэзтой сæхи.

Хуыцау ногæй æрæнкъард. Гъемæ дын йæхицæй иу стыр гæбаз куы рарæдувид, цармы йæ куы батухид, куы йæ барæхсид æмæ йæ зæхмæ куы нывзилид. Æмæ зæххыл фегуырди цæттæ лæг.

Лæг бавдæлд æмæ зæхх фæйлауын байдыдта, дуртæ ласы, кæрæдзиуыл сæ амайы, рæдзæгъдтæ сæ кæны, бæлæстæ къахы æмæ сæ æндæр рæтты садзы. Хуыцау æй уыны, йæ зæрдæ дзы райы: æгайтма чидæр цыдæртæ архайы!

Хаттæй-хатт Хуыцау йæхæдæг дæр зæхх нынкъусы, иу хох иннæуыл ныффæрсудзы, денджызыл ныффуттытæ ласы. Адæм схъомпал вæййынц, бæгъдулæг кæнынц.

Хуыцау сæм кæсы æмæ йæ зæрдæ райы: æгайтма чидæр цыдæртæ архайы.

ЗЫНДЖЫ ФÆЗЫНД

Æндва фæцæуы быдыры. Ауыдта: йæ рæзты фезгъоры тæрхъус. Æндва йыл дур ныххуырста. Дур æндæр дурыл сæмбæлди. Цæхæр акалдта, æмæ... пыс-пыс... хус тихалæг ссыгъд.

Арт быдырыл анхъæвзта.

Афтæ фæзынди зынг.

ЗЫНДЖЫ ФÆЗЫНД

(Вариант)

Бæласы æрцавта арв. Бæлас бахус, ныхъхъæбæр.

Æндва кæдæмдæр згъордта, бæласы зæнгыл йæхи сцавта æмæ æрхауд. Æндва бæласмæ смæсты, дзæхст-дзæхстæй йыл ралæууыд, иу къалиу дзы расаста æмæ йæ иннæуыл хырхау хафынтæ

байдыдта, ныр, дам, дæ мæ бар уадз! Пыс-пыс, æмæ хъæд пиллæттæ суагъта.

Афтæ фæзынди зынг.

Анри Мишо

УÆРÆСЕЙЫ КОНСТИТУЦИЙЫ ПРОЕКТ

1999

1-аг фæтк. Бæстæйæн разамынд дæтты Дада.

2-аг фæтк. Адæмы фарны сæраппонд хурæн йе скаст дæр æмæ йæ аныгуылд дæр аразгæ сты Дадайæ.

3-аг фæтк. Иннæ хъуыддæгтæ иууылдæр аразгæ сты Нанайæ.

4-æм фæтк. Нанайы равзары Дада.

5-æм фæтк. Дада равзары иннæты се ‘ппæты дæр, стæй сæ сæ куыстæй дæр сисы æмæ сын хæрзиуджытæ дæр ратты Дада. Æндæр куысты дæр сæ сæвæры Дада.

6-æм фæтк. Алы цыппар азы дæр Дада бар ратты парламент равзарынæн.

7-æм фæтк. Кæнæ та бар нæ ратты.

8-æм фæтк. Парламенты хæс у Дадайы нæ хъыгдарын.

9-æм фæтк. Дадайæн ис дыууæ къахы – рахиз æмæ галиу.

10-æм фæтк. Дада райсомæй куы рабады, уæд раздæр æрлæууы йæ галиу къахыл.

11-æм фæтк. Дада йæ иу къахыл дæр куы нæ лæууа, уæд бæстæйæн разамынд дæтты хуысгæйæ.

12-æм фæтк. Дада кусынхъом куы нæ уа, уæд бæстæйæн разамынд ничи дæтты, æмæ хъуыддæгтæ цæуынц сæхигъдауæй.

13-æм фæтк. Дадайæн ис Таня, Ромæ, Абрамыч, Пал Палыч. Ноджы йæм ис сырх джыбы-къ́нопкæ.

14-æм фæтк. Дада цалынмæ сырх джыбы-къ́нопкæйыл нæ ныххæца, уалынмæ бæстæ у федеративон.

15-æм фæтк. Федерацийы ис 89 субъекты.

16-æм фæтк. Кæнæ та 88.

17-æм фæтк. Кæнæ та 47.

18-æм фæтк. Федерацийы субъектты сæргъæуджытæй арæзт æрцæуы курултай-диван.

19-æм фæтк. Курултай-диваны хæс у Дадайы нæ хъыгдарын.

20-æм фæтк. Курултай-диваны уæнгтæй алкæмæн дæр бар ис, цæмæй йæхинымæры бæлла Дада суæвынмæ.

21-æм фæтк. Адæм, домбæйттæ, цæргæстæ æмæ хуыргæрчытæй алкæмæн дæр бар ис, цæмæй йæхинымæры бæлла Дада суæвынмæ.

22-æм фæтк. Фæлæ уыцы хъуыддаг адæм лыг кæнынц.

23-æм фæтк. Уымæн æмæ Дадайы адæм равзæрстой.

24-æм фæтк. Дадайæ аразгæ та у (кæс 2-аг фæтк).

25-æм фæтк. Адæмы хæс у Дадайы нæ хъыгдарын.

Гербы тыххæй

Бæстæйы герб у дыууæсæрон Дада. Уый йæ дзæмбытæй фидар хæцы Æппæтдунеон валютон фонды траншыл.

Виктор Шендерович

АНЕКДОТТÆ

* * *

Рагон грекъаг философ æхсæвыгон касти стъалыджын арвмæ. Цæугæ-цæуын йæ къах цæуылдæр скъуырдта æмæ дзыхъхъы ныххаудис. Адæм ыл худын байдыдтой. Иу сылгоймаг та йын афтæ:

– Хъус-ма, зонды къуыбылой, дæ къæхты бын цы ис, уый нæ уыныс, афтæмæй дæ арвы сусæгтæ базонын фæнды.

* * *

Афинтæ хъæздыг сахар уыд. Æрмæст адæмы зæрдæмæ иу хъуыддаг нæ цыди: æппæт цæрджыты дæр лæгдыхæй тардтой, Адæмон æмбырд кæй хуыдтой, уырдæм. Бирæ хабæрттыл дзы цыди ныхас, фæлæ-иу дæрдтыл дзурын байдыдтой, æмæ адæм тыхстысты. Иуахæмы, Перикл, хæстон разамонæг, дзырддзæугæ лæг, фæдзырдта æхсæз сахаты бæрц. Адæм дзы афтæ сфæлмæцыдысты, æмæ йæ ногæй архонты бынатмæ куы ‘взæрстой, уæд ыл иууылдæр схъæлæс кодтой: ома фервæзæм йæ фырдзырдæй æмæ нæ хæдзæрттыл тагъддæр сæмбæлæм.

* * *

Нероны фæстæ Ромы император ссис Веспасиан. Уый уыди хуымæтæджы адæймаг æмæ йæ удхæссæг уыдта, йе ‘ддаг бакастмæ

æгæр бирæ æргом чи здæхта, уыдонæй. Иухатт æм æрбацыд, хæрздæфгæнаг алцæмæйты йæхи чи бапырх кодта, ахæм лæг: императорæн арфæ ракæнинаг уыди, уæлдæр бынатмæ йæ кæй сивта, уый тыххæй. Веспасианæн йæ цæсгом фæтар æмæ загъта:

– Уый бæсты хъæдындзы тæф куы кæнис!

Æмæ йæ йæ ног бынатæй æнæхай фæкодта.

* * *

Иуахæмы грекъаг философ Демонакс сфæнд кодта науыл абалц кæнын. Уыцы рæстæг тыхджын дымгæ сыстади. Философмæ йæ хæлæрттæй иу дзуры:

– Нау куы ныппырх уа, уымæй тынг тæссаг у, æмæ кæсæгтæн хæринаг фæуыдзыстæм.

Демонакс йæ мидбылты бахудт æмæ загъта:

– Омæ мæ хъуамæ цæуылнæ бахæрой? Æз сын цард-цæрæнбонты сæхицæй цас бахордтон, уыдонæн банымайæн дæр куы нæ и!

* * *

Иу хатт Рембрандтæн бауайдзæфчынди, дæ нывтыл, дам, армæй куы бандзæвай, уæд æгæр дæрзæг сты. Рембрандт дзуапп радта:

– Æз цырыхъсæрфæг нæ дæн, фæлæ нывгæнæг.

* * *

Нывгæнæг Шардены бафарстой:

– Цавæр ахорæнтæй ныв кæныс?

Шардены дзуапп уыд:

– Æмæ уын чи загъта, ахорæнтæй ныв кæнын, уый? Ныв мæ монцтæй, мæ уды риссæгтæй кæнын, ахорæнтæ та мын уыцы монцтæ æвдисынæн ахъаз сты...

* * *

Людовик XIII дын кардинал Ришельемæ куы ‘рбацæуид: хъуамæ аныхас кодтаиккой цыдæр ахсджиаг хъуыддæгтыл. Фæлæ кардинал рынчын уыд æмæ хуыссæнæй сыстын нæ фæрæзта. Æгъдау та афтæ амыдта: хъуамæ дæ дæлбаримæ хуысгæйæ кæнæ бадгæйæ ма ныхас кодтаис. Æмæ къарол фæтк нæ фехæлдта: рынчыны фарсмæ æрхуыссыд, æмæ афтæмæй дзырдтой.

* * *

Композитор суæвын кæй фæндыд, иу ахæм æрыгон лæппу фæрсы Моцарты:

– Симфони куыд фыссын хъæуы?

– Симфони фыссынæн дын нырма раджы у, – загъта Моцарт. – Балладæтæ фыссынæй уал райдай.

– Æмæ дæхæдæг фарастаздзыдæй куы ныффыстай симфони.

– О, – сразы Моцарт. – Фæлæ уый тыххæй æз фæрсынмæ никæмæ бацыдтæн.

* * *

Иухатт Карамзин иу вельможæмæ арфæтæ ракæныны тыххæй æрбацыд. Фæлæ вельможæ хæдзары нæ разынд, æмæ йын фыссæг йæ лæггадгæнæгæн бафæдзæхста, ныффысс, дам мæ, ардæм чи ‘рбацæуы, уыдон номхыгъды. Лæггадгæнæг ныффыста Карамзины ном æмæ мыггаг. Карамзин æм æркаст æмæ федта ахæм фыст: «Николай Иванович Карамзин, истории граф».

* * *

Францаг ахуыргонд-популяризатор Бернар Фонтенель фæцарди фондзыссæдз азы. Иуахæмы йæ дохтыр федта æмæ базыдта, ацы лæг къофи арæх кæй цымы, уый æмæ йын афтæ:

– Къофи марг у, ма йæ цым!

Фонтенель йæ мидбылты бахудти:

– Дохтыр! Дæ ныхæстыл ныхмæ ницы зæгъын. Фæлæ ацы марг, йæ куыст, æвæццæгæн, сабыргай кæны. Æз æй 90 азæй фылдæр цымын...

* * *

Иухатт Россинийæ йæ хæлæрттæй иу ракуырдта, зарыныл чи ахуыр кæны, ахæм æрыгон чызгмæ, дам, куы байхъусис:

– Бауырнæд дæ, маэстро, йæ хъæлæсы диссаджы хæзнатæ æмбæхст ис!

– Æмæ йæ уæд мæнмæ цæмæн кæнут? Хирургмæ йæ барвитут, уый йын йæ хæзнатæ сисдзæн, стæй та йæ банкиры бар бауадзут. Уым ыссардзæн йе ‘цæг амонд.

* * *

Джакомо Пуччини оптимист уыд. Иухатт йæ къах асаст æмæ рынчындонмæ бахауди. Дыууæ боны фæстæ йæм йе ‘мбæлттæ рынчынфæрсæг æрбацыдысты. Пуччини сын афтæ:

– Æз иттæг амондджын дæн! Цырт амайын мын райдыдтой!

– Цытæ дзурыс?

– Зæххардыстæн, хъазгæ нæ кæнын, – дзуапп радта композитор æмæ йæ гипсы æвæрд къахмæ ацамыдта.

Цъары фæрстыл:

2. *Куыройгæс.*
3. *Фыййау-лæппу.*
4. *Горæтаг мадоннæ.*

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алания.

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00064 от 30 марта 2012 г.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ цæуы, уыдон редакци рецензи нæ кæны, стæй сæ авторгæн фæстæмæ нæ дæтты.

Учредитель: Министерство культуры и массовых коммуникаций РСО-Алания.

Подписано к печати 03.07.12. Формат издания 60х84 1/16. Бум. офсет. № 1. Гарнитура шрифта Myzl. Печать офсетная. Усл. п. л. 8,37. Учетно-изд. л. 7,27. Тираж 1000 экз. Заказ № 221. Цена свободная.

Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста 11.
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http: // www.mahdug@mail.ru.
Тел.: гл. редактор – 25-09-64;
отдел поэзии, корректор – 25-09-74; бухгалтерия, компют. – 25-22-47.

Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.

Индекс 73247